ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ
БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТИРЛИГИ
БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК
УНИВЕРСИТЕТИ

Қарақалпақ филологиясы факультети Журналистика қәнигелигиниң
питкериўшиси Қаллибекова Гулнара Палбековнаның

# ПИТКЕРИЎ ҚӘНИГЕЛИК ЖУМЫСЫ

Тема: Жәмийетлик пикирдиң қәлиплесиўинде журналистиканың орны

Илимий басшысы
филология илимлериниң
кандидаты, доцент Қожықбаева З.А.

Нөкис – 2013

Жақлаўға рухсат берилди

Қарақалпақ филологиясы
факультетиниң деканы
филология илимлериниң кандидаты,
доцент — Қ.К.Турдыбаев

Журналистика кафедрасының
баслығы, тарийх илимлериниң
кандидаты, доцент — Д.Ө.Бекбаўлиев

Илимий басшы филология илимлериниң
кандидаты, доцент — З.А.Қожықбаева

Тема: Жәмийетлик пикирдиң қәлиплесиўинде журналистиканың орны

Мәмлекетлик аттестация комиссиясының қарары:

Питкериўши Гулнара Қаллибекова Палбековнаның питкериў қәнигелик жумысына ___________________ баҳасы қойылсын. _____ ______________ 2013-жыл

МАК баслығы: ______________________________

МАК ағзалары: ______________________________

______________________________

______________________________

______________________________

______________________________

**МАЗМУНЫ:**

**КИРИСИЎ…………………………………………………………………...4**

**I БАП. ЖӘМИЙЕТЛИК ПИКИР ҲӘМ БАСПА СӨЗ…………………1-29**

**1.1 Газета халық минбери…………………………………………………**

**1.2. Миллий дәстүрлер ҳаққында жәмийетшилик пикири……………..**

**II БАП. ЖӘМИЙЕТЛИК ПИКИРДИң ҚӘЛИПЛЕСИЎИНДЕ ЖАСЛАР ГАЗЕТАСЫНЫҢ ОРНЫ…………………………………………………1-32**

**2.1. Глобалласыў дәўиринде жаслардың орны……………………………**

**2.2. Жаслар жәмийетшиликке пикир таслайды………………………….**

**III БАП. МИЛЛИЙЛИККЕ ТӘРБИЯЛАЎДА «УСТАЗ ЖОЛЫ» ГАЗЕТАСЫНЫң РОЛИ………………………………………………1-22**

**3.1. Миллий қәдириятар ҳәм баспасөз……………………………………**

**3.2 Жәмийетшилик пикирлерди шөлкемлестириўде газета рубрикалардың хызмети…………………………………………………..**

**ЖУЎМАҚ…………………………………………………………1- 4**

**ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР……………………………………**

## Кирисиў
## Питкериў қәнигелик жумысының актуаллығы

Ғалаба хабар қураллары аудиторияға қалыс хызметлери менен әҳмийетли. Сондай-ақ, олардағы хызметкерлер изленислери, мийнетлери арқасында жәмийетшиликке ой салып, пикирлер пайда етеди.

Ғалаба хабар қураллары есапланған газета, радио, телевидение, интернет тармағы информация жеткериў дереги есапланады. Ҳәзирги күнге келип аудиторияның дыққатын өзине қаратып атырған бул қураллардың өз алдына тарийхы бар. Соның ишинде газета ҳәм бул терминниң пайда болғанына дыққат қаратамыз. Газета 1538-жылы Венецияда исленген гүмис теңгениң «газетта» (қара бақыр, шақа) деп аталғаны, ал Өзбекистанда XIX әсирдиң 70-жылларынан баслап Туркистан генерал-губернаторы «Туркистанские ведомости» (1870-1917) ҳәм «Туркистон вилоятининг газетасин» шығара баслаған. Ал енди «Қарақалпақстанда миллий газетаның рәсмий шығыўы 1924-жылдан басланады. Бул фактлерди журналистика тарийхын оқыў арқалы билемиз.

Сондай-ақ, ҳәзирде Қарақалпақстан баспасөзи тек сан жағынан емес, ал сапасы жағынан да әдеўир өзгеше түс алғаны ҳәммемизге мәлим. Онда тийкарынан баспасөз жәмийетшиликке қалыс хызмети менен пикир пайда ете алыў баслы ўазыйпаларының биринен саналады. Жәмийетлик пикирлерди қәлиплестириўде журналист олардың талап ҳәм усынысларын үйренген ҳалда басылымларға ямаса газетаға мазмунлы темада материал таярлай алыў лазым. Олардың талап ҳәм усынысларын үйренбей турып, таярланған қандай да бир материал ҳеш ким ушын қызығы болмай қалыўы мүмкин. Сонлықтан журналист ҳәр бир таярлаған материаллары арқалы жәмийетшиликти қызықтырып, олардың дыққат орайында бола алыўы лазым. Онда журналисттен саўатлылықты, шеберлиликти, оперативлиликти талап етеди. Соның нәтийжесинде жәмийетлик пикирлер қәлиплестирип

барылса, онда редакция жәмәәтиниң ҳәм журналисттиң жетсикенлиги саналады.

Бизиң питкериў қәнигелик жумысымыздың мақсети жәмийетлик пикирдиң қәлиплесиўинде журналистиканың орнын үйрениўден ибарат. Бул теманың өзинде журналистлер менен бирге сыртқы авторлардың мақалаларының мазмуны жәмийетке ой сала алатуғынын газетаны үйрениў барысында билемиз. Себеби мақалалар мазмунында жәмийетшиликтиң көзқараслары, мүнәсибетлери, үнамлы ҳәм сын пикирлерин үйрендик. Сондай-ақ, жәмийетшиликтиң газета менен тығыз байланыста екенлигин көремиз ҳәм әтирапымызда жүз берип атырған қудылысларға олар бийпарық болып, көз жумып өтип кетпейди.

«Бәршемизге аян болыўы керек, қай жерде бийғамлық ҳәм бийпәрўалық ҳүким сүрсе, ең актуал мәселелер өзи боладылыққа таслап қойылса, сол жерде мәнаўият ең соқыр ҳәм әззи тошкаға айланады ҳәм керисинше- қай жерде сергеклик ҳәм жанкүйерлик, жоқары ақыл-ой ҳәм ой-пикир ҳүкимдар болса, сол жерде мәнаўият қүдиретли күшке айланады»,-деген еди Президентимиз. Демек, биз бийпәрўалықтың үстинен жеңип шығыўда, ҳәр дайым сергек болыўымыз дәркар. Соның нәтийжесинде жәмийетшиликке тек ғана ағла пазыйлетлерди үйретип, мәнаўиятын раўажландырып барыўға да ерисемиз.

**Проблеманың изертлениў дәрежеси**

Қайсы тараўға бағдар алған журналист болсада, ол изетлеўлер, үйрениўлер нәтийжесинен келип шығып мақаланы, информацияны, репортаж ҳәм сүўретлемелерди жәмийетшиликке усынады. Онда тек ғана унамлы қубылыслар жүз береди деп айтыў қыйын. Сонлықтан журналисттиң обьектке барып, танысып, ҳәр қандай шәраятқа таяр болыўы лазым. Журналист шаққанлығы, шеберлиги нәтийжесинде ғана ол орыннан толық мағлыўмат топлай алады. Әлбетте биринши орында журналисттен билимди талап етеди. Солай екен,  қандай тараў болмасын оннан хабардар болыўы керек.

Сондай-ақ, «Бүгинги күнде сиясат ҳаққында сиясатшы, экономика ҳаққында экономист болып пикир жүритиўди, мәнаўият ҳәм мәрифат ҳаққында мәрифатшы, турмыслық-философиялық машқалалар ҳаққында философ болып гүреске түсип- мине сондай жоқары қәбилет ҳәм шеберликке ийе болыўды турмыстың өзи журналистлеримиз алдына ең тийкарғы ўазыйпа етип қоймақта»[1]-деп айтқан еди Президентимиз.

Демек, жәмийетлик пикирди үйрениў арқалы турмысымыздағы жетискенликлер менен машқалалардан да хабардар болып барамыз. Жетискенлигимизди үлги етип алып қарасақ, ал жүз берип атырған машқалаларға жәмийетшилик пенен бирлескен ҳалда шешим табыў керек. Сонда ғана бизиң баслаған жақсы нийетимизде нәтийжеге ерисип, тийисли жуўмақларды ортаға қоямыз.

**Питкериў қәнигелик жумысының мақсети ҳәм ўазыйпасы**

Жәмийетлик пикирди қәлиплестириўде журналистиканың орны әҳмийетли. Кең жәмийетшилигимизде ҳәр қандай жаңалық болса, сондай-ақ, бизиң минталитетимизге жат болған нәрселердиң кирип келиўинде пикирлер пайда болады. Аудиториясы көпшиликке қаратылған басылымлар пикирлерди тереңнен қәлиплестирип, аудиторияға олардың мәнис-мазмунын анық, ықшам етип түсиндириў тийкарғы мақсетлериниң бири есапланады. Биз үйренген темамызда ўазыйпа етип төмендегилерди алып қарадық:

- миллий дәстүрлер ҳаққында жәмийетшиликтиң пикири
- этирамыздағы жүз берген қубылысларға мүнәсибетлер
- жаслар ҳаққында пикирлер
- басылымларда шөлкемлестирилген рубрикалардың орны
- баспасөзде миллий қәдириятлардың сәўлелениўи

Питкериў қәнигелик жумысымыздың мақсети журналистиканың жәмийетлик пикирлерди тереннен қәлиплестириўдеги изленислери ҳәм нәтийжелерин үйрениўден ибарат.

[1] И.А.Каримов. «Энг асосий мезон ҳаёт ҳақиқатини акс эттириш» Тошкен «Ўзбекистон» 2009. 23-б

## Жумыстың методикалық ҳәм теориялық базасы

Таңланған теманы үйрениўде Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың мийнетлери[1] жақыннан жәрдем болды. Сондай-ақ публицистика тараўында илимий изертлеў жумысларын жүргизиўде журналистика теориясы бойынша илимпазлардың мийнетлерине сүйендик.[2] Биз олардың илимий жуўмақларын, пикир ҳәм усынысларын есапқа алдық. Олардың мийнетлери арқалы биз жәмийетлик пикирлерди қәлиплестирип барыўда тийкарғы бағдар бола алатуғын изленислери менен де танысып бардық.

## Питкериў қәнигелик жумысының объекти ҳәм предмети

Бизиң питкериў қәнигелик жумысымыздың объекти етип баспасөздеги жәмийетлик пикирлер болып есапланады. Ал предмети етип «Еркин Қарақалпақстан», «Қарақалпақстан жаслары», «Устаз жолы» газетасын таңлап алдық ҳәм оларда жәмийетлик пикирлердиң қай дәрежеде сәўлеленип атырғанын үйренемиз. Баспасөзде жәмийетшиликте пикирлер пайда болыўына тәсир етиўши қубылысларды уйренип ҳәм изертлеўди мақсет еткенбиз.

## Жумыстың илимий ҳәм әмелий әҳмийети

Бул питкериў қәнигелик жумысымызда қарақалпақ баспасөзинде жәмийетлик пикирлерди қәлиплестириўде сәўлеленип атырған мақалалардың әҳмийети жоқары. Журналистлер жәмийетшиликке қозғаў салып атырған машқалалар артында жәмийетшиликтиң мәпи гөзленген. Сонлықтан, газета оқыўшылары да булл мәселелерге бийпарық емес.

Жумысымыздың илимийлик әҳмийети сонда, журналистика, соның ишинде баспасөз жәмийетлик пикирлер минбери бола алатуғынын

---

[1] Каримов И.А. «Энг асосий мезон ҳаёт ҳақиқатини акс эттириш» Тошкен «Ўзбекистон» 2009. Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тере□лестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў консепсиясы «Еркин Қарақалпақстан» 2010-ж, 16-ноябр. Юксак маънавият енгилмас куч. Т., Маънавият. 2008. Өзбекистан XXI әсир босағасында: Қәўипсизликке қәўиплер, турақлылық шәртлери ҳәм раўажланыў кепилликлери Н. «Қарақалпақстан» 1998.

[2] Назира Абдуазизова Миллий журналистик тарихи I ҳәм II бөлим. «Шарқ» Нашриёт-матбаа акциядорлик компанияси бош тахририяти Т-2008. Репортёрлик фаолиятининг назарияси ва амалиёти (ўқув қулланма ). Ворошилов В.В. Журналистика. СПБ. 1999. Эрназаров К, Маматова Я, Нестеренко В.М. Труд журналиста: профессионализм, творчества. Т., 2001. Муминов Ф. Журналистика-ижтимоий институт сифатида. Т., 1998.

үйренемиз. Басылымлардағы мақалалардың мазмунын ҳәм тематикасында сәўленленип атырған қубылысларда, ҳәдийселерде ҳәм ўақыяларда журналистлердиң хызметлери бар. Олардың хызметлери нәтийжесинде жәмийетшилик билим алады, тәрбияланады ҳәм жуўмақлар шығарады.

**Жумыстың нәтийжелеринен**:

- қарақалпақ баспасөзинде жәмийетлик пикирлердиң мазмуны қайсы бағдарға арналғаны ҳаққында мағлыўматқа ийе болады;

- Жәмийетшилик пенен байланыс (PR) пәнинен әмелий сабақ ҳәм өзбетинше жумыслар ислеўде пайдаланыў мүмкин;

- Жоқары оқыў орында журналистика қәнигелигинде тәлим алып атырған студентлер ушын жаңа сабақлық ҳәм қолланбалар таярлаўда;

- Жоқары оқыў орынларында питкериў қәнигелик жумысларын жазыўда методикалық қолланба етип пайдаланыў мүмкин.

**Питкериў қәнигелик жумысының структурасы**

Питкериў қәнигелик жумысы актуаль темалардың бирине қурылған болып, мақсети ҳәм ўазыйпалары оның қурылысын пайда етеди. Ол кирисиў бөлимнен, үш баптан ҳәм алты бөлимнен, жуўмақлаўдан ҳәм пайдаланған әдебиятлар дизиминен турады.

Кирисиў бөлиминде теманың актуаллығы, илимий жаңалығы, әмелий әҳмийети, теориялық базасы, проблеманың изертлениў дәрежеси, белгиленген объект, предмет ҳәм ўазыйпаларға тоқтап өтилди. Жумыстың I бабы «Жәмийетлик пикир ҳәм баспасөз» деп аталып, ол еки бөлимнен турады. II бап «Жәмийетлик пикирдиң қәлиплесиўинде жаслар газетасының орны» деп аталады, еки бөлимнен ибарат. III бап «Миллийликке тәрбиялаўда «Устаз жолы» газетасының роли» деп аталады, еки бөлимнен турады. Бул баплардағы бөлимлерде таңлаған темамыз кеңнен үйрениледи, анализ жүргизиледи ҳәм жуўмақлар жасалады. Жуўмақлаў бөлиминде изертлеў нәтийжелери, жәмийетлик пикирлер сәўленленип атырған басылымлардағы темалар, олардың өзине тәнлиги, қубылысларғаы мүнәсибетлер, жуўмақлар ҳәм усыныслар берилген.

# I Бап. ЖӘМИЙЕТЛИК ПИКИР ҲӘМ БАСПА СӨЗ

## 1.1 Газета халық минбери

Ғәрезсиз мәмлекетимизде ҳәр бир тараўдың алып барып атырған жумысларында алға илгерилеўлерди көремиз. Онда биз дәслеп мәмлекетимиз жаратып берип атырған имканиятларды айтыўымыз орынлы әлбетте. Сондай-ақ, бул жаратылып атырған имканиятлардан өнимли пайдаланған ҳалда елимизди дүнья жүзине танытыўда ҳәр қандай кәсип ийелери менен бир қатарда ғалаба хабар қураллары ҳәм олардағы хызметкерлериниң нәтийжели жумыслары ҳәммемизди алға талпындырады. Ғалаба хабар қураллары хызметкерлериниң изленислери, елимиздиң әсирлерден бери жетип келген миллий қәдириятларын, үрп-әдет дәстүрлериниң, тарийхый естеликлериниң мазмунын байытыўда, умтылып баратырған дәстүрдеримизди жәмийетшиликке жеткериўде ислеп атырған хизметлериниң шексизлигин атап өтиў орынлы. Себеби аудитория ғалаба хабар қуралларынан ҳәр дайым тийкарғы мағлыўматларды алып отырады. Олардың ҳәр бир информациясы анық ҳәм туўрылығына жәмийетшилик улкен исеним менен қарайды. Тийкарғы нызам Конситуцияның *XV бабы, 67-статясы Ғалаба хабар қуралларына арналған. Онда: «Ғалаба хабар қураллары еркин ҳәм нызамға муўапық ислейди. Олар хабардың туўрылығы ушын жуўапкер. Цензураға жол қойылмайды»*[1] деп белгиленген. Сонлықтан ғалаба хабар қураллары ҳәр қандай жүз берген ҳәдийсе менен танысып соң еркин түрде кең жәмийетшиликке ҳәр тәреплеме анық, дәл жеткере алыў лазым. Сондай-ақ ҳәзирги күнде ғалаба хабар қураллары соның ишинде газеталар да аудитория талғамына сай материалларды жәриялап келмекте.

[1] Ўзбекистон Республикасининг конституцияси. Тошкент «Ўзбекистон» нашриёт матбаа ижодий уйи 2008. 13-б

Биз енди жәмийетшиликке хызмет етип атырған ***«Газета, журналистика ҳәм журналист атамаларының келип шығыў тарийхына қысқаша нәзер таслайтуғын болсақ,*** *онда дәслеп, 1538-жылы Венецияда исленген гүмис теңгениң* ***«газетта»*** *(қара бақыр, шақа) деп аталғанын еслеп өтемиз. Сол жыллары бул елде жаңалықлар жазылған бир бетлик жарлықтың (листовканың) баҳасы 1****«газетта» ға*** *тең болған. Соңғылығында баспадан шыққан өним газета деп аталып кеткен. Солай етип,* ***газета Бельгияда 1609 жылы, Англияда 1622, Францияда 1611 жылдан шыға баслады»[2]..*** Демек биз оқыйтуғын газета деген атама Венецияда пайда болған. Кейин ала да бул атама усылайынша аталып, бизиң дәўиримизге де жетип келген. Ал «*Өзбекстанда XIX әсирдиң 70-жылларынан баслап Туркистан генерал-губернаторы «Туркистанские ведомости» (1870-1917), «Туркистон вилоятининг газетасин» шығара баслаған. Бул еки газетадан тысқары 1917-жылға дейин түрли ўақытларда, русша, өзбекше, қырғыз ҳәм тәжик тиллеринде түрли басылымлар шығып турған. Сондай-ақ сол дәўир аралығында Ташкент, Самарқанд, Ашхабад, Қоқан, Андижан, Ферғана, Бухарада 100 ден артық газеталар шығарылған»*[3]. Бул Өзбекстандағы дәслепки басылымлардан саналады. Ал енди «*Қарақалпақстанда миллий газетаның рәсмий шығыўы 1924-жылдан басланады. 1924-жылы Қарақалпақстан Автономиялы областы (ҚҚАО) дүзилгеннен кейин сол жылы 23-ноябрьде «ҚҚАО ның газетасын шығарыў ҳаққында» мәселе қаралады. Онда көрсетилиўинше 1924-жылдың 1-декабрине шекем «Батрақлар ҳақыйқаты» газетасы шығыўы керек еди. Соң, 18-декабрьде газетаның атамасы «Еркин Қарақалпақ» болып мақулланды»*[4]. Солай етип газета Өзбекстанда XIX әсирдиң 70-жылларында, ал Қарақалпақстанда 1924-жылдан баслап шыға баслаған. Ал ҳәзирги дәўирге келип, бул газеталардың атамасынан тысқары мәнис-мазмуны, оның макети ҳәм дизайны да түптен өзгергени ҳәммемизге мәлим.

---

[2].Ученова В.В. У истоков публицистики. М. 1982. с-17.
[3]. Абдуазизова Н. Туркистон матбуоти тарихи. Т. 1998.67-б
[4]. Уснатдинов Ш. Журналистикаға кирисиў Н. «Қарақалпақстан» 2009. 19-бет.

Ал газетаның шығыўында, терең мазмундағы мақалаларды жазатуғын хызметлери айрықша болған журналист атамасының келип шығыў төмендегише келтиреди. *«Журналист атамасының пайда болыўы **Парижде 1665-жылы басылып шыққан** ҳәм биринши болып дизимнен өткен **«Журнал де Севан»** («Алымлар журналы») менен байланыслы десек болады. **«Журнал»** сөзи күнделик, ҳәптелик дегенди аңлатып, оны шығарыўшылар журналистлер деп аталып кеткен»* . Дәслебинде газеталар тек жаңалық тарқатыўшы қурал болғанын журналистика тарыйхын оқыў арқалы билемиз, ал ҳәзирде газеталар бетлеринде жаңалық, алдында күтилип турған ўақыялар, фото сүўретлемелерге көзимиз түсип, онда жазылған нәрсеге қызықсынып избе-изликте оқыўшы оқый баслайды.

«*Солай етип, журналистика жәмийетти басқарыў, қадағалаў ҳәм өзин-өзи жетилистирип барыўда қатнасып, жәмийеттеги күшлерди муўапықластырыўшы және басқарыўшы ўазыйпасын да атқарады»*[5]. Демек, кең жәмийетшиликти басқарыўда журналистика ҳәр тәреплеме изленисте болып, халықтың алдында олардың ҳәр бир сораўларына журналистлик шеберлиги, саўатлылығы менен түсиндире алыўы дәркар.

«Журналистика- жәмийетлик пикирлер минбери**.** Ғалаба хабар қураллары ҳәр қандай мәмлекетлик дүзимде де оның сиясый процесинде үлкен әҳмийетке ийе. «Баспа сөз- миллет пикир жүритиўдиң гилти», деген анықлама бар.

Солай етип, елимиз пуқаралары өзлериниң жаңа идеяларын пикирлерин, өтиниш - тилеклерин жәмийетлик- сиясий, еркин, ҳәм ҳүкиметлик ғалаба хабар қураллары арқалы билдириў мүмкиншилигине ийе болады. Бул жерде шөлкемлестириўшилери мәмлекет, сиясый партиялар, министрликлер менен ведомстволар болған ҳәм тараўлық, кәсиплик, массалық баспа сөз, радио, телевидение халықтың жәмийетлик минберине айланады. Ол, бул мақсетлерин редакциялар, журналистлер арқалы иске асырады. Журналистика- ҳақыйқый жәмийетлик пикирлер минбери

[5] Усы китапта 52-бет.

болады»[6]. Әлбетте, ғалаба хабар кураллары арқалы тек информацияларды оқып, жаңалықларды еситип қоймастан, ал кең жәмийетшиликтиң пикир усынысларынан сондай-ақ дөретиўшилиги менен танысып барыўда да тийкарғы минбер болады.

«Енди, журналистиканың және бир әҳмийетли функцияларының бири- жәмийетлик тәрбия қуралы болып хызмет ететуғынына қысқаша тоқтайық.

Журналистика ўақыялар, процесслер ҳәм жаңалықлар ҳаққындағы информацияларды тарқатыў және миллий қәдириятлар, үрп-әдетлер менен улыўма халықлық мәдениятқа тийисли материаллары менен адамлардың санасына тәсир етеди. Оқыўшы журналисттиң ҳәр бир шығыўларынан өзине керекли сабақ, ямаса мағлыўмат алады.

Сиясий яки жәмийетлик көз карaслардың қәлиплесиўи, ҳәр қандай ўақыяға ямаса экономикалық анализлерге дурыс, әдеп-икрамлылық нормаларына сай баҳа бериўи, мәденият, билимлендириўге, адамлардың жәмийетлик активлигин арттырыўға тәсир ететуғын ҳәр бир журналистлик шығарма журналистиканың тәрбиялық курал екенлигиниң дәлийли болып есапланады[7].

Сол көз қарастан халқымыз хизметиндеги бул кәсип ийелериниң жәмийетте пикир оята алатуғын мақалаларын оқып, керек орында нәтийжели пайдаланып келмектемиз. Ол оқыўшыға информация, дүнья жаңалықларынан хабардар етип, сондай-ақ, руўхый азық бере алыўы менен тийкарғы тәрбия куралы сыпатында да атап өтиўге болады.

Газета бул халық информация алыўшы тийкарғы дереклердиң бири болыўы менен бирге олардың тийкарғы исениўши күши де есапланады.Бул ҳаққында Д.Бекбаулиев былай деп пикир билдиреди: «*Газетаны адамлар пайда болған ўақыттан тап усы бүгинги күнге шекем түрли мақсетлерде пайдаланып келмекте.Мәселен, газета белгили бир шөлкемниң мәпин гөзлеўши сиясый қурал сыпатында, мәдениятты, спорттың үгит-*

---

[6] Усы китапта 56-57-бетлер.
[7] Усы китапта 57-бет.

*нәсиятлаўшысы сыпатында, көпшилик мәмлекетлерде бизнести, исбилерменликти экономиканы раўажландырыўды жолға қойыўға жәрдемлесиўши, ҳәрекетке келтириўши жәрдемши механизм ҳәм тағы басқа жақсы нийетлер жолында пайдаланып келинди»[8].* Сондай-ақ басылымлар арқалы да елимиздиң ҳәр қандай тараўында алып барылып атырған сиясаттың үгит-нәсиятлаўшысы болып, жәмийетимизге жаңалықларды анық фактлер менен жеткереди ҳәм руўхый дүньясын байытады. Аудиторияның тийкарғы талапларының бири таза информациялар алыў ҳәм арнаўлы түрде дем алыс бетлеринде берилетуғын мазмунлы мақалалар менен танысыў. Онда журналисттиң жазғаны емес, ал сыртқы авторлардың да хатларын орнына жайластырыўдай шеберликти дурыс пайдалана алыўы дәркар. Сондай-ақ, бүгинги күнниң журналисти оператив ҳәрекет етиўи лазым, ҳәттеки аудиторияның талапларын тереңнен үйренген ҳалда олардың талғамына сай тәризде, тартымлы болған материалларды топлап кең жәмийетшиликке усынылса, ол әлбетте нәтийжесиз қалмайды.

«*Ҳәзирги күнде ғәрезсиз мәмлекетимизде хызмет етип атырған басылымлар ҳәм дөретиўшилердиң еркин, кең тармақлы, әшкара ис жүргизиў ушын барлық шәрт-шәраятлар жаратылған. Соңғы жылларда мәмлекетимизде* ***журналистикаға*** *тән бир қатар нызамлар қабыл етилди. Сондай-ақ, басып шығарыў жумысларын модернизациялаў ҳәм демократияластырыў процессинде жеке басылымлар ҳәмде баспаханалар шөлкемлестириўге имканиятлар берилди, баспасөз материалларын цензурадан өткериў усылы алып тасланды.*

Президентимиз Ислам Каримов айтып өткениндей, *«Жоқары нәтийжелерге ерисиў ушын кейинги жылларда мәмлекетимизде нызамшылық тараўында ҳәм әмелий турмысымызда ғалаба хабар қураллары ҳәм басылымлардың еркин хызмети ушын зәрүр исеним ҳәм шәраятлар пайда етиў, журналист кадрларды таярлаў дизимин жолға қойыўда көп ислер қылынды ҳәм қылынбақта»,* деп айтып өтеди.

---

[8] Bekbauliev D. Gazeta qalay shig'adi? N. «Билим» 2011.3-бет

Мәмлекетимизде биринши рет қабыл етилген «Ноширлик фаолияти туғрисида» ғы Нызам ең тийкарғы тараўлар- баспасөз ҳәм басылымлар ушын тийкарғы қол орамал болып хызмет етеди.Усы нызам тек ғана мәмлекетимиз қурамындағы баспасөз ҳәм баспа кәрханаларына, бәлким бул тараўда хызмет көрсетиўге шешим қабыл еткен физикалық шахсларғада тийисли болып, оларға кең жол ашып береди»[9]. Әлбетте, елимиздиң ҳәр бир тараўын раўажландырыўда жәҳән стандартларына жуўап беретуғын әсбап-үскенелер менен тәмийнленген. Соның ишинде ҳәр тараўдың шешиўши күши болған кадрлардың жетик, билимли болыўында бир қатар алға илгериўлердиң жүз бергени бәршемизге мәлим.

Президентимиз тәрепинен алға сүрилген «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пухаралық жәмийетти раўажландырыў» атамасындағы концепсиясының бир бөлими ғалаба хабар қуралларына арналып «*Мәлимлеме тараўын реформалаў, мәлимлеме алыў ҳәм сөз еркинлигин тәмийнлеў» деп аталады.*

*Онда:* «Журтымызда, ең дәслеп ғалаба хабар қуралларының раўажланыўын тәмийнлейтуғын, демократиялық талап ҳәм стандартларға толық жуўап беретуғын беккем нызамшылық базасы жаратылды. Бул дәўирде ғалаба хабар қуралларын еркин ҳәм жедел раўажландырыўға, мәлимлеме тараўының нәтийжели хызмет көрсетиўин тәмийлеўге қаратылған 10 ға жақын нызам ҳүжжетлери қабыл етилди.

«Мәлимлеме алыў еркинлиги принциплери ҳәм кепилликлери ҳаққында» ғы Нызамның қабыл етилиўи ҳәркимниң мәлимлемени еркин ҳәм тосқынлықларсыз алыў ҳәм де пайдаланыў ҳуқықларын әмелге асырыўда, сондай-ақ, мәлимлемениң қорғалыўы, шахс, жәмийет ҳәм мәмлекеттиң мәлимлеме тараўындағы қәўипсизлигин тәмийнлеўде айрықша әҳмийетке ийе болды.

---

[9] Назира Абдуазизова Миллий журналистик тарихи II. «Шарқ» Нашриёт-матбаа акциядорлик компанияси бош тахририяти Т-2008.23-24-б.

Соңғы жылларда жаңа редакциядағы «Ғалаба хабар қураллары ҳаққында» ғы Нызамға, сондай-ақ, «Телекоммуникациялар ҳаққында», «Реклама ҳаққында», «Авторлық ҳуқықы ҳәм түрлес ҳуқықлар ҳаққында» ғы ҳәм басқа да бирқатар нызамшылық ҳүжжетлерине тийисли өзгерис ҳәм қосымшалар киргизилди. Бул болса жаңа сиясый шәраятларда ғалаба хабар қураллары саласындағы демократиялық реформаларды және де тереңлестириўди тәмийнлейди»[10],-деп атап көрсетилген. Концепцияның бул бәнтинде бир қатар нызамларға өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизилген нызамларға тоқтап өтилген. Журналистлер информациялар алыўда өзиниң ҳуқықларына сүйенеди. Сондай-ақ, ҒХҚ хызметкерлери мәлимлемени таратыўда оның дурыслығына жуўапкер саналады.

Ҳәр қандай публицистикалық материал жәмийетлик пикир оятыўды мақсет етеди. Сондай-ақ, республикамыз көлеминдеги газеталар «Еркин Қарақалпақстан», «Вести Каракалпакстан», «Қарақалпақстан жаслары», «Қорақалпоқстан тонги» ҳәм «Жеткиншек» газеталары есапланады. Бул басылымлар өзиниң аудиториясына көркем-публицистикалық, аналитикалық, информациялық жанрларда бир қатар мақалаларын усынып келмекте. Бул келтирип өткен жанрдағы мақалалар мазмунында оқыўшылар- медицина ҳәм спорт тараўы, мәдeният, экономика, аўыл хожалығына, арналған темаларда мақалалар, информациялар менен шет ел жаңалықларынан хабардар етеди. Социаллық турмысымызда жүз берип атырған ўақыяларда журналистлеримиз тәрепинен өткерилген тексерилеўлерди, ал, сыртқы авторлардың ўақыяға қурылған мақалалары ҳәм сын пикирлерин де ушыратамыз.Газеталарда орын алған жәмийетлик пикирлерди биз төмендегише бөлип үйрениўди мақул көрдик:

1.Дәстүрлердиң орынланыў барысына жәмийетшиликтиң пикири

2.Бүгинги күнниң исмлерине жәмийетшиликтиң мүнәсибети

3.Басылымларда тәрбиялық мәселелерди сәўлелендирген материаллар

4.Интернеттиң жаслар тәрбиясында тутқан орны

---

[10] «Еркин Қарақалпақстан» газетасы 2010-ж, 16-ноябрь.

## 1.2. Миллий дәстүрлер ҳаққында жәмийетшилик пикири

Жәмийетшиликтиң пикирлерин жәмлеп, нәтийжеликке ерисиўде басылымлардың орны айрықша. Ҳәзирги күнде газеталар бетлеринде жоқарыда айтып өткен бөлимлерде жазылған материалларды оқып, бөлимлеримизде анализ жасадық. Биз ҳәр биримиз миллий дәстүрлеримизди ертеңги келешегимиз болған жас әўладларымызға сап ҳалында жеткерип бериўдиң тәрепдары болыўымыз керек. Сонлықтан баспасөзде миллий дәстүрлер ҳаққында арнаўлы рубрикалар шөлкемлестирилип атырғаны да жәмийетшилик арасындағы ҳәр қыйлы пикирлерди бирлестириўге шақырады. Олардан: «Қәнигениң пикири», «Тойлар ҳаққында ойлар», «Қулақ-қағыс», «Оқыўшы ой салады», «Жеке пикир», «Сиз буған не дейсиз?», «Телевидение ҳәм тамашагөй», «Турмыс толғанысларынан туўылган пикирлер», «Жәнеде дәстүрлер ҳаққында» рубрикаларындағы сәўлеленген мақалалар жәмийетшилик пикирлерин оқып өзлерине тийисли жуўмақлар шығарады. Биз жасап турған орталық бул жәмийет болса, ал жәмийеттиң тийкарғы буўынын  шаңарақ қурайды. Президентимиз атап көрсеткениндей: *«Шанарақ саламат болса- жәмийет беккем болады, жәмийет беккем болса- мәмлекет қүдиретли болады»*[1].Сол көзқарастан шаңарақтың беккемлигинде, саламат турмысты қәлиплестириў жәмийетимиздиң шешиўши тийкарларының бири екенлигин ядта сақлаў лазым. Ата-ана перзентлериниң  тәрбиясына, олардың келешегине итибар менен қараў керек. Жәмийетимиздеги шаңарақларда бир-биреўге итибары жоқары болып, инсаныйлық пазыйлетлерди сиңдирип барылса, шаңарақлардың еле де беккемлиги артып, елимиз құдиретли болады. Демек, биз баспасөз материалларында жәмийеттиң ҳәр бир қатлам ўәкиллерине терең тәсир қалдыра алатуғын мақалаларды еледе көбирек жазыўымыз керек. Ал, ҳәзирги күнде басылымлардан орын алған жәмийетшилик пикирлерин үйренип шығыў барысында оларды төмендегише бөлемиз:

[1] Ислам Каримов Жоқары мәнаўият- жеңилмес күш. Ташкент «Манавият»2008.57-б.

1. Миллий дәстурлер ҳаққындағы пикирлер
2. Нәрестелерге исмлер таңлаўдағы пикирлер
3. Инсаныйлық пазыйлетлер ҳаққындағы пикирлер

-деп бөлип қарап, бул мазмундағы мақалалар арқалы әтираптағы болып атырған қубылысларға жәмийетшиликтиң бийпарўа емеслигин де билиўге болады. Енди халқымыздың әўладтан-әўладқа мийрас болып өтип киятырған миллий дәстүрлеримиз ҳәм олардың орынланыў барысы ҳаққында авторларымыздың пикирлери менен танысамыз.

**§1.Миллий дәстурлер ҳаққында пикирлер:** Биз жасап атырған аймақ мәҳәлле деп аталса, оны инсанлар қурайды. Сонлықтан инсанлар арасында түрли пикирлер, көзқараслардың болыўы тәбийий. Усындай пикирлерди, көзқарасларды басылымлардағы мысалларда келтиремиз. **«Тойлар ҳаққында ойлар»** рубрикасында шаңарағымыздың ең қуўанышлы күнлеринен бири ҳәм ата-ананың ең тийкирғы нийетлери перзентиниң тойы, ондағы дәстурлер ҳаққында айтып өтилген. Бул рубрика арқалы берилген **«Және бир ойланып көрсек»** атамасындағы мақаласын талықлап көрейик: Мақала былай басланады: ««Жыйған-тергениңиз тойға буйырсын», «Перзентлериңиздиң тойын көргейсиз» деген жақсы тилеклер ҳәмийше жанымызға арқаў болып келген. Деген менен, сол тойдың өтиўи ушын қаншама адамлардың жуўырып- жортыўы керек болады. Бүгинги күни тойлардың еле де ықшамлы өткерилиўи ушын түсиндириў жумыслары алып барылып атырса да еледе ысырапкершиликке жол қойылмақта»[2]-дейди. Мақала басламасында инсанлар арасында бир-биреўге айтылатуғын жақсы тилеклерди келтирген. Инсанлар жақсы сөзлер арқалы да жанындағы инсанлардың кеўлин толтырады. Сондай-ақ жақсы сөзлеримиздей, орынлайтуғын ўазыйпаларымызды да жақсы атқарғанымызда мақсетке муўапық болар еди. Автор жәмийетшиликке тойлардан кейин пайда болатуғын машқалаларды усынады.Мақала даўамында: «Сол себепли көптен

---
[2] . А.Турекеева. «Еркин Қарақалпақстан» 2011-ж №42 5-апрель.

кеўлиме түйген пикирлеримди айтып өтпекши едим. Жақында ағайинниң тойында бир нәрсе мени қатты тәсирлендирди. Тойдан бир күн бурын қуда күтетуғын болды. Сол күни баўырсақ та писирилди. Азанда ерте ийленген қамырды күн аўғанша писирди. Күн суўық, қазанға от тийиўи қыйын, қамыр тоңып қалып атыр. Баўырсаққа ийленген ун да жүдә ақ емес екен. Қамыр болса ашып кеткен. Сонлықтын да, көримсиз баўырсақлар пайда болды. Оларды үйлерге бөлистирди.Ертеңине тойда баўырсақты аўзымызға салғанда ашып кеткен дәмди сездик, ақ майдың да ийиси бар. Өзимше ойлап көрдим, үш қалта баўырсақ, сонша ақ май кетирип, және «кепкир күйди» етип бир күн ўақытты жибериўге не қәжет?». Автор бүгинги тойлардың ықшам етип өткериў бойынша усынıслар билдиреди. Бунда баўырсақ писириў ҳәм «кепкир күйди» сыяқлы дәстүрлерди орынлаўда бир күн ўақытты алады. Жәнеде мақаласында  сол пайытта күн суўықлықтан ҳәм унның сапасызлығынан қамырдың түри өзгергенин айтады, ал оның түп мәнисинде ысырапкершиликке барып тақалады.  Жәнеде автор айтады: «Соңғы пайытлары кафелерде той өткерилип атыр. Азы-кем нан-баўырсақ пенен-ақ той тарқатыўға болатуғынының гүўасы болып жүрмиз. Кейинги пайытлары гилем апарыў үрдистен қалып атыр. Бирақ, шүберек-шаршы мәселеси еле «мода»дан түсе қоймады. Елимиздиң тынышлығында тойлар көп болсын. Бирақ, той бериўшилерге де ҳәмме жәрдемлесип, ықшамластырып өткериўге не жетсин?! -деп риторикалық сораў таслайды ҳәм усылар жөнинде бир ойланып көрсек мақсетке муўапық болар еди»-деп жазады.  Ата-ананың перзентин жақсы тилеклер тилеп, камалға келтирип, жәмийетке керекли инсан етип тәрбиялаў баслы ўазыйпаларының бири. Ол перзентине халықты жыйнап той бериўде қуўанышын бирге бөлиседи.Солай болса да,  өз шаңарағының экономикалық жағдайынан келип шығып миллий дәстүрлерди орынлағаны мақул болады. Ал екинши биреўге еликлеп, жарысып тойды өткерсе, оннан тек ғана сол шаңарақтың өзи жәбир көриўин ўақтында түсине алыўы лазым.

***«Жәнеде дәстүрлер ҳаққында»*** рубрикасында еки автордың мақаласы бир атамадағы мақаласын оқыймыз. ***«Той елдики бирак…»*** мақаласын: «Еркин Қарақалпақстан» газетасында тойларды ықшам ҳәммеге қолайлы, тәртипли өткериў бойынша бир қатар унамлы мақалалар жәриялағаны көпшиликке ой салары сөзсиз»[3]-деп баслайды. Әлбетте ҳәр бир мақала жәмийетшилик арасында ой салып, пикирлер пайда етиўди мақсет етеди. «Бизиң халқымыз әзелден той мерекесин елдиң жасы үлкенлери, кәтқудаларының мәслаҳәтсиз өткермеген. Себеби, тойға таярлық көриў, оны тәртипли өткериў мәкан пуқаралар жыйынларының белсендилери, нураний аталар, кейўаны аналар, көше бийлериниң ўазыйпасына киреди». Шаңарақта болатуғын ҳәр қандай мерекелерде авторымыз айтқанындай: сол жердеги жасы үлкенлер менен мәкан пуқаралар жыйынының мәсләҳатлери менен баслаймыз. Мақала даўамында: «Халқымыз жыллар даўамында жыйған-тергенин перзентлериниң жақсы күнине, тойларына жумсаўды нийет етип жасайды. Биз бул бағдарда Нөкис қаласындағы мәкан пуқаралар жыйынларының айырымларында исленип атырған жумысларға тоқталып өткенди мақул көрдик»,-деп автор өзи жасап турған аймақтағы дәстүрлердиң орынланыўы барысын редакцияға жоллаған.

« - Бизиң Нөкис қаласы 26-санлы «Көкөзек» мәкан пуқаралар жыйынында 875 шаңарақта 4295 халық жасайды. Мәканымыз турғынлары бири-бири менен тыныш-татыў жасаўы менен, қоңсы – қобалар арасындағы барыс-келис, карым-қатнас көпшиликке үлги боларлықтай. Тийкарынан той-мерекелерди көпшилик пенен кеңесип өткериў енгизилген. Мәсләҳәт пайытында көше бийлери, нураныйлар, той ийелерине қолдан келгенинше кеңесин береди». Әлбетте халқымыздың милий дәстүрлерин мазмунлы өткериўде, оларды ықшамластырып атқарыў лазым. «Негизинде той елдики, сонлықтан кеңесте шаңарақтың материаллық жақтан зыян көрмеўине айрықша итибар қаратылады. Тойды ысырапкершиликсиз өткериў көбинесе сол жерде жасаўшыларға байланыслы. Неге дегенде той берген шаңарақ

[3] .Қ. Өтамбетова, А.Сапарниязова.«Еркин Қарақалпақстан» 2012-ж №65, 31-май.

қарыз-қәўелесиз атқарса, көп тәшўиш машқаласынан қутылады. Қайтама, мақсетсиз жумсалған қаржыны еки жастың келешегине сарыпланған, әдеўир пайдасын тийгизерин уқтырўға ҳәрекет етеди. Бизиң тилегимиз де, нийетимиз де усы»-деп жазады. Биз бундай мазмунда жазылған тойларды атқарыўда ысырапкершилик пенен тазадан пайда болып кеткен дәстүрлердиң ҳәўиж алмай турып шеклеўлер қойыў ҳаққында жәмийетшилик пикирлерин басылымларда көплеп ушыратамыз. Ондағы баслы мақсет дәстүрлеримиздиң аяқ асты етилмеўи ҳәм шаңарақтағы жумсалатуғын қаржы мәселесиниң мақсетсиз нәрселерге жумсалыўының алдын алыў. Мақала жуўмағында: «Ата-бабаларымыздан мийрас болып келген миллий қәдириятларымыздан атлап өтиўге бизиң ҳақымыз жоқ»-дейди. Әлбетте қайтама биз миллий қәдириятларымызды сақлаў ушын қолымыздан келгенинше дерлик ҳәр биримиз ҳәрекет етиўимиз лазым.

Усы мазмунда жазылған екинши автордың мақаласы былайынша басланады: « “Тойдың болғанынан боладысы қызық” дегениндей, оған таярлық көриў мереке ийелерин машқалалар қурсаўына шырмап таслайтуғыны көпшилигимизге аян. Соның ушын тойдың тәшўишсиз, мәдениятлы ҳәм тәртипли өтиўи көбинесе мәкан пуқаралар жыйыны белсендилери, той-мерекелерди өткериўге жуўапкер комиссия ағзаларына байланыслы». Әлбетте халқымыз арасында “Тойдың болғанынан боладысы қызық”-деген гәп бар. Тойдың тыныш ҳәм мазмунлы өтиўинде, келген мийманларды ҳүрмет-иззет пенен күтип алыўда бир өзимиз емес, ал биз жасап турған аймақтағы инсанлардың жәрдеми менен атқарамыз. «Ҳәр қашан той ийеси өзи жасайтуғын аймақтағы жасы үлкенлерге, пуқаралар жыйыны ақсақалына бир аўыз мәсләҳәт сорап, ойласпай мерекесин өткермейди. Әне сол ўақытта той ийесине туўры бағдар ҳәм кеңес бериўимиз бизиң тийкарғы ўазыйпамыз. Бизге көбинесе тойларымызда сарпай атаў кеўилсиз ўақыяларды келтирип шығарады». Халқымыз арасында «Кеңесли той тарқамас» деген гәп бар.Сонлықтан көп нәрсени көрген инсанлар менен ойласып тойларымызды атқарып барсақ биз ҳәр бир нәрсени орнында,

жеткиликли кеўил-қалыспалар жүз бермей атқарамыз. Автор өзи жасайтуғын аймақтағы алып барылып атырған жумысларын келтирип өткен: «Мәканымыз бул бағдарда түсиндириў жумысларын алып барыўды жолға қойғанбыз. Кем тәмийнленген шаңарақ перзентлериниң тойларын өткериўге қолдан келгенинше жәрдем берип атырмыз. Қызлардың ертеңги шаңарақ ийеси болыўына ҳәм өнер үйрениўине таярлаў мақсетинде “Азада қызлар” дөгерегин шөлкемлестирдик». Демек, биз автор келтирип өткениндей адамгершиликке тән болған пазыйлетлердиң бири бир-биреўге жәрдем бериў, керек орында сүйеў бола алыў. Сол тәреплеримиз бенен биз ҳүрмет-иззетке бөленемиз. Жәмийетшилик арасында өз орнымызды табыўға ерисемиз. Тек ғана жеке мәпти гөзлеп ғана емес, ал әтирапқа, ондағы ҳәдийселерге де бийпарўа болып қараўдан өзимизди сақлаў лазым. Ал мақала жуўмағында автор: «Дурыс, той ийеси қәлегениндей той бериўге ҳақылы. Бирақ елден асып кетиўи надурыс болады. Ҳәммениң шәраяты бирдей емеслигин ядынан шығармаўы тийис. Себеби, артықша дәбдебе, ысырапгершилик бир күни “көз” шығармай қалмайды»-деп жазады бул авторымыз. Ҳақыйқатында да шараятқа, миллий минталитетимизге қарап, дәстүрлеримизди орынлап барғанымызда жәмийетшилик ушын ҳәр тәреплеме қолайлықлар пайда етеди.

***«Жеке пикир»*** рубрикасында сыртқы автордың жәмийетшиликке усынып атырған пикирлери сәўлелендирилген. ***«ДӘСТҮРЛЕРИМИЗДИ АЎЫРЛАСТЫРМАЙЫҚ... ямаса марҳумды жерлеў мәресимлериндеги айырым унамсыз қубылыслар ҳаққында»*** мақалада*:* «Халықларымызда көп жыллардан берли қәлиплесип кеткен салт-дәстүрлер, той-мерекелердеги ҳәм лазымлардағы ысырапгершиликлер туўралы көп пикирлер айтылып атыр. Аржағын айтқанда, бундай унамсыз қубылыслардың турмысымызға енип кетиўине өзлеримиз себепшимиз. Ел менен толы ғой, деп елестирмеймиз. Бирақ, өтлесип кеткен соң «әттең, бул бизиң динимизге, миллетимизге туўра келмейди» деп өкинемиз. Лекин, қәлиплесип кеткен унамсыз дәстүрлерден

ел болып кешиўимизге көп үгит-нәсият, ўақыт керек болады»[4]. Автор мақаласының мазмуны дәстүрлердеги ысырапкершиликлердиң алдын алыў ҳаққында айтылады.Онда унамсыз қубылыслардың келип шығыўына ҳәр биримиз айыплымыз деп жазады. Қандай да бир қубылыс, ҳәрекетлер ҳәўиж алмай турып алдын алыў лазым. «Мен өзим қазақ миллетиниң ўәкилимен. Қарақалпақлар менен әзелден аўыл-аралас, қойымыз қоралас, қудамдалы болып жасап киятырмыз. Сонлықтан дәстүрлеримиз де бир-бирине усайды. Ғәрезсизлик бизге динимизди де, тилимизди де қайтарады. Ислам бизиң тийкарғы динимиз. Бирақ, бираз мәселелерде, мәселен, марҳумды соңғы сапарға узатыў, оны жерлеўден алдыңғы мерекесин өткериў сыяқлы шәрият талапларын дурыс орынламай атырғанымызды жасырыўға болмайды. Ҳәзир марҳумларды жерлеў мәресимлеринде динимизде жоқ дәстүрлер турмысымызға енип кеткен. Шәриятта көрсетилмеген дәстүрлердиң ениўиниң де себеплери бар, әлбетте. Мәселен, ерте заманларда байланыс техникалары, транспорт қураллары жоқ ўақытларда бундай мәресимлер өткерилиўи ушын узақ-жақындағы ағайинлерине ат жиберилген. Ол бир күнде бара ма, еки күнде бара ма, хабаршы барғаннан кейин ағайинлери жолға шығып, ат көликлерде жетип келемен дегенше марҳумларды қондырыўға мәжбүр болған». Мақала даўамында, турмысымызда орынлаў үрдиске айланған дәстүрлеримиздиң пайда болыў себеплерине тоқтап өткен. Буннан бес алты жыл бурын шаңарақтағы мерекелерге ағайин-туўғанды шақрыў ушын арнаўлы адам жиберген. *«Ҳәзир ше?»,*деп сораў қойып жуўапты төмендегише жазады. *«Илим-билим, транспорт, коммуникация, барлығы-барлығы раўажланған, ҳәр қандай хабар сол ўақыттың өзинде барлық жерге жетиў имканияты бар, мәмлекеттиң арғы шетинен болса да сол күни жетип келиў мүмкиншилиги жаратылған бизиң күнлеримизде марҳумды 2-3 күнлеп, ҳәр туўысқаны ямаса перзентлери мал сойып қондырыў, жерлеў күни қара малларды сойып, аўыл-елге қонық жиберип, жыйналған халайықтың бәрин тойдырыў үрдис болып кеткен. Бул*

[4] .Т.Жалғасов. «Еркин Қарақалпақстан» 2012-ж №135 13-ноябрь

*динимизге де, шәриятымызға да қарсы келетуғын қубылыслар»,*-дейди. Әлбетте ҳәр бир нәрсениң сораўы болады. Шаңарақта мерекелерди атқарыўда, этираптағы адамлар пикири ушын дәстүрлерди боларынан артығырақ орынлаў шәрт емес. Шаңарақ, ағайинлерди жыйнап, қоңсы-қобалар менен мерекени өткереди. Сол адамлар топары жыйналады екен, сол пайытта унамсыз қубылысларды сол ўақыттың өзинде тоқтатыў лазым. «Аўырыўды жасырсаң, ысытпасы әшкәр етеди» деген сөз бийкарға айтылмаған. Ҳәрқандай унамсыз дәстүрлерди ўақтында аңлап, динимизде солай айтылған деген, узын қулақ гәплерге исене берместен шәриятта бар нәрселерди қолллансақ деймен», деп пикирин билдиреди автор. Әлбетте жәмийеттеги жүз берип атырған ҳәр бир ҳәдийсени биз баспасөз материалларында оқыў арқалы танысамыз. Сол арқалы жәмийетшилик пикирлерин билип барамыз. Ал пикирлердиң нәтийжесин дәстүрлерди орынлаўда сол шаңарақ ҳәм жасы үлкенлердиң пикирлеринен келип шығып, арнаўлы орынлардың тыйым салыўы нәтийжесинде ысырапкершиликлердиң алды алынып атырғанын билемиз. Бул шаңарақтың экономикалық жағдайында тәсири жоқары болады. Басылымлардағы миллий дәстүрлеримиздиң жәмийетшиликке ықшам орынланыўының қәлиплестириў барысын биз тек ғана «Еркин Қарақалпақстан» газетасында емес, ал басқада газетамыз бетлеринде жәмийетшиликтиң пикирлерин ушыратамыз.

**§2.Нәрестелерге исмлер таңлаўдағы пикирлер:** Жәмийетшиликте жүз берип атырған қубылыслардың этираптағы инсанларға да тәсирин тийгизбей өтпейди.Соның менен бирге ғалаба хабар қуралларының аудиторияға тәсир күши жоқары екенлигин билемиз. Оларда пикирлер пайда етеди, аудиторияның да пикирин тыңлайды. Ол пикирлерди келтирилген мысалларымызда айтып өтемиз. Мысалы: ***«Қәнигениң пикири»*** рубрикасында арнаўлы қәниге сыпатында нәрестеге исм қойыў жуўапкершилиги ҳәм исмлердиң бүгинги көринислерин де айтып өткен. Ал мақала ***«Нәрестеге исм қойыў жуўапкершилиги»*** деп аталады. Онда: *«Өзбекстан Республикасы Шаңарақ кодексиниң 205-статьясы ҳәм*

*Пуқаралық ҳалаты актлерин дизимге алыў қағыйдаларының 14-15 бәнтлеринде баланың туўылғанлығын дизимге алыў мәжбүрий болып, бул бала туўылған жери ямаса ата-ананың турар жайындағы пуқаралық ҳалаты актлерин жазыў бөлимлеринде бир ай мүддет ишинде әмелге асырылыўы керек. Пуқаралық кодексиниң 19-20-статьяларына муўапық, ҳәр бир пуқара исмге ийе болыў ҳуқықына ҳәм оны қорғаў ҳуқықына ийе деп көрсетилген»*[5]- деп жазады, автор мақала басламасында.Мақалада нәрестелерге қойылып атырған исмлерге сын көзқарасын билдиреди. Жәнеде бүгинги күнде исмлерди таңлаўда шет ел кинофилмлериндеги исмлерди өзлестирип атырғаны ҳаққында да айтылған. Мәселен: «Тангем», «Жумонг», «Есмиралда», «Диана», «Марсел», «Консуелла», «Долорес», «Путин», ал кейинги ўақытлары түрк сериаллары қаҳарманларының исмлерин қойыў жағдайы ушыраспақта». Соны умытпаўымыз керек, ҳәр бир қойылатуғын исм перзенттиң келешектеги минез-қулқына өз тәсирин тийгизеди. Бизлерде әзелден перзентлеримизди мәртликке, батырлыққа, гөзаллыққа, меҳир-мухаббатқа жетелейтуғын исмлерди қойыў әдетке айланған» - дейди, автор өз мақаласында. Демек биз туўылған нәрестеге исм қойыўда ол келешекте қандай инсан болып жетилиседи, ким болады деп ойланған ҳалда исмлерди таңлаған мақул. Ҳеш бир нәрсеге жеңил қарамай, узақты гөзлеп ис тутып үйрениўимиз керек болады. Автор келтирип өткен исмлер дерлик шет ел кинофилмлериндеги бас роллерди атқарып шыққан қаҳарманлардың исмлери. Бул филмлер биз тамаша ететуғын миллий каналларымыздан берилген телесериаллар қаҳарманлары ойнаған роллери аудиторияда унамлы пикирлерди пайда еткени сөзсиз, лекин биз ўақыт өтиўи менен биз бул қаҳарманлардың исмлерин умытамыз. Ал өз елимиздиң қаҳарманларының, мәртлериниң исмлерин арадан қанша ўақыт өтседе еслеп жүремиз. Себеби ол бизиң тарийхымыз. «Тарийхсыз келешек жоқ» дегениндей тарийхымыздағы қаҳарманларды, елимиз патриотларының исмлерин таңлағанымызда ол ҳеш қандай ерси қараўларға алып келмейди. Және де автор айтады, перзентимизге

[5] .И.Ержанова. «Еркин Қарақалпақстан» 2012-ж №140 24-ноябрь.

қойған исм келешекте оның минез-қулқына тәсир етеди. Демек биз адамгершиликке тән болған пазыйлердиң бири жақсы минез-қулыққа ийе болыў демекдур. Бизиң перзентимиз жақсы минез-қулыққа ийе болса ғана ҳәр бир жерде өз орнын таба алады. Сонлықтан биз тәрбиялап атырған перзентлеримизди ҳәр тәреплеме жетик билимлерге ийе, тәрбиясы жоқары инсан болып камалға келиўинде үлес қосыўымыз дәркар.

Және де жоқарыда айтып өткенимиздей исмлерди таңлаў мәселесине жәмийетшиликтиң мүнәсибетин және бир мақалада оқыймыз. Перзенке жақсы исм қойыў ата-ананың биринши парызы.Лекин, буны үрдис етпей жәмийетшиликке күлкиге қалып атырғанлар да ушырасады. Усындай унамсыз дәстүрлер ҳаққында жәмийетшилик пикирлердиң және бирине тоқтаймыз. **«Қулақ-қағыс»** деп аталатуғын рубрикада да исмге байланыслы мақаланы кең жәмийетке усынады.Онда: ***«Дурыслы исм қойылып, дурыс жазылса…»*** деген атамадағы мақала: «Өткен жылы миллий телеканаллардан Жумонг ҳәм Нармин деген қаҳарманы бар Корея ҳәм Түрк сериалларын тамашалағаннан кейин туўылган нәрестелердиң атларын Жумонг, Нармин деп қойған ата-аналарды еситкенде ҳайран болдық»[6]-деп басланады. Мазмуны бир-бирине жақын бул мақалаларды оқыған ҳәр бир оқыўшы бул қубылыслардың алдын алыўда болсын, пикирлерин еледе тереңлестириўде түртки пайда етеди деген ойдамыз. Бул мақаланың атамасына қарап-ақ биз автордың сын пикирлерин аудиторияға айтпақшы екенин түсинемиз. Сондай-ақ, жәмийет бул- инсанлардың топары. Сонлықтан, ол жерде түрли ўақыя, ҳәдийселер жүз береди. Ад биз жәмийетлик пикирлердиң берилиўинде газетаны тийкарғы қурал сыпатында алып қараўымызға болады. Хәзирде «Исмлердиң бурмаланып атырғаны туўралы газета-журналларда, телеканалларда оқып ҳәм еситемиз. Нәрестелердиң туўылғанлығы ҳаққында гүўалықларды оқып көргенимизде олардың имла жағынан қаншелли дәрежеде қәтелер жиберилгенин көремиз» - деп, қәте- кемшиликлерди айтып, өзиниң пикирин билдирип өткен. Бул авторлардың мақалаларын оқыў арқалы

---

[6] «Еркин Қарақалпақстан» 2011-ж №42, 5-апрел

бүгинги күндеги исмлердеги өзгерислер ямаса шет ел кинофилмлериниң қаҳарманларына еликлеп исмлер қойылып атыр деген мазмунға келип тоқталамыз.Солай екен,өзлери таңлап қойған исмлериниң мәнис-мазмунын түсинип, соң жуўмақ шығарылса мақсетке муўапық болар еди. Автор мақалада еки мазмунды бирлестирген ҳалда мақаласын жәмийетшиликке усынған. Онда исмлердиң бурмаланып атырғаны ҳәм оларды жазыўда ҳәр қыйлы кемшиликлердиң бар екенин мысаллар менен келтиреди. Онда айыпкер ким деп емес, бәлким ҳәр қандай орынланыўы тийис болған иске жуўапкершиликти мойнына алып, итибарлылық пенен қараса бундай кемшиликлердиң алдын аламыз.

**§3. Инсаныйлық пазыйлетлер ҳаққындағы пикирлер:** Баспасөзде жәрияланып атырған ҳәр бир мақала аудиторияны алға қарай талпындырып, қандай да бир жақсы пазыйлетлерди сиңдире алған инсан турмысын үлги мысалында көрсетеди ҳәм тәрбиялап барыўды мақсет етеди.Мысалы: ***«Оқыўшы ой салады»*** рубрикасы «Еркин Қарақалпақстан»газетасының турақлы рубрикасы сыпатында алып қараўымызға болады. Бунда сәўлелендирилген мақалада жеке бир инсанның жамийеттеги тутқан орны, оның ҳәр қандай ҳәрекети жас, әўладларға үлги болыўы керек деген кең мазмунды қамтыйтуғын: ***«Әскер кийимин ҳәмме кийе бериўге бола ма?»*** деген мақала орын алған. Онда: « Әскер кийими.Ол бизиң көзимизге не деген ысық! Бул кийимди кийип бизден үлкен әўлад ўәкиллери Ўатанымызды сырт ел басқыншыларынан қорғаган. Ата-бабаларымыздың қаны менен қарысқан ол кийимлерди бүгинги күни музейлеримиз баҳалы експонат сыпатында сақлап киятыр»[7]-деп жазады автор өз пикирлерин ҳәм төмендеги жүз берген ўақыяны редакцияға жазады.Айырым инсанлардың кийиниў мәдениятына сын көзқарасын билдиреди. Ўақыя былай басланған. «Жақында орайлық базардың тусынан өтип баратырсам, үстине әскерий кийим кийгенбир кимсе, мәс ҳалында саламның ишинде жатыр.Тусынан өтип

[7] А.Султанов.«Еркин Қарақалпақстан» 2012-ж №119 6-октябрь

атырғанлардың барлығы оған жеркениш пенен қарап, аўзына келген сөзлерин айтып баратыр.

Әскерликте хызмет етип атырған перзентим ядыма түсип, оған рехмим келип, мен бүккесине жер дастанып атырған оны шалқасына салып, қадди-бойын тиклемекши болдым. Ақ нийетин пушқа шықты.Ол ҳеш қандай да әскерий адам емес екен.Оның жүзине қарасам, сақал-мурты өсип кеткен бул кимсе, аўзына келген сөгис сөзлерди айтып атыр.

Соның арасында қасымызға келип иркилген бир кемпир наразы пишинде:

- Усылар бизлерди, елди қорғайды деп, исенип отырмыз-аў,-деди налынып.

-Сиз қәтелесип атырсыз, ол бир мәскүнем, әскер емес!-деп шыжа-пыжа болдым мен».-деп бул ўақыяны келтирген. Ҳақыйқатында да инсан баласы дәслеп өзин ҳүрметлеп, ҳәр қандай инсаныйлық пазыйлетлерди, қарым-қатнас мүнәсибетлеринде итибарлы болса екен. жәмийетимиздеги жасларға жақсы ҳәрекетлеримиз бенен өрнек болыўды үйрениў лазым. Сондай-ақ, ҳәр бир перзентти ата-анасы кишкенелигинен жақсы болыўды уқтырып барады.Ал әтираптағы инсанларда жас әўладтың тәрбиясына тәсири жоқары. Ол кийиниў мәденияты болсын, сөйлесиў мәденияты, өзин услап-тутыўлары ҳәттеки қызығыўшылықларын да оятыўға түртки пайда етеди. Автор мақала даўамында айтады: «Шынында да оның үстиндеги кийим бизиң баҳадыр, мәрт, жаўынгер ел хизметиндеги белгили бийгүна жигитлеримизге не деген қолайсыз сөзлерди еситтирди.Орыстың уллы жазыўшысы А.П.Чеховтың мына пәнду-нәсияты дәрҳал мениң ядыма түсти: «Адамның ҳәмме нәрсеси: келбети де, кийими де, қәлби де, ой-пикири де гөззал болыўы керек».Мақалада әтирапымызда жүз берип атырған ўақыяны сүўретлейди. Әлбетте ҳәр бир инсан қандай болыўына қарамастан жәмийетимиздиң ҳәр бир орнында өзин услай билиўи лазым. Себеби бир инсанның кери қатнасы пүткил жәмийетке қозғаў салыўы мүмкин. Жәмийетшиликтиң пикирлерин биз басылымлар арқалы танысамыз. Олардың бир мазмундағы емес, ал

бирнешше мазмундағы материалларын оқыған аудитория тийисли жуўмақлар шығарады. Мақала да автор көрип гүўасы болған унамсыз қубылыстың бирин жазады. Атамасынан белгили болып турғанындай ***«Әскер кийимин ҳәмме кийе бериўге бола ма?»*** сораўнама формасында пикирлерин келтирип, оқыўшыға усынады. Мақаланы оқыған оқыўшы, бул кимсениң унамсыз ҳәрекети менен автор пикирлеринен соң тийисли жуўмақ шығарады. Мақала мазмуны арқалы автор газета оқыўшыларына кийиниўдиң де өз орны бар екенин, тәлим- тәрбия мәселесинде итибарлы болыўға шақырады. Жүз берип атырған бундай ҳалатларға жеңил көзқараста емес, ал сол ўақыттың өзинде шеклеўлер қойылыў керек.

***«Телевидение ҳәм тамашагөй»*** рубрикасында телекөрсетиўлерге пикир билдирген тамашагөйдиң газета оқыўшыларына пикирлерин жазады. ***«Еркин пикирлесиў ҳаққында пикир»*** мақаласында: «Жақында телевидение арқалы берилген еркин пикир ҳаққындағы көрсетиўди тамашалап, онда айтылған пикирлерден тәсирлендим»[8]-деп автор пикирлерин жазған. «Көрсетиў жасларымызды билимли, мәдениятлы, ақыл-парасатлы, турмыстың түрли саласындағы машқалаларға итибарлы қарап, келешекте миллий қадириятларымызға садық инсанлар етип тәрбиялаў бағдарында шөлкемлестирилгени қуўандырады. Буннан жаслар қатарынан кем болмай, турмыста, заманагөй, елге үлги боларлық минез-қулық, ағла пазыйлетлерди өз бойына енгизиўдиң тәрепдары көп екенин аңладық».Әлбетте ҳәзирги күнниң жаслары өзиниң жеке пикине ийе, оны биз ғалаба хабар қуралларындағы жетискенликлерин толып-тасып сөйлеген сөзлери ҳәм илимдеги жаңалықларын айтып бериўи арқалы да билиўимизге болады.

«Елбасшымыздың «Жоқары мәнаўият жеңилмес күш» мийнетинде атап өткениндей: Ҳәр қандай миллеттиң өзине тән мәнаўиятын қәлиплестириў ҳәм жоқарылатыўда, шубҳасыз шаңарықтың орны ҳәм тәсири теңсиз болып табылады». Себеби, инсанның ең таза ҳәм пәкизе сезимлери, дәслепки турмыслық түсиниклери биринши гезекте шаңарақта қәлиплеседи. Баланың

[8] .Гүлистан Шамуратова. «Еркин Қарақалпақстан» 2012-ж №150, 15-декабрь

характерин, тәбияты ҳәм дүньяға көзқарасын белгилейтуғын рүўхый өлшем ҳәм танымлар-жақсылық ҳәм адамгершилик, жоқары пазыйлет, меҳир-мириўбет, ар-намыс ҳәм әндийше сыяқлы муқаддес түсиниклердиң негизи шаңарақ шәраятында қәлиплесиўи тәбийғый». Әлбетте, шаңарақта ата-ана перзентине адамгершиликке тән болған пазыйлетлерди үйретеди, оның тәлим-тәрбиясына жоқары итибар берип, кишкенелигенен мақсет қойып, оған жетисиўде бирнеше қыйыншылықлар нәтийжесинде ғана ерискеннен соң жәмийеттен өз орнын таба алыўды уқтырып барылыў лазым.

«Жаслар арасында пикир алысыў кешелеринде де абайлап, сөйлер сөзимизди ойланып айтыўға туўра келеди. Олардың дүньятанымын, билимин, талантын көрип сүйсинемиз. Әлбетте, ғәрезсизликтиң шарапаты менен инсанлардың ой-пикири, көзқарасы кескин өзгерди»-деп шайырдың төмендеги қосық қатарлары менен байланыстырады:

«Өзбекстан Қаҳарманы Ибрайым аға шерек әсир бурынырақ «Қандай жақсы усы заманда» қосығында:

Қарасам да қайсы таманға,

Бир билимсиз адам көрмедим,

Бир ақылсыз надан көрмедим,

Дүняның бар ғалма-ғалларын.

Алақанда көрип отырар.

«Ақ үй» деги сумлықтың бәрин,

«Қара үй» де-ақ билип отырар,- деп жазған еди. Бул бизлердиң заманымыздағы биреў айтты, еситтим деген сыяқлы болжаўларымыздай емес, ҳәзирги компьютерлескен, нақ шешимин тапқан, анықлықлар менен ислесетуғын жаслардың еркин ис-ҳәрекетлерине итибар бериўимиз мақул шығар деп ойлайман. Ҳәзирги салт-дәстүрлеримизге, гөнениң көзин жойтпай, тарийхымызды, миллийлигимизди үйрениўге жаслардың итибары күшли». Бул мақаланы автор телевидениеден көрсетилген көрсетиўге жеке пикирин билдиреди. Мақаланы оқып шығыў барысында көринип турыпты, жаслар ата-бабаларымыздан берли киятырған үрп-әдет дәстүрлерге ҳүрмети

жоқары, оларды еледе тереңнен үйрениўге қызығады деп баян етилген. Биз баспасөз бетлеринде тек ғана дәстүрлеримизге сын пикирлерди оқып қоймастан, миллий кийимлеримиздиң пайда болыў тарийхы, келип шығыўы ҳаққында да мақалаларды оқыймыз. Демек буннан көринип турыпты, талғамы күшли болған аудитория бул мазмундағы мақалаларды да нәзерден шетте қалдырмайды.

***«Сиз буған не дейсиз?»*** рубрикасында оқыўшы айланыс қуралы саналған пулдағы пайда болып атырған жазыўлар хәққында жеке пикирин билдиреди. Ямаса: ***«Пулыңыз айланысқа жарамлы ма?»*** мақаласында: «Пул-бул товар ҳәм хызметлердиң күн өлшеми ҳәм ҳәр қыйлы төлемлерди әмелге асырыў қуралы сыпатында дүнья жүзилик ақша айланысын жүзеге келтирди. Пул товар ҳәм хызметлердиң қунын белгилеўде баҳа формасында көринеди. Ақша, ҳәзирги ўақытта- қағаз ақшалар, металл ақшалар ҳәм электрон ақшалар болып үш көринисте ҳәрекет етеди»[9] -деп жазады. Пул товар менен алмасыў арқалы мүтәжликлеримизди қанаатландырып отырамыз. Мақала атамасынан көринип турғанындай айланыс қуралымыз есапланған ақшаға итибар менен қарағанымызда, екинши бир түске енген ақшаларды да көремиз. Мақала даўамында:

«Мине, пул ҳаққында аз да болса қосымша түсиникке ийе болдық. Ал, енди мақаланы жазыўдағы тийкарғы мәселеге өтейик.

Биз, бәршемиз ҳәр күни үйимизден жумысқа яки оқыўға шығар екенбиз, ҳәр ким өз жағдайларымызды есапқа алған ҳалда кисемизге мәлим муғдарда пул салып шығыўды өзимиз ушын әдетке айландырғанбыз. Себеби, кисемиздеги усы пуллар күн бойы бизиң мүтәжлигимизди питириўге хызмет етиў менен бирге ақша айланысын жүзеге келтиреди. Хош, биз қолымыздағы пуллардан пайдаланарда оның қунынан тысқары басқа тәреплерине итибар беремиз-бе? Өкинишке орай, көпшилик жағдайларда буған тийисли дәрежеде итибар қаратпайтуғынлығымызды тән алыўымыз керек. Бирақ, жоқарыда айтып өткенимиздей, миллий валютамыздың жүзине түсирилген бул

[9] .П.Хабибуллаев. «Еркин Қарақалпақстан» 2012-ж №142. 29-ноябрь

жазыўлар банк уйымлары менен бирге биз пуқаралар ушын онша «қорқыныш»лы еместей болып қалған сыяқлы. Егер, бул жағдайда ҳуқықый көз қарастан қарайтуғын болсақ, булар мәмлекетте ақша айланысына байланыслы нызамлардың бузылыўына жол қойылып атырғанлығынан дерек берип турған жоқ па екен? Себеби, дүнья жүзилик пул бирликлеринде бундай ҳәрекетлерге жол қойылған жағдайда олар банк тәрепинен қабыл етилмейди ҳәм айланыстан шығарылады». Бул мақалада айланыс қуралы есапланған пулымызда ҳәр қыйлы битиклердиң пайда болып атырғанына пикир билдиреди. Дурыс ақша ҳәммемизге керек. Соның ушын оны ҳәр ким ҳәр қыйлы пайдаланады, оларға ондай етпең деп тәрбия бериў қыйын әлбетте. Лекин олардың өзи бул ақшадан пайдаланыўда итибарлы болып, оның әпиўайы қағаздан парқы бар екенин билиўи лазым. Бизден басқа да бирнешше адамлар пайдаланады деген түсиникте болса мақсетке муўапық болады.

«XXI әсир ахборот технологиялары» деп аталған дәўирде аудиторияның информация алыў орайларының бирине айланып үлгерген бул - Интернет тармағы есапланылады. Интернет ҳаққында да газета бетлеринде мақалалар берилип атыр олардың бири: Журналист Р.Арзиевтың ***«Интернет- бул…»*** деген атамадағы мақаласы. Мақалада төмендегише жазады: «Бүгин цивилизацияласқан дүнья жәмийетинде журналистика төртинши ҳәкимят дәрежесинде жүргизиледи. Себеби, журналистиканың тийкарғы буўынлары болған баспасөз, телевидение, радио ҳәм интернет журналистикасы жәмийетшилик пикирин қәлиплестириўде ҳәм раўажландырыўда ең тәсирли ҳәм нәтийжели қурал болып есапланады»[10]. Биз жасап турған жәмийетте байланыс қураллары, ғалаба хабар қураллары арқалы информацияларды жеткериў аудиторияны алға умтылдырады. Төртинши ҳәкимят деп аталған ғалаба хабар қураллары жәмийет пикирин еледе тереңлестирип баратуғын баслы бағдарлардың бири саналады. Соның ишинде Интернет тармағы қандай мазмундағы информация, мағлыўматты

[10] .Р.Арзиев.«Еркин Қарақалпақстан» 2012-ж №7 12-июнь

алыўда хизметлери шексиз.Солай етип журналист мақаласында бул глобал тармаққа айланып үлгенген интернеттиң пайда болыў басқышларына тоқтап өткен. «Дүнья жүзиндеги компьютерлердиң бир-бирине жалғанған тармағы «Интернет» сөзи еки түрли талқыланады, яғный халықаралық тармақ ҳәм өз-ара жалғанған комьютерлер тармағы. Интернеттиң пайда болыўына 1962-жылы Массачусетс технологиялық институтында Леонард Клейроктың тармақлардың байланысыў технологиясы бойынша исленген докторлық диссертациясы тийкар болды. Ең дәслеп 1969-жылы 29-октябрь күни Лос-Анжелестеги Калифорния университети менен Калифорниядағы Станфорд изертлеў институтында орнатылған компьютерлер бир-бирине жалғанған. Дәслепки электрон почта арқалы мағлыўмат 1972-жылы бир комютерден екиншисине узатылған. 1968-жылы 2-январьдан баслап компьютерлер тармағы бойынша алып барылған жойбарды АҚШ тың қорғаныў министрлиги қасында дүзилген терең изертлеў жойбарлар агентлиги (ARPA Advanced Researchs Project Agency) өз ишине алған. 1990-жылың басында АҚШ Қорғаныў министрлиги интернеттен пайдаланыўға болған шеклеўди алып таслады. Буннан соң Интернет жүдә тез раўажланды ҳәм оқыў орынлары, мәмлекетлик шөлкемлер тәрепинен пайдаланыла баслады. Инглис алымы Кохрен Баррет «интернеттиң раўажланыўы ҳаққында жазыў тап ушып баратырған оқты оқжай менен атыўға мегзетеди» деген еди. Ҳақыйқатында да, ол тезлик пенен раўажланып бармақта», деп жазады автор.Сондай-ақ бүгинги күнде биз интернетти ең жақын байланыс қуралларымыздың бири деп айтсақ асыра айтқан болмаймыз.Тилекке қарсы ҳәр бир нәрсениң унамлы ҳәм унамсыз тәреплери болады.Солай болса да инсан ең дәслеп қандай шәраятта да өзин басқара алыўы керек. Ҳәзирги күнде интернеттеги сайтлардан қызықлы болған керекли мағлыўматларымызды аңсат таба аламыз.Сонлықтан да интернет миллионлаған аудиторияны өзине қарата алады. Мақала атамасы ***«Интернет- бул…»*** деп аталыўына тоқталатуғын болсақ: биз онда информацияларды сол ўақытта сүўретли көринисте қабыллаймыз, деп бир

сөз бенен тәрийплеп бере алмаймыз. Ол тек ғана ғалаба хабар қуралларының бири сыпатында хабарларды алып отырамыз, сондай-ақ түрли кәсип ийелериниң тийкарғы қолындағы қуралларының бири.Ҳәр бир пайдаланыўшыға имканиятлары жоқары.Ондағы ҳәр қандай мазмундағы сайтлардың мәлим дәрежеде аудиториясы бар. Олар сол сайтдағы фактлар ҳаққында пикирлер алысады ҳәм нәтийжеликке ериседи.

***«Шаңарақ көтериў ҳәм оның беккемлиги халқым деген мәмлекет, елим деген халықтың уйғынлығында»*** публицистикалық мақаласында: «Мағрипетли дүньяда,- дейди Президентимиз И.Каримов, «пуқаралар мәмлекети» деп айтылмайды. «Пуқаралық жәмийет» делинеди. Мәмлекет басқа нәрсе, пуқаралық жәмийет басқа нәрсе. Бундай жәмийетте мәмлекетлик шөлкемлерден гөре, жәмәәтлик шөлкемлердиң қәдири бәлентлеў турады. Күш ислетиўши дүзилмелер, ўәзирликлер, жергиликли ҳәкимият органлары мәмлекетлик шөлкемлер қурамына киреди. Жәмәәтлик шөлкемлер болса, пуқаралардың өз ықтыяры менен бирлесиўи тийкарында пайда болады. Биз буған ерисиўге ҳәрекет етпегимиз лазым»[11],-деп мақала басламасында Президентимиз айтқан сөзлерди келтирип өтеди. Ҳақыйқатында да жәмәәтлик шөлкемлер, бирлесиўлесиўлер пайда болған орында, олардың ҳәр бир ислеген иси, атқарып атырған жумысы да өнимли болады. «Мине, жаңадан пайда болған, күн сайын алға нийетлер менен жасаўға талпынған жас шаңарақтың өз күшин ҳәм интасын, дөретиўшилик мийнетин халық ийгилигине арнаўы ушын пуқаралық жәмийетке ағза болыў зәрүрлиги туўылады. Сол арқалы пуқаралық қызығыўшылықлары, талаплары ҳәм өзиниң ҳуқықларын еркин иске асырыў ушын жаратылған шараятлардан пайдаланыў мүмкиншилиги ашылады. Демек, бул дүньяда камалға келип, шаңарақ көтергениңнен кейин, урпақтан урпаққа шынжырма-шынжыр өтип киятырған жоқары мәғрипетли ҳәм мәнаўиятлы жәмийет қурыў әрманын иске асырыўға жағдай туўдыратуғын демократиялық ҳуқықый мәмлекет керек екен. Тап усындай тарийхый мүмкиншилик туўылып, сондай

[11].Ш.Уснатдинов. «Еркин Қарақалпақстан» 2012-ж №101. 25-август

мәмлекетте жасап атырғанымызға, мине, 21 жыл толды!». Журналист бул мақаласында пуқаралық жәмийеттиң түп мазмунын әпиўайы сөзлер менен, аудиторияны толқынландыра алатуғындай етип жеткере алған. Ғәрезсиз мәмлекетимизде ҳәр қандай шәраятта да инсан мәплери биринши орынға қояылады. Сонлықтанда олардың пәраўан турмыс шәраятын пайда етиўде бир қатар ис илажлардың исленгениниң гүўасымыз.

Ҳәр күн, ҳәр ай сайын жаңа шаңарақ көтергенлерге жасы үлкен аталары ақ пәтиясын берип, жаңа қонысқа қутлы болсын айтып отырады, Ғәрезсизлик қолға киргизилген жыллары үйленип, хожалық болғанлары шаңарақларын беккемлеп, ўатанға садықлық пазыйлетлерин бойына сиңдирип барады. Кексе әўлад ўәкиллери оларды өзлериниң бай турмыслық тәжирийбеси менен қураллandырып отырады. Мине, усындай парахат, Еркин өмир сүрип атырған халықтың саны бүгинги күни 29 миллион 700 мың адамнан асып баратыр. Европа еллеринде демографиялық «апатшылық» жүз берип, халқының саны жылдан-жылға азайып баратырғанлықтан санаты менен аўыл хожалығында ислейтуғын адам ресурсы кемейип атырған ҳәзирги ўақытта, бизиң елимиз халқының саны ғәрезсизлик жыллары 6-7 миллионға көбейди. Бүгин, 130 миллет ўәкиллеринен қуралған бул мәмлекеттеги тынышлық, абаданласып баратырған турмыс қәлпи ҳәр биримизде мақтаныш сезимлерин оятпақта. Соның менен бирге, бизиң тоқ турмысымызды көре алмайтуғынлар бар. Олардың уйқысы шала. Түрли ғыйбат сөзлер менен көп миллетли халқымыз арасына иритки салыў жолында жүргенлери мәлим.

Халқының бирлиги ҳәм абадан турмысы ушын ең алдыңғы сиясий ҳәм экономикалық технологиялар енгизип, келешеги бийик ел пайда етип атырған мәмлекет, елим деп, халқым деп, уллы ислерди жүргизип атырған халық, оны мәмлекет пенен уйғынластырып атырған пуқаралық жәмийет, оның ҳәр күн сайын беккемленип атырған ҳәр бир шаңарағы Ғәрезсизлик берген материаллық ҳәм руўхый байлықларды қорғап, байыта береди»,-деп жазған еди журналист. Мақаланы журналист Ғәрезсизлигимиздиң 21

жыллық байрамы алдынан жазады. Мақаланы оқыған ҳәр бир газета оқыўшысы керекли мағлыўматларды топлап барады. Мақаланы оқыў арқалы ўатан сезимин, халықтың татыўлығын ҳәм елимиздиң раўажланыў тенденцияларын жәнe бир мәрте еске салып, мақтаныш сезимлерин оятады. Ўатан ишиндеги кишкене ўатан есапланған – шаңарак беккемлиги, онда камалға келип атырған перзентлердиң қәўипсизлигин сақлаў ҳәр бир ата-ананың баслы ўазыйпаларынан бири. Олар шаңарақ қурып, бахытлы турмыс кешириўге ҳәрдайым ҳәрекетте болады. Солай етип, шаңарақтың раўажланыўы менен елимиздиң ҳәзирги турмыс тәризин байланыстырған ҳалда автор мақаланы мазмунлы етип жеткере алған. Республикамыз халқының саны ғәрезсизлик жыллары 6-7 миллионға көбейгенин айтады, онда биз социаллық турмыс ҳәм экономиканың тәсири жоқары деп айтыўымызга болады. Сондай елимиздеги алға сүрилген идеялардың мазмуны жәмийетшиликтиң турмыс тәризин жақсылаў, олардың ҳәр тәреплеме раўажланыўында қолай шәраятларды пайда етиў болып табылады.

***«Турмыс толғанысларынан туўылған пикирлер»*** рубрикасында автордың өзи хаккында мағлыўматқа да ийе боламыз. Мақалада авторды персонаж сыпатында да алып қараўымызға болады. ***«Өзлигимди аңлатқан дәргай»*** мақаласын автор кемпир апасының айтқан сөзи менен баслайды.

« – Бир үйде жасаўшы ҳәтте пышық пенен ийт те гийнесиз жасаўы керек,- дер еди кемпир апам.

-Неге? – деп сорар едим мен ҳайран болып.- Ертеклерде де, өмирде де олар бир-бирине душпан есапланады ғой.- Себеби сол, кишкентайлар көбирек олар менен ойнайды, аңлап-аңламай ҳайўанлардың айырым қылықларын өзлестиреди. Перзентлерин ойлаған ҳәрқандай ана үй ҳайўанларына да жақсы мүнәсибетте болыўы керек»[12]-деп айтқан сөзлеринде кең мәнис бар. Әлбетте оларды биз үй ҳайўанлары деп ажыратып қараймыз. Себеби олар

[12] Несийбели Мәмбетырзаева. «Еркин Қарақалпақстан» 2012-ж №119. 6-октябр.

бизлер менен бирге бир үйде жасайды, үйдиң ағзаларының бири сыпатында оларды көрмесек излеўди баслаймыз.

«- Шертектеги қарлығаштың уясына тиймеңлер, -дейди анам. - Өйткени, олар шаңарағымызға тийисли, бизге исенеди, меҳир күтип жасайды. Ҳәр бәҳәрде шаңарақ қурыў, көбейиў мақсетинде узақ аралықларды арқада қалдырып, өз уясын таўып келеди. Олардың тынышлығын тәмийнлеў парымыз.

Бир сапары үлкен әжағам ески шертекти бузыў кереклиги ҳаққында айтты: «Жақында инимди үйлендиремиз, мийманлар келсе күлип жүрер, қарлығашлар басқа уя салып алар-дә».

Әкем басын шайқады: «Қарлығашлар қурық басып жатыр, балам. Палапанлар шықсын, олар ушқаннан соң шертекти жаңалаймыз, тойды да өткеремиз. Аз ғана күтсек, ҳеш нәрсе өзгермейди. Инсанды дос билген қуслардың шаңарағын бузып, қандай шаңарақ қурыў мүмкин!»-деп автор мақалада диалогтан да пайдалана алған. Инсанның досты есапланған қус қарлығаш. Әпсаналардан еситиўимизше қарлығаш инсанларды қәўиптен қутқарып қалған, соннан берли инсанларға жақын болып, үйлерди паналап, палапан шығарыўда ҳәўлиниң ишине уя салады екен. Солай екен, бир нәрсеге зыян жеткерип, өз мәпимизди жоқары қойыўдың надурыс екенин де аудиторияға усы қустың уясы мысалында жеткере алған.

«-Ҳәўлиде өскен гүлдиң бир жапырағы үзилсе де шырайсыз көринеди, -дейди апам Дәўлетбийке ҳәм еркетай сиңлисине жумысын пуқта ислеўди, ҳәр исте қыз балаға тән шырай, гөззаллық барқ урып турыўы кереклигин уқтырыўдан шаршамайды». Гүл ең нәзик нәрсе, сол нәзик нәрсеге қыз баланы теңеп тәрийп беремиз. Нәзик нәрсе болса, әтирапты гүллендиреди, өзгерте алады. Жәнеде автор айтады: «Ата-анамның «Үлкенине үйретсең, оннан кишкенеси үйренеди» деген ураны бар». Солай екен, бул шаңарақтын уранын «Алдыңғы арба қайдан жүрсе,соңғы арба изинен жүреди» деген нақыл менен байланыстырыўға болады.

«Атам ҳәр дайым «тилиңде палың болсын, кеўлиңде кириң болмасын» деп тәкирарлар еди» – деп жазады автор мақалада. Бул мақаланы оқыған газета оқыўшылары автор ҳаққында мағлыўмат алыў менен бирге көп нәрселерди билип алады. Мақалада автор өз атасының нәсиятын Әкем айтады деп жазады:

«-Қызым, сөздиң үстинде ислеў ең қыйын жумыс. Журналисттиң қуралы әне усы сөз. Сөзди орынлы ислетиўди бил. Тап өзиңди уста деп ойла. Гербишлердиң бири қыйсық қойылса, имараттың көркине кесири тийгени сыяқлы бир артықша яки орынсыз ислетилген сөз кеўилди ўайран етиўи мүмкин. Егер шыпакер наўқасқа натуўры диагноз қойса, бир инсанның өмири қәўип астында қалады, егер журналист қәте қылса пүтин халық ямаса мәмлекеттиң тәғдири қәўип астында қалыўы мүмкин. Журналисттиң қәте ислеўге ҳақысы жоқлығын умытпа. Ҳәрқандай қәтени туўрылаў ямаса кешириў мүмкин, лекин, айтылған сөзди қайтарып алыўға болмайды. Ҳәрқашан жазып атырғаныңа жуўапкершиликти сезиўиң керек. Сөзди сүйе бил, ҳақыйқатты жаныңнан үстин бил. Себеби дүньяны сөз басқарады»,-деп жазады. Ҳақыйқатынан да мақала арқалы аудитория унамлы нәрселерди қабыллайды ҳәм тәжирийбе топлап барады. Мақалада бирнеше мазмунды бирлестире алған . Шаңарақтағы бир-биреўге болған ишки мүнәсибетлер менен шаңарақтың ағзасындай есапланып кеткен үй ҳайўанлары ҳәм инсанның досты есапланған кус қарлығашлар ҳаққында да айтады. Аудитория ушын бул мазмунда жазылған мақалаларда унамлы тәсир қалдырары сөзсиз. Турмыстан алынып жазылған ҳәр бир ўақыяны баянлаўда шеберликти талап етеди. Турмысымызда ўақыя, ҳәдийселер көп ушырасады, лекин оны жеткерип бериў ҳәр кимниң де қолынан келе бермейди. Турмыс сабақлары арқалы да оқыўшы жақсыны жаманнан, ақтың карадан парқы болатуғынын түсинип барады.

Биз үйренген бул бөлимимизде жәмийетлик пикирлердиң ҳәр қандай мазмунда болатуғынын, сондай-ақ, «Қәнигениң пикири», «Тойлар ҳаққында ойлар», «Қулақ-қағыс», «Оқыўшы ой салады», «Жеке пикир», «Сиз buған не

дейсиз?» рубрикаларындағы мақалаларда көремиз. Жәмийетлик пикирлердиң баспасөзде сәўлеленип барыў арқалы қәлиплеседи. Кең жәмийетшиликте түрли пикирлер кесилиспесиниң болатуғыны тәбиййй. Бул пикирлерде қандай мазмундағы темалардың жатырғанынан тысқары газета халықтың минбери болыўында оларды пикирлер үстинде бирлестире алыўы лазым. Бул пикирлер жәмийет, социаллық турмысқа байланыслы қалыс билдириўлер. Ең тийкарғысы, газета халық минбери хизметин атқарып атыр. «Оқыўшы-газета-оқыўшы» байланысын әмелге асырыўда қарақалпақ баспасөзинде қәлиплескен дәстүр бар. Жоқарыда биз анализ жүргизген республикалық газеталар газета оқыўшылары менен тығыз байланыста жумыс ислеп атыр.

**II БАП. Жәмийетлик пикирдиң қәлиплесиўинде жаслар газетасының орны**

**«Бүгинги заманда идеология полигонлары ядро полигонларынан да көбирек күшке ийе»,**
**Ислам Каримов**

## 2.1. Глобалласыў дәўиринде жаслардың орны

«Өзбекстан Президенти жасларға үлкен үмит ҳәм исеним менен қарайды. Ислам Каримов мәмлекеттиң сыпатлы, тез ҳәм жаңаша раўаж табатуғын мүнәсип келешекти әсиресе билимили, заманагөй пикирлейтуғын, интеллектуал тәрепинен раўажланған ҳәм профессионал таярлыққа ийе болған жаслар мысалында көреди»[1].

Ҳақыйқатында да, елимиздиң тийкарғы исениўшиси болған жасларды ҳәр тәреплеме жетик етип тәрбиялаўда, оларға миллий қәдирият, улыўма инсаныйлық пазыйлетлерди кәлиплестирип, сана-сезимин кеңейтип барыў керек. Сонда ғана жас әўладларымыз ҳәр қандай шәраятта да өз орнын таба алады. Сондай-ақ, глобалласып кеткен бул дәўирде информация алмасыў тезлиги әдеўир алға қарай раўажланып кеткени бәршемизге мәлим. Бул терминге әдебиятларда төмендегише тәрийп береди:

« Глобалласыў (глобализация) латынша «глоб» сөзи болып, ол «домалақласыў», басы-аяғы, арқа-қубла, шығыс-батысы жоқ болып шеңберлесиў деген түсиниклерге туўры келеди. Глобалласыў деген сондай бир күш, ол экономикалық мәпдарлылық арқалы мәмлекетлердиң сиясый ҳәм

[1]. Ислом Каримов Ўзбекистон Республикасы Президенти Тошкент- Tashkent-Ташкент2013

экономикалық бирлесиуине алып келмекте»[1]. Сондай-ақ бул шеңбердиң ишинде түрли ҳәдийселер, процесслердиң болыўы тәбийий ҳалат. Глобалласқан бул дәўирде келешекке енди қәдем таслап атырған жасларға жәмийетшилик арасынан өз орнын ийелеўинде туўры жол-жобалар бериў лазым.

«Ҳәзирги дәўирде дүнья көлеминде жүз берип атырған глобалласыў процесслери XX әсирдиң ақыры ҳәм XXI әсир басларында пүткил инсаният, жер жүзиндеги барлық халықлар ҳәм миллетлер раўажланыўы ушын, әсиресе, турмысқа енди қәдем атып атырған жас әўлад ушын мисли көрилмеген имканиятлар жаратып бергенин ҳеш ким бийкарлай алмайды»[2], - деп жазған еди Президентимиз мийнетлериниң биринде. Әлбетте бул дәўирде жас әўладтың билим алыўында, тил үйрениўге деген қызығыўшылығын арттырыўда заманагөй технологиялардың орны жоқары.

Президентимиз айтқанындай: «*Жас әўладларымыздың қәлби ҳәм санасын таза сақлаў, оларды миллий ҳәм улыўмахалықлық қәдириятлар руўхында тарбиялаў, перзентлеримиздиң дүньяда жүз берип атырған сиясый процесслердиң мәнис-мазмунын, тийкарғы себеплерин тереңнен түсиниўи, өз әтирапында пайда болған ўақыялар ҳаққында ҳақыйқый маглыўматларға, ең тийкарғысы, өзиниң жеке пикирине ийе, әпиўайы етип айтқанда, ақты қарадан ажырата алыўына ерисиўде тәлим-тәрбия ҳәм мәнаўий-мәрифий жумысларымыздың тийкарғы өлшеми ҳәм бағдары болыўы дәркар*»[3]. Ҳәр бир мәмлекеттиң шешиўши күши бул әлбетте жаслар есапланады. Сонлықтан оларды ҳәр тәреплеме жетилистирип барыўға тийкарғы күшлер қаратылған.

«*Сол мәнисте, ахборот әлеминдеги үстинлик көп нәрсени шешетуғын бүгинги шәраятта ғәрезсиз сана ҳәм еркин пикирге ийе болған шахсты тәрбиялаў мәселеси тек ғана мәнаўий, керек болса, тийкарғы сиясый әҳмийет пайда етеди*

[1] Шарап Уснатдинов Журналистикаға кирисиў Н. «Қарақалпақстан» 2009. 160-бет
[2] И.А.Каримов. «Энг асосий мезон ҳаёт ҳақиқатини акс эттириш» Тошкент «Ўзбекистон» 2009. 5-б
[3] И.А.Каримов. «Энг асосий мезон ҳаёт ҳақиқатини акс эттириш» Тошкен «Ўзбекистон» 2009. 8-б

*Бул тийкарғы ўазыйпаны әмелге асырыўда тәлим-тәрбия дүзилиси, социаллық-сиясый, мәнаўий-идеологиялық мәселелер менен шуғылланатуғын орайлар, мәмлекетлик ҳәм мәмлекетлик емес шөлкемлер,сиясый партиялар өз үлесин қосыўы тәбийий, әлбетте, лекин бул жолда ғалаба хабар қуралларының орны ҳәм тәсир күши жоқары, десек, ҳеш қандай қәте болмайды*»[4] - деп орынлы атап көрсеткен еди. Себеби аудитория ғалаба хабар қуралларындағы мағлыўматларға исеними жоқары. Сонлықтан ондағы хизметкерлер қалыс мийнетлери менен жәмийеттиң соның ишинде жаслардың сана-сезимине кирип бара алыўы керек. Ал дыққатты қарата алатуғындай мақаларды дөретип, көзқарасларын, руўхый дүньясын кеңейтиўде тийкарғы таянышлардың бири болыўы дәркар. Әтирaптағы унамсыз қубылысларды ҳәўиж алдырмай, аудиторияға оның нәтийжеси нелерге алып келетуғынын жеткериўде, анық фактлер менен дәлийлей алса, әлбетте аудиторияға түртки пайда етеди. Демек, басылымларымызда тәсир күши жоқары материалларды бериўдеги шеберликлерди де айтып өтиўимизге болады.

Ғалаба хабар кураллары арқалы биз өзимизге информацияларды қабыл етемиз. Соның менен бирге оның ҳәр бир тармағы жәмийетке хызмет етеди ҳәм аудиторияны тәрбиялайды, мәнаўиятын жоқарылатып, ҳәр тәреплеме жаңалықларды жеткерип бериўши тийқарғы таянышымыз. Сондай-ақ, басылымларда болса, журналистлердиң мақалалары ҳәм сыртқы авторлар дөретиўшилиги менен де танысамыз. Ал биз газеталарымыз бетлеринде әтирaптағы жүз берип атырған процесслерге жәмийетшиликтиң пикирлерин де көплеп ушыратамыз.Әлбетте кең жәмийетшиликте түрли ҳәдийсе ҳәм қубылыслар болады. Ал биз үйренип атырған басылымларда көбинесе миллий дәстүрлер ондағы жанадан пайда болып атырған қәделер ҳаққында сыртқы авторлардың унамсыз пикирлерин окыймыз. Бул унамсыз иллетлердиң алдын алыўда редакциялар тәрепинен шөлкемлестирилген «Дөңгелек стол» әтирапындағы сәўбетлесиўлердиң тәсири жоқары орын

[4] И.А.Каримов. «Энг асосий мезон ҳаёт ҳақиқатини акс эттириш» Тошкен «Ўзбекистон» 2009. 9-б

тутады. Сонлықтан биз бул бөлимде бирнеше мазмундағы мақалаларға анализ жасадық. Мақалаларда тийкарынан жәмийеттеги қубылыслар, тойларымызда жүз беретуғын унамсыз ҳәрекетлерге сын пикирлер ҳәм жасларымыздың жәмийетшилик арасындағы ўақыяларға жеке пикирлерин жазып газетаға қатнасып баратуғынын көриўге болады. Жаслар газетасы бул жаслардың қоллап-қуўатлаўшысы, олардың пикирлерин тыңлап, бирлестириўге шақырады. Жаслардың жәмийетлик –сиясый газетасы ҳәр дайым жасларымыз бенен бирге қәдем атады. Олардың жетискенликлерин, қуўнышлары менен ортақласады. Сондай-ақ, газета хизметкерлериниң авторлығында жазылған мақалаларды оқыған ҳәр бир газета оқыўшысы өзине керекли мағлыўматқа ийе болады, олардың дөретиўшилиги менен кеңнен танысып барады. Және де әтираптағы қубылысларға итибар менен қарап, сергек ҳәм ҳәрекетшең болыўға баслайды. Оларды биз төмендеги мақалалар мысалында көриўимизге болады.

**Мысалы: журналист З.Абдиниязованың «Мийрас»** рубрикасында әййемнен киятырған дәстүрлеримиздиң бирин өз мақаласында сәўлелендире алған. **« “Бесик шабыў” дәстүри ҳаққында»** атамасындағы мақаласын*:* «Сүйикли қаҳарман шайырымыз Ибрайым Юсуповтың:

Атың он ҳәриптен қуралған,
Айтса тилге аўыр,
Дәстүриң соншелли көп,
Артса пилге аўыр,- деп тәрийплегениндей қарақалпақ халқы тарийхқа, миллий үрп-әдет, салт-дәстүрлерге оғада бай халық. Мәселен, «Қыз жыйын», «Ҳәўжар», «Бет ашар», «Бесик жыры», «Айтыс», «Күйеў қәде» ҳәм тағы басқа да дәстүрлер атадан-балаға, әўладтан-әўладқа мийрас болып өтип келмекте»[5]- деп баслайды. Бунда автор әййемнен киятырған миллий дәстүрлеримиздиң атамасын айтып өтеди. Халқымыздың бундай бийбаҳа мийрасларын жәмийетшиликке тереңнен таныстырыўда, мақаланың әҳмийети жоқары. Соны да айтып өтиў керек, журналист, дәстүрлеримиздеги

[5] З.Абдиниязова.«Қарақалпақстан жаслары» 2011-ж №7, 10-февраль

айтылатуғын айтымларды орнында қоллана алыўды көпшилимиздиң умытып баратырғанымызды айтады ямаса «Ал, перзент дүньяға келгеннен кейин нәрестени бесикке бөлеп атырғанда да дәстүр, қәделеримиз көп. Тилекке қарсы, усы қәделер өз көринисин таўып атырғанда, нәрестениң келешек бахты, тахты ушын айтылатуғын айтымлардың соңғы жыллары умытылып баратырғанлығы ашынарлы жағдай»,деп келтирген. Демек, биз шаңарағымызға қуўаныш алып келетуғын перзентлер дүньяға келгеннен баслап, олардың келешегине жақсы нийетлерде айтылатуғын айтымларды билиўимиз лазым. «Бесик шабыў» да мазмунлы айтымларды айтып бесик шаўғанда, ҳәмменiң толқынлаўы сөзсиз.

« "Ат өлсе де қәде өлмейди" деген ибара бар халқымызда. Солай екен, бир-биреўди сиз-бизликке, сыйласыққа, баўырманлыққа шақыратуғын дәстүрлердиң болғаны жақсы» -деп, автор мақаласында нақылды да орынлы қоллана алған. Сондай-ақ, бул дәстүрдиң түп мәнисин айтып өтеди ямаса:

« "Бесик шабыў" дәстүри дүньяға келген нәрестеге ата-бабасын таныстырыў, жети ата-бабасын билсин деген мәнисте айтылған.Мысалы:

Ал, шабайын шабайын,
Атымды минип шабайын,
Атым болсын тулпардан,
Өзи болсын сунқардан »- сыяқлы бирнеше қатарларды мақалада келтирип өткен. Әлбетте, «Бесик шабыў» дәстүри миллий қәдириятларымыздың бири. «Бесик шабыў» да айтылатуғын, ақыллық ҳәм ҳәзил-шыны араласып дөрелетуғын қатарларды билип барыўымыз лазым. Автор мақаласында «Бесик шабыў» дәстүриниң бүгинги айырым атқарыўшыларына жеке пикирин билдирип, өзи халық аўзынан жазып алған қатарларын келтирген. Халқымыздың миллий мийрасларының басылымларда сәўлелениўи аудиторияны бийпарық қалдырмайды. Миллий дәстүрлеримизди келешек әўладларға сап ҳалында жеткериў ҳәр биримиздиң ўазыйпамыз. Демек, бундай миллий қәдириятларымыздың баспасөзде сәўленелип барыўы аудиторияның дыққатын тартады. Сондай-ақ, қәдириятларымызды қайта

тиклеп ҳәм сақлаўға, еледе байытып барыўда ғалаба хабар қуралларының атқарып атырған хызметлери нәтийжесинен билиўимизге болады.

Миллий қәдириятларымызға байланыслы рубрикалар шөлкемлестириў баспасөздиң тийкарғы ўазыйпасы болып есапланады. **«2012-жыл-“БЕККЕМ ШАҢАРАҚ ЖЫЛЫ”»** рубрикасы жылдың атамасынан келип шығып қойылған. Онда журналисттиң **«Тойлар- қәдириятларымыз айнасы оларда унамсыз иллетлерге шек қояйық!»** деген атамадағы мақаласында тойлардағы айырым унамсыз иллетлердиң алдын алыўға ҳәрекет етиў кереклиги ҳаққында жазады. Ямаса елимиздиң миллий қәдириятлардың бири есапланған тойларда ҳәр қыйлы үрдислер көбейиўине сын қөзқарасларын билдиреди. Мақала: «Ҳәр бир Нызам ҳүжжети, пәрман, бийлик, қарар заман талабына бола қабылланады. Бир ғана мысал Өзбекстан Республикасы Президентиниң той салтанатлары ҳәм мерекелерди өткериўди тәртипке салыўға байланыслы мәселелерге бағышланған 1998-жыл 28-октьябрдеги Пәрманының қабыл етилиўи ушын жәмийетимизде зәрүрлик пайда болып яғный ойландырарлық себеплер бой көрсеткен еди.

Буны пәрманның дәслепки қатарларынан билип аламыз: «Соңғы ўақытлары, той-салтанатлары, шаңарақтағы байрамлар, мерекелер, марҳумларды еске алыўға бағышланған илажларды өткериўде мәмлекетимиздиң көп орынларында даңқпаразлық, дәбдепазлық, ысырапгершиликке жол қойыў, ел-журт әдетлери ҳәм дәстүрлерин менсинбеўшилик, өзин-өзи көрсетиў, әтирапындағы жасап атырған адамлардың ҳал-аўҳалын инабатқа алмаў сыяқлы ескиден қалған жағдайларға жол койылмақта»[6],-деп автор анық факт сыпатында қабыл етилген пәрманды айтып өтеди. Усы темада биз баспасөз бетлеринде жарық көрип атырған мақалалар менен де таныстық. Онда көрип гүўасы болған ўақыя, ҳәдийселерди сәўлелендирген. Мақаланың өзгешелиги аудиторияға пәрманда көрсетилген қағыйданы баян ете алған. Усылай автордың билим дәрежеси жоқары екенлиги көзге тасланады. Дурысында да шаңарақ

[6] К.Реймов. «Еркин Қарақалпақстан» 2012-ж №37, 23-март

ағзалары өз мерекелерин  қалай өткериўди өзлери шешеди, деген менен унамсыз қубылыслардың келип шығыўының алдын алған мақул болады.

«Ҳәр кимниң тойын қалай өткериўи өзиниң ықтыярында. Бирақ негедур базыларға жарысып, халқымыздың «көрпеңе қарап аяқ узат» деген нақылын ядымызға салыўды умытып кететуғынымыз әнтеклеўдей. Ата-бабаларымыздан қалған өлмес нақылды таллап қарасақ, ҳәзирги айырым тойларымыз көпшилигимиздиң көрпемизге сәйкес келмейтуғындай сезиле береди. Жалпақ тил менен айтқанымызда есимизди жыйнап алмасақ, көрпемиз киширейип бара береди», деп келтирген нақылдың мазмунында айтады.Ҳақыйқатында да жыйғанларымыз  перзентлеримиздиң тойына буйырсын деп нийет етеди, ал  тойдан кейинде турмыстың ойлы-бәлентли соқпақлары нелерди күтип турғанында нәзеримизден шетте қалдырмаў зәрүр. Автор тойдағы унамсыз қубылыслардың негизинде жаңадан кирип келген қәделер санының артып баратырғанын да айтады:  «Тойларда жаңаша қәделер енгизилип атырғанын көрип жаңалыққа жаны қумар халықтай сезинемиз. Лекин той-мереке өткериў нәзик мәселе. Биреў елде жоқ қәдени енгизсе турған гәп демде көпшиликке жайылып кетеди». Демек, биз өзимиз ойлап тапқан жаңаша қәделерди  кең жәмийетшилик қабыл етсе, кимдур оннан жәбир көреди. Дәстүрлеримиздеги қәделердиң түп мәниси, жақсы нийетлер, әрманларының, исенимлериниң нышаны. Солай екен, ҳәзирги жаслар, қәде алыўдың жеңил жолларын ойлап таўып, түп мақсети жеке мәпке гөзленеди. Деген менен ол ўақытша нәрсе, узаққа бармаўы сөзсиз. Автор пикирлер избе-излигин төмендегише даўам еттиреди:  «Ҳәзирет Пайғамбарымыз Мухаммед с.а.ў. қызы Фатиманы узатар ўақтында адамлардан Мадина қаласындағы ең кәмбағал адам қызына қандай затларды қәдеге беретуғынлығын сораған екен. Олар бир қазан, бир данадан көйлек, бойра, көрпе беретуғынлығын айтып келипти. Сонда Пайғамбарымыз қызына усындай етип қәде берипти. Бундай жол тутыўына, бириншиден кәмбағал адамлардың кеўли қалмаўын, екиншиден басқалар да усындай етип қәде бериўди үрдиске айландырса, қолы келте адамлар жәбир көрмеслигин

ойлаған екен». Автордың пикирлери арқалы биз шаңарақларда той мәресимлерин өткериўде жаңа дәстүрлердиң келип шығыўы менен ысырапкершиликлер ҳаққында айтып «көрпеңе қарап аяқ узат» деген нақылды ядымызға салып қояды. Усындай мазмундағы мақалалардың редакция тәрепинен де, сондай-ақ хатлар мазмунында да аудиторияға жеткерип берилмекте. Соның ушын да хат жәмийетти шахс пенен, шахсты жәмийет пенен байланыстырады. Биз баспасөз бетлеринде хатлар тийкарында сыртқы авторлардың билдирген сын пикирлер ҳәм үрп-әдет дәстүрлерге болған мүнәсибетлерин көплеп ушыратамыз. Ҳақыйқаттанда тойларды ықшам өткериўде, қәделерди орын-орнында алынса ҳеш кимниң кеўлине қозғаў салмаған болар еди. Дәстүрлерди орынлаў барысына арналған Ғалаба хабар қуралларында ҳәр түрли мазмундағы материаллар таярланып атыр. Оның түп негизи халықтың жасаў шәраятының жақсыланыўына, ысырапкершиликтиң алдын алыўға барып тақалады. Усы мазмунды туўры түсиндирип, аудиторияны сол бағдарға тәрбиялаў тийкарғы мақсет болып табылады.

**«Пикир»** рубрикасында автордың әтирaптағы ҳәдийселердиң бирин гүзетиўи бойынша жазылған деп айтыўымызға болады. **«Өзимизге пайдалы тәрепин қабыл етсек…»** мақаласының: «Бир күни мектептен қайтып киятырған балаларды гүзетип отырдым. Олар бир-бирин урып қашып ойнамақта еди. Күтилмегенде балалардың биреўи жорасының ийнинен урды. –Ийиннен урыўға болмайды, қышқырды ол. Тез үш мәрте тарт!- Не қылады? – Периштем ушып кетеди. –Не перишт? –Апам айтты адамның еки ийнинде көзге көринбейтуғын периштелер отыратуғын екен. Соның ушын ийиннен услаўға болмайды. Урған бала мәжбүрий жорасының кийиминиң ийин бөлиминен услап үш мәрте тартты. – Болдыма, периштең қайтып келдиме? Бала жуўап бермеди, өз нәўбетинде бул сораў мени ойландырып қойды.»[7]-басламасы ўақыяға қурылған. Автор мақаланы өз бақлаўларында көрген ўақыядан баслаған. Әлбетте кишкене балалар жасы үлкенлердиң айтқан ҳәр

[7] Н.Мәмбетырзаева. «Қарақалпақстан жаслары» 2012-ж №36-37, 23-август

бир гәпин ядында сақлап қалады. Балалардың арасында биреўи « –Апам айтты адамның еки ийнинде көзге көринбейтуғын периштелер отыратуғын екен. Соның ушын ийиннен услаўға болмайды»-дейди. Әлбетте балалардың ҳәрекетлерин көрип, оның қандай орталыкта тәрбия алғанын билиўге болады. Автор жәмийетшилик арасында кең түрде қолланатуғын ырымлар олардың мәнис-мазмунына тоқтап өтеди: «Халқымыз жүдә ырымшыл. Ырымға исенбеймен деп, және оны қоллайды. Әсиресе бул исте кемпир апаларымыз устасы пәрең. Бул өнерин ақлықларына да үйретиўден шаршамайды»-деп биз қолланып ҳәм үйреншикли болған бул ырымлардың мазмунын да айтады. Мысалы: «Балам босағада турыўға болмайды, я ишке кир, я сыртқа шық; ҳәй бала үйге қарап жуўырма, жаман болады; табаныңды тартпа үйдиң дәўлети қашады, үй ишинде ысқырыўға болмайды сыяқлы ырымларды қайталай бергеннен кейин баланың мийине сиңип қалады, нәтийжеде ол көп исти қылыўға болмайды екен деп ойлайды, екинши тәрептен унамсыз ислерди қылыўдан сақланады». Келтирилген ырымлардың бул түрлери ҳәр биримиздиң күнделикли турмысымызда қолланылып жүрген ямаса ҳеш кимди таң қаларлық ойларды келтиреди деп айта алмаймыз. Себеби биз де оларды кишкенелигимизден санамызға сиңдиргенбиз. Және де айтып өткениндей « Ырымлар бир тәрептен ақыл нәсиятқа уқсап кетеди. Лекин, кимгедур ақыл айтсаң тыңлағысы келмейди, ал ырым айтсаң көбирек исенеди. Буның себеби динге байланыслы болғанлығында. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлигинде берилиўинше, ырым: диний сөз болып, исенимге байланыслы пайда болған ески үрп-әдеттиң бир түри екен. Соның ушын да жасларға қарағанда, үлкенлер көбирек ырым етеди», -деп күнделикли турмысында айтылып  ҳәм орынлап үйренген бул дәстүр ҳаққында билгенлерин аудиторияға усынған. Бул мақаланы оқыған соң инсан баласының ҳәр бир атқан адымына тийисли ырымлардың бар екенлигин және бир мәрте аңлайсаң.

**«Пикир»** рубрикасында **«Үйлениў аңсат, үй болыў қыйын»** атамасындағы мақалада: «Қарақалпақстан телеканалында соңғы ўақытлары

көрсетиўлердиң саны да, сапасы да унамлы тәрепке өзгерип, көпшилик тамашагойлердиң кеўлинен шыққандай машқалаларды эфирге алып шықпақта. Жақында ғана усындай көрсетиўлердиң бири «Мүнәсибет» те халқымыз арасында үйлениўдиң «дәстүр»ге айланып үлгерген қыз алып қашыў мәселеси ҳаққында пикир алысыўлар көрсетилген еди»[8]-деп баслайды. Әлбетте халықтың айнасы есапланған телевидениеиги ҳәр бир көрсетиў тийкарынан аудитория ушын хизмет етеди. Бул мақаланың авторы да Қарақалпақстан телевидениесиниң тамашагөйи сыпатында бир көрсетиўден алған тәсирлерин редакцияға жазады. «Көпшилик тамашагөйлер қатары мен де бул көрсетиўди дыққат пенен көрдим ҳәм қарама-қарсы пикирлердиң, әжайып мәсләҳәтлердиң гүўасы болдым. Улды үйлендириў, қызды қутлы жерине қондырыў ҳәр бир ата-ананың үлкен қуўанышы, арзыў-әрманы емес пе? Бизиң дүньяға келип, ул-қыз өсирип, камалға келтириўдеги мақсетимиз де усы емес пе?». Ҳақыйқатында да перзент тәрбиялап атырған ата-ана олардың келешекте бахытын тилеп, жәмийеттен өз орнын табыўын қәлейди. Олар қайсы ўақытта не ислеп атыр екен деп бар ойы перзентлеринде болады.

«Солай екен не ушын биз, ата-аналар баламыздың саналы түрде жынаятқа қол урыўына, қызымыздың көшеден ерксиз түрде (көпшилик жағдайда) урланып кетиўине бийпарық болыўымыз керек»,- деп бул дәстүрге сын көзқарасын билдирип өтеди. «Ең ашынарлысы кейинги ўақытлары тез-тез қулаққа шалынатуғын гәплердиң бири ерте турмыс қурыў. Өзбекстан Республикасы Конституциясында қызлар ушын 17 жас, жигитлер ушын 18 жас белгиленген. Тилекке қарсы, усы көрсетилген жастан бурын турмыс қурып атырғанлардың гүўасы болып атырмаз. Енди, усы жаста турмыс қурған жасларымыз қалайынша ертеңги күни өз арбасын тартып кете алады? Қашанғы ата-аналарымыздың напақасы менен жасаймыз? Әсиресе, ҳәзиргидей жағдайда турмыс қыйыншылықларына шыдам бере алмай, ажырасыўға мәжбүр болып атырғанлар аз ба?»- деп автор мақала даўамында

---

[8] З.Турымбетова «Қарақалпақстан жаслары» 2011-ж №5-6, 27-январь

бир неше сораўлар қойып жеке пикирлерин келтирип өткен. Жаслардың шаңарақ қурыўында турмыс соқпақларының бир тегис емес екенлигин, оларды турмысқа таярлаўда сабақлары менен көрсетиўлердиң шөлкемлестирилгени де орынлы. «Усындай ойланбастан исленген ҳәрекетлер нәтийжесинде хожалық бузылады, усы арада бала болған болса тири жетимлер пайда болады.(Мысалы көрсетиўдеги Әзиманың турмысы)». Демек, ҳәр бир исти орынлаўда тереңнен ойланып соң жуўмақлар шығарылса мақсетке муўапық болады. Нәтийжеде ашынарлы жағдайлардың пайда етпейди. Бундай мазмундағы мақалалардың тәрбиялық әҳмийети үлкен. Олардан оқыўшы сабақ алады.
«Өзбекстан Республикасы Конститутциясының 63-статьясында: «Шаңарақ жәмийеттиң тийкарғы буўыны есапланады ҳәм жәмийет, мәмлекет қорғаўында болыў ҳуқықына ийе» деп көрсетилген.

Демек, шаңарақ жәмийеттиң тийкарғы буўыны екен, ертеңги жәмийетимиздиң келешеги бүгинги қурылып атырған шаңарақ ағзаларынан, туўылып атырған нәрестелеримиздиң денсаўлығынан ғәрезли. Сонлықтан да Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2003-жыл 25-августтағы қарарында көрсетилгениндей ҳәр бир шаңарақ қурып атырған жаслар некеден алдын шәртли түрде медициналық көриктен өтилсе мақсетке муўапық болар еди»-деп бул қатардағы пикирлерин белгиленген нызам, қарарларды айтып өткен. Ҳақыйқаттанда шаңарақ қурыўшы жаслар, мәмлекеттиң ишиндеги кишкене мәмлекеттиң тийкарын салыўшылар есапланады. Сонлықтан оларға пәраўан турмыс тәризин жаратып бериў елимиздеги баслы бағдарлардың бири саналады. Автор мақаланың жуўмағын былайынша жуўмақлайды. « Пикиримниң соңында сүйикли шайырымыз Т.Жумамуратовтың мына қосық қатарларын келтирип өткенди мақул көрдим:

Ул перзентиң куўанышлы тойханаң,
Қыз перзентиң барып келер бай қалаң,
Жақсы перзент кеўилиңниң куяшы,

Қартайғанда жасартады қайтадан». Бул мақаланы оқып биз тек басылымлардағы мақалаларға пикирлер билдирип қоймастан телевидениедеги көрсетиўлерге де аудиторияның пикирлер билдиретуғын айтыўымызға болады. Онда «Мүнәсибет» көрсетиўиндеги алып шыққан теманың мазмунына пикир жазған. Жасларды турмысқа таярлаўда, ата-ананың орны гиреўли ҳәм әлбетте әтирапымыздағы турмыслық ўақыялардың тәсири болады. Елимиздиң тийкарғы исениўшилериниң бири болған жаслар, усы көрсетиўлер нәтийжесинен жуўмақлар шығара алыўы лазым. Себеби шаңарақлардың тынышлығы, социаллық турмысының пәраўанлығы мәмлекет келешегин пайда етеди.

Республикамыздағы жәмийетшиликке хызмет етип атырған ҳәр бир басылымның баслы мақсети аудиторияға информацияларды тез, анық жеткериў.Соның менен бирге басым көпшиликти қурайтуғын жасларға туўры жол-жоба берип, тәрбиялаў, алға қарай умтылдырыў болып есапланады. Сондай-ақ, глобалласыў дәўиринде жасларымыз дәслеп өзиниң кимлигин аңлаўда, жеке пикирин қәлиплестирип, баян ете алыўды жоқарыда келтирип өткен мақалаларымыз тийкарғы таянышлардың бири болады. Олар қанша көп оқыса да көплик етпейди, нәтийжеде олардың дүняға көхқараслары кеңейип, ҳәр бир машқаланы шешиўде тереннен ойлаў қабилети қәлиплесе баслайды. Ойлаў дәрежеси жоқары болған жас әўлад ҳәр қандай шәраяттада екинши бир айтқан инсанның гәпине қулақ асып, изине ерип, ол айтқан унамсыз ҳәректлерди ислеместен сол ўақытта ол нәрсениң дурыслығы ямаса надурыслыгына өз баҳасын бере алады. «Мәмлекеттиң келешеги жаслар қолында» деген уранды алға сүрип, елимиздиң абадан турмысын еледе беккемлеўге үлес қосыўды мақсет етиўимиз керек. Өз елине садық, қәдирине жететуғын жасларды тәрбиялаўда жуўапкершиликти ўақтында сезине алыў лазым. Елимизде ҳәр бир жас әўладты қоллап-қуўатлайтуғын шөлкемлердиң барлығы ҳәммемизге мәлим. Демек, бул шөлкемлерге оларды тартыўда шаңарақтағы орталық ҳәм оларды тәрбиялаўдағы мийнетлери жоқары болған устазлар оқыўшылардың

қызығыўшылықларын үйренип тийкарғы жол-жобаларды ўақтында силтей алыўы керек. «XXI әсир хабар технологиялары» әсиринде жасларға информация алыў дереклерин шеклеў надурыс есапланады. Ал, руўхый байлығы жоқары жас әўлад глобалласыў дәўиринде де унамлы ҳәм унамсыз көзқараслардың паркын жеке өзи де туўры белгилей алады.

## 2.2. Жаслар жәмийетшиликке пикир таслайды

*«Ҳәммемизге мәлим болыўы керек, «ахборот әсири» деп аталған XXI әсирде қайсы мәмлекет ямаса жәмийет өзин темир дәрўаза менен қоршап жасай алмайды. Әйне пайытта, аўҳал сондай екен, деп қол-қаўыстырып отырыўға да туўры келмейди, бундай шеклеўлерге жуўап ретинде, биз де, әпиўайы болмастан, керекли шараларды көриўимиз керек»*[1] -деген еди Президентимиз. Бул дәўирдиң талапларынан келип шығып айтқанымызда, жәмийетимизге кирип келген ҳәр бир заманагөй технологияларда түрли хабарлар алыў мүмкиншилиги бар. Ал бүгинниң жаслары да оларды өзлестирди ҳәм еркин басқара алады. Себеби олар жәҳән талапларына сай болған оқыў орынларында оқып тәлим алып келмекте. Демек, келешек жаслары өзиниң жеке пикирине ийе, жәмийетимиздиң раўажланыўына үлес қосатуғын инсан болып камалға келиўи елимиздиң баслы мақсетлердиң бири саналады. Сол тийкарда оларға ҳәр тәреплеме шәраятлар жаратылған, ал олардан болса изленислер менен мийнетти талап етти.

Жас әўладлардың жеке ҳәм улыўмалық пикирлерин анық жеткере алыўында оларға таяныш болатуғын бағдарлар бар. Сол көзқарастан жаслардың пикирлерин тыңлап, оларға турмыслық ўақыяларды жеткериў менен тәрбиялық характери жоқары болған басылымларымыздың бири «Қарақалпақстан жаслары» газетасы есапланылады. Газетадағы мақалаларда жәмийетлик пикирлер ҳәм жасларға арналған темаларда материалларды үйрениў нәтийжесинде оларды талықлаймыз. Газетадан орын алған бундай кең мазмунды қамтыўшы мақалаларды төмендегише бөлип қараймыз:

1.Жаслардың пикирлерин билдириўинде рубрикалардың әҳмийети

---

[1] И.А.Каримов. «Энг асосий мезон ҳаёт ҳақиқатини акс эттириш» Тошкен «Ўзбекистон» 2009. 12-б

2.Жаслар газетасында исмлерге болған мүнәсибетлер

3.Тойлардағы айырым дәстүрлерге шек қойыў

4.«Дөңгелек стол» әтирапында сәўбетлескен темалардың әҳмийети

**§1.Жаслардың пикирлерин билдириўинде рубрикалардың әҳмийети:** Газета рубрикалары оның көркемп безеиўиниң бир түри болыў менен бирге газетанын мазмунын байытыўда әхмийетке ийе.Биз дәслеп рубрика сөзине түсиник берип өтемиз. «Рубрика-латынша сөз болып, қабыл етилген нызамның қызыл сыя (бояў) менен жазылған темасын аңлатқан. Соңын ала газета-журнал мақалаларының тематикасын ҳәм бағдарын аңлатыўға пайдаланылған. Рубрикалар теманың үстинде, гейпара ўақытлары мақала ортасына жарып бериледи»[1].

**«Пикир жастан шығады»** рубрикасында жаслардың байланыс тармақларынан пайдаланыўы ҳаққында автордың пикирлерин оқыймыз. **«Ҳәр нәрсениң өз орны бар»** мақаласы. Онда: «Ҳәзирги ўақытта дүнья жүзи бойынша интернет пайдаланыўшыларының көпшилиги социаллық тармақлардан пайдаланады. Ҳәттеки айырым жасларымыз Интернет десе көз алдына социаллық тармақлар келеди. Ҳәзирги глобалласыў процессинде Facebook, Twitter, Мой Мир, одноклассники сыяқлы социаллық тармақлардың пайдаланыўшылары жылдан-жылға артып бармақта»[2]-деп баслаған автор өз пикирлерин. Ҳәзирде ҳәр бир инсан ол мектеп оқыўшысы, жоқары оқыў орнының студентиниң де интернет тармағынан пайдаланыўға зәрүрлиги күннен-күнге артып бармақта. Демек, атап көрсетилген социаллық тармақлардың пайдаланыўшылары тек ғана жаслар емес. Солай екен, бул тармақлардың ҳәзирги күнде социаллық қатлам ўәкиллери арасында да әҳмийети жоқары. Глобал тармақларда жаратылғ имканиятлардан өнимли пайдаланып, өз ўақытларының қәдирине жетсе мақсетке муўапық болады. «Байланыс қуралына айланған бундай социаллық тармақлардың тәсирине түсип қалған жасларымыз да аз емес. Ал ҳәзирги ўақытта бизиң жасларымыз

[1] Ш.Уснатдинов Журналистикаға кирисиў. Нөкис «Қарақалпақстан» 2009.140-б
[2] Б.Халмуратов «Қарақалпақстан жаслары» 2013-ж №5-6, 23-январь

қайсы социаллық тармақ хызметлеринен пайдаланады ҳәм қандай мақсетлерде?- деген сораў өз-өзинен туўылады. Бул сораўдың жуўабын жасы үлкен ата-апаларымыздан да сорасаңыз айтып бериўи мүмкин. Бул Mail.Agent. байланыс қуралы». Ал бул көзқарастан жасларымыз арасында бул тармақларға жеңил көзқараста болып, өз ўақытларын бийпарўа өткерип атыр деген пикирлерди пайда етеди. Бул тармақлардан пайдаланыўда имканиятларынан келип шығып, өзлерине шеклеў де коя алыў лазым. Автор жаслардың тийкарғы байланыс қуралларының бири почтаның пайда болыўы ҳаққындағы мағлыўматты төмендегише келтиреди. «2003-жылы Россияда mail.ru компаниясы өз искерлигин баслаған еди. Дәслепкисинде бул компания өз искерлигин электрон почта хызметинен баслаған болса, кейин ала ол турмыстың барлық тараўларын өз ишинде қамтыйтуғын ири жобалар комплексин жәмлеп үлкен порталға айланды. Мине усы жобалардың ишинде m.Agent хызметиде пайда болды. Дәслепкисинде бул байланыс қуралынан Интернет тармағына жалғанған жеке компьютер пайдаланыўшылары пайдаланған болса, ал ҳәзирги күнге келип Мобил байланыс қуралларынан пайдаланыўшылар да бул хызметке қосылған».

«Ҳәр заттың өз мөлшери, шегарасы болғаны сыяқлы алтын ўақтымызды үнемли пайдаланып, m.Agent-тен де тек ғана зәрүрли ҳәм мазмунлы нәрселер ҳаққында сәўбетлессек мақсетке муўапық болады.»-деп жазады. Әлбетте қандай шәраятта да ўақтымызды уттырўға әдетленбегенимиз мақул. Ўақтымызды ҳүрметлеп үйренсек, бул тек ғана өзимизге шешиўши күш болып хизмет етеди.

***«Мениң пикирим»*** рубрикасын газета оқыўшылары дыққаттан шетте қалдырмаўы сөзсиз. Себеби бүгинниң жас әўлады қызығыўшаң, ҳәрекетшең болыўы менен жоқары жетискенликлерди ийелеп атырғаны ҳәммемизге мәлим. ***«Қызлар неге ерте ержетип атыр?»*** мақаласында: «Қызлар-өмир гүллери. Сулыў болып ашылған гүллерге ҳәмениң де ҳәўеси келеди. Сол сыяқлы қарақалпақ қызлары да гүлдей ашылып, өз ийбеси, назы менен

өзгешеленип турады. «Қыз өссе елдиң көрки» деп бийкарға айтылмаған»[3]. Мақалада қызлардың ийбели, сыйласықлы болыўы кереклигин өзи қатарлы жасларға айтады ҳәм Бул ақылдың бәри усы қыздан шығып атырма?- дерсиз, деп сораў қойып жуўабын жазады. «Буларды мен анамнан еситтим, ол журналист. Еле де үйренетуғынларым көп»,-деп айтады мақала авторы ҳәм өзи де персонаж сыпатында қатнасқанын көремиз.Демек, биз шаңарақта ата-анамыздан турмыслық тәжирийбесинен көп нәрселерди үйренип барамыз. Ал басылымлардың аудиторияға турмыслық тәжирийбе топлай алады, деп айтсақ қәтелеспеймиз. «Қызларымыздың ерте ер жетип атырғанына уялы телефон, комьютер, телевизор сыяқлы соңғы заманагөй үскенелер де себепли болса керек. Мейли, қызлар ерте ержетип, санаңыз өсип атыр екен, оған қуўанышлымыз»,-деп жеке пикирин билдиреди. Дурыс, бул байланыс қуралларынан пайдаланбайтуғын инсанның өзин арамыздан табыў қыйын. Лекин олардың бизиң турмысымызда оғада пайдалы тәреплериниң көп екенин де атап өтиў керек. Телефон, компьютерлерден қалай пайдаланыўы инсанның жеке өзине байланыслы. Автор мақаласында жаслар газетасында өзиниң билгенлерин өзи қатарлы жаслар менен бирге бөлисиўи оның жетискенлиги деп айтыўға болады.

***«Мүнәсибет»*** рубрикасында автор әтираптағы өзин таңландырған айырым қубылыслардың бирин сәўлелендиреди. ***«Сырға тағыў қызларға тәнбе, яки…»*** мақаласы арқалы минталитетимизге тән ҳәрекетлеримиз бенен ажыралып турыў кереклигин айтады. «Халқымыздың «Көк көйлек», «Сәўкеле», «Киймешек» сыяқлы мақтанышлы кийимлерине шет еллерден келген мийманлар баҳалы пикирлерин билдирмекте. Бул әлбетте бизиң миллийлигимизге болған ҳүрмет итибардың көриниси ҳәм үрп-әдетлеримиз қайта тикленип, музейлер ашылып, миллий байлықларымызға деген итибар қаратылды ҳәм оларды еледе раўажландырыў жолға қойылмақта. Бүгинги күнде халқымыздың көпшилик бөлеги әсиресе жасларымыз миллий кийимлеримизди мақтаныш етип кийип жүрмекте. Бул әлбетте унамлы

[3] Н.Юлдашева «Қарақалпақстан жаслары» 2012-ж №6, 9-феврал

тәреплериниң бири»[4]. Әлбетте турмысқа енди қәдем таслаған жас әўладларымызға миллий дәстүрлер ҳәм миллий кийимлер, тағыншаклардың атамасы келтирип өткен. Ҳәзирги күнниң жаслары бул миллий мирасларымызды музейлерде көреди, ал олардың мәнис-мазмуны менен усындай баспасөз материаллары арқалы да үйренип барады. Олар биз үйреткен нәрсени туўры қабыллайды, келешекке терең пикирлери менен дәслепки қәдем атады. Сондай-ақ, жағымсыз ҳәрекетлерден өзин аўлақ тутып, орынлы ислерди әмелге асырыўға урынады. « Деген менен дейди автор: Ең ерсили тәрепи-ер балалар арасында да сырға тағыў үрдиске айланып баратыр. Бир күни қаламыздағы машиналардың биринде қулағына сырға тағып отырған ер баланы көрип, оннан не ушын сырға тағып жүрсиз-деп жуўап берген еди. Мениң пикиримше бул мода дегени бизиң миллетимизге, минталитетимизге туўры келмейтуғын кийимлерди кийиў, қалаберсе, сырға тағыў тек қызларға ғана тән деп ойлайман»- деп автор жеке пикирин айтады. Мақалада айырым жасларымыздың еликлеўшилик тәреплерине қарата мүнәсибетин билдирген.

**«Жәмийет ҳәм жаслар»** рубрикасында жаслар менен биргеликте өткерилген шөлкемлестириў хаққында орынлы пикирлер менен баян етилген. **«Жасларды сергекликке шақырайық»** мақаласының авторы З.Ханиязов. Ол мақаласында: «Президентимиз И.Каримов өзиниң «Өзбекстан XXI әсир босағасында…» атлы китабында былай деп жазған еди: «…Анық-рәўшан, жәҳән жәмийетшилиги диний экстримизм ҳәм фундаментализм киби кескин ҳәдийселер мүнәсибети менен тынышсызланып атырғаны, базыда ҳәтте қәўипсиреп атырғаны да көзге тасланбақта… Ҳәзирги заман тарийхында усы оғада кескин көринислер келиспеўшиликлерди, қарама-қарсылықларды келтирип шығарыўы, турақлылық ҳәм қәўипсизликке қәтер салыўы мүмкинлиги инсаниятты шоршытпақта»[5]. Әлбетте бундай ҳәрекетлер хәр қандай жәмийетке де қозғаў салады.

[4] Ҳ.Нуржанова «Қарақалпақстан жаслары» 2012-ж №4-5, 26-январь
[5] З.Ханиязов. «Еркин Қарақалпақстан» 2011-ж №151. 15-декабрь

«Дүньяда турақлылыққа қәуип салып атырған, өзиниң бул қәупи менен жәҳән жәмийетшилигин шоршытып атырған диний экстиримизм, фундаментализм, терроризмниң өзи не?»-деп сораў қояды ҳәм бул сораўларына мақала даўамында жууап береди.

Әлбетте Камалат жаслар жәмийетлик ҳәрекетиниң баслы мақсети жасларды бирлестириў, саламат турмыс тәрзи талаплары тийкарында тәрбиялаў, жәмийетте мүнәсип орынды ийелеўге жәрдем бериў, жас әўладтың таянышы ҳәм сүйениши болыўдан ибарат. Сондай-ақ, жаслардың алдында турған машқалаларды шешиў, олардың мәдений дәрежесин, ҳуқуқый билимлерин тереңлестириўде шөлкемниң бир қатар жумысларды орынлап атырғанын айтыў орынлы.

«Жасларда жаман иллетлерге қарсы тура алатуғын иммунитетти қәлиплестириў ҳәм беккемлеўде төмендеги илажларды әмелге асырыў мақсетке муўапық болады. Оқыў орынлары, мәкан, кәрхана, шөлкемлерде жасларды Ўатан сүйиўшилик руўхында тәрбиялаўға қаратылған әмелий илажлар ҳәм де руўхый-мәдений жумыслардың тәсиршеңлигин асырыў; жасларды спорт илажларына кеңнен тартыў; оларда миллий мақтаныш сезимин оятыў; миллий қәдириятларымызды жаслар санасына сиңдириў сыяқлы илажларды әмелге асырып барсақ, ийгиликли ислеримиздиң нәтийжелигиги асып бара береди»-деп автор мақаласын жуўмақлайды.

Жаслар газетасы жаслардың таянышы болыўы менен бирге олардың санасында миллетимиздиң өзгешелик тәреплерин, миллий қәдириятларымыздың, халқымыздың уллы инсанларының өмир жолын, ислеген мийнетлериниң бүгинги нәтийжелери арқалы қәлиплестирип барады.

### §2.Жаслар газетасында исмлерге болған мүнәсибетлер

Олардың бири: ***«Келиң ойласайық»*** рубрикасы астында исмлердиң өзгеше түс алып атырғанын айтып өтеди ҳәм ўақыялар менен байланыстырады. ***«Қызыңның атын ким қойдың?»*** сораў формасындағы мақала:

«Жақын курдасымыз қызлы болды.

-Қызыңның атын ким қойдың? –дедик нәрестени туўыў үйинен алып келгеннен кейин.

-Диана, дейди құрдасымыз мардыйып.

-Дианасы неси, дедим ҳайран қалып.

-Диана деген принцессаның атын билмейсең бе? Жер жүзиниң бәри биледи, деп ол маған ҳайран қалады»[6]- басламасы усылайынша ўақыяға қурылған. Бул арқалы биз не ҳаққында сөз етпекши болғанымыз мақала басынан-ақ таныс болыўы мүмкин ямаса биз бүгинги күнде жәмийетимиздеги қойылып атырған айырым таң қаларлық исмлерге сын пикирлер билдирилгенин газета бетлеринде жәрияланған мақалаларда ушыратамыз. Нәресте бул жарық әлемге келген соң оған исм қойылады. Исм қойыўда биз жәмийетлик искер, қаҳарманлар, батырлар атларын қарап, уллы ҳәм белгили инсанлар болсын деген жақсы нийетлер менен олардың исмлерин қоямыз.

Ал мақаланың даўамында: «-Өзимиздиң Гүлайым, Қаншайым, Тумарис батырларымыз турғанда шет елдиң ханымының атын не қылайын деп едиң,- деп бираз қапа болдым.

Растан да буннан бес-алты жыл бурын қызының атын естрада атқарыўшылары менен, кино жулдызларының атларына еликлеп Алсу, Алла, Райхон(Райхан емес), Сабрина, Моника, Нилуфар, Тангем деп қойыўшылар көбейип кетти»-деп келтиреди жоқарыдағы исмлерди. Жәнe де өзи гүўасы болып таңланып ҳәм сын пикирлери менен ўақыяны баян етеди. «Жақында ғана ақлықлы болған достым қызының атын Роза деп койды.

- Мен келешекте қызым үлкен алым болып жетисер, шет еллерге барып оқып келер, шет еллерде халыкаралық симпозиумларға қатнасып, халық атынан шығып сөйлер. Сол ўақытта қарақалпақша ат қойып, шет еллилердиң тили айланбай турып, қызым уялып қалмасын деп атырман, - деп ақлықлы болған достымыз шашыўда толып-тасып сөйледи»-деп, бул қатарларда аўызеки стилде қаҳарманлардың бириниң сөзин берген. Ҳақыйқатында да шет елге

[6] «Қарақалпақстан жаслары» 2012-ж, №10-11, 8-март

барып нәтийжели орынларды ийелеўдеги баслы мақсети биз жасап турған үлкемизди дүнья еллерине таныстырыў емеспе? Биз қандай мәртебеге жетисиўимизде елимиз қаншадан-қанша имканиятлар жаратылған.Бул имканиятлардың нәтийжесинде ғана биз талантымызды асырып, мақсетимизге ерисетуғынымызды есте сақлаў лазым. «Үлкен-үлкен минберлерден қарақалпақ қызының аты жаңлап еситилип турсын деп тилек тилеўдиң орнына, еле қундақтағы ўақтынан басқа халықларға бейимлес деп тәрбиялаўға кирискени неси?

Не бир халықаралық симпозиумларда қайсы миллеттиң аты болса да жаңғыртып айтып атырған жоқпа? Хван Я Ким десе кореец миллетиниң ўәкили, Иванова десе «Орыс қызы екен» деп атырған жоқпызба? Буннан тысқары қарақалпақ қызлары, соның ишинде қарақалпақ халық бақсысы Гүлнара Алламбергенова, Зулфия атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты Гүлбаҳар Ақымбетовалар дүнья жүзиниң көплеген мәмлекетлерине барып, қарақалпак қосықларын жаңғыртқанда оларға атларыңыз қалай-қалай, - деп атырған бир адамды ушыратпайсаң. Қайтама бизиң қызларға сүйиспеншилик сезими, қосықларына ҳәўес пенен қарайды» – дейди автор ҳәм өз пикирин ортаға таслайды. Бул мақалада жәмийеттеги қубылыстың, гүўасы болғаннан кейин автор газетаға жәрия етеди. Мақала ақырындағы «Не дедиңиз?...» деген автордың сораўына жуўап келеди.

Бул мақалаға жуўап ретинде: **«Миллийлигимизди умытпайық»** атамасындағы мақалада пикир билдиреди. Онда: «Бурын халқымыз балаға исм қойыўда елге, халыққа сыйласықлы жасы үлкен аталар, аналар менен ойласып, пикирлесип қоятуғын болған. Ҳәзир турмысымызға шет елли кинолар, сериаллар араласып, телевизор арқалы күнде тәкирарланып, қайталанып, еситилип турған атларға еликлеп қойылып атыр. Ҳәттеки шүберек-шаршыларға ҳәм ер адамлардың кийимлерине атлардың қойылып атырғанына да ҳайран қаласыз»[7] - деп айтып өтилген. Ҳақыйқатында ҳәр бир нәрсеге жасаў орталық, әтираптағы жүз берген ўақыя, телевидениеден

---

[7] .О.Қошанова «Қарақалпақстан жаслары» 2012-ж №19, 3-май

берилип атырған телесериаллардың да тәсири болады. Соған қарап, еликлейди, ҳәттеки өзиниң идеалындағы (ойындағы) инсанға да айланыўы мүмкин. Сонлықтан оларға туўры бағдар бериўде ғалаба хабар қуралларының хызметлери айрықша. Аудиторияны тәрбиялаў менен бирге олардың мәнаўиятын жоқарылатып, идеологиялық бослықтың келип шығыўына ҳеш қашан да жол коймаўы лазым. Идеологиялық бослық болған жерде әтирaптағы ҳәдийселерге итибарсызлық келип шығады. Итибарсызлықты, унамсыз қубылыслардың алдын алыўда биз бирлесип ис алып барғанымызда жоқары нәтийжелерге ерисемиз. Мақаланың баслы мақсети- жәмийетшиликке пикир оятыў. Усы көзқарастан қарағанда «Қызыңның атын ким қойдың» мақаласы жәмийетшиликке ой сала алғаны менен әҳмийетли.

**§3. Тойлардағы айырым дәстүрлерге шек қойыў ҳәм «Дөңгелек стол» әтирапында сәўбетлесиў темаларының әҳмийети:**

**«Орынлы-орынсыз шашылған пуллар...» атамасындағы «Дөңгелек стол»** әтирапындағы сәўбет. Автор сәўбетлесиўдиң басламасында былай жазады: «Газетамызда жәрияланған «Той-тойдай болсын...» атлы мақаламды оқығанлар ҳәр түрли пикирлер айта баслады. Инсанийат бар жерде тойлар бериў **дәстүри бар.** Тойлар ҳаққында пикирлер де көп. Бас редактор тәрепинен «Дөңгелек стол» шөлкемлестириў тапсырылған еди. Редакциямызға пикир айтып, тойларымыздың жақсы ысырапкершиликсиз өтиўине өз үлесин қоса алады деген адамларды шақырып, «Дөңгелек стол» әтирапында сәўбетлесиў шөлкемлестириўге еристим»[8] . Газетаның алдыңғы санларында журналисттиң кең көлемли мақалаларын оқып, мазмуны менен танысқан едик. Ал енди «Орынлы-орынсыз шашылған пуллар...» атамасындағы сәўбетлесиўде жәмийетшиликке тәсири жоқары, ҳәр қыйлы пикирлерди пайда етери сөзсиз. Бул сәўбетлесиўге Е.Ерманов, «Еркин Қарақалпақстан» газетасының агросанаат редакциясының редакторы. Қарақалпақстан Республикасына мийнети синген журналист,

[8] А.Турекеева «Қарақалпақстан жаслары» 2013-ж №11-12, 28-февраль

У.Таңирбергенова- Нөкис қаласы нураний устаз ҳәм исбилермен, Б.Разов, З.Мустапаевалар ҳәм тағы басқалар менен биргеликте кең мазмунды өз ишине алған бул тема дөрегинде пикир алысыўларды мақаласында жазады. Олардың пикирлерине қысқаша тоқтап өтетуғын болсақ: Е.Ерманов бул тема ҳаққында пикирлери: «Той ийеси бир өзи той бере алмайды. Сол ушын мәканда сол жердиң басшысы, бийлери олар менен ийинлесип турып той атқармаса ҳәр ким өз билгенин қылады»-дейди. Жәнe ол тойдағы жаслар сейили «Гулянка» ҳәм «Келин кийетуғын ақ көйлектиң не кереги бар?», «Қуда шақырыққа да гейде 25-35, ҳәттеки 40 адамға шекем барады»- деген пикирлерди айтады. Әлбетте, шанарагымызда той болатуғын болса, оны жақын ағайинлер, қоңсы-қоба, жасы үлкенлер менен ойласылады. Жоқарыда келтирилген пикирлердиң түп мәниси ысырапгершиликке барып тақалады, бул пикирге ҳәр бир инсан шын көзқарас пенен қарағанында жәмийет ушын қолайлық тәреплери бар екенин түсинеди.

Ал екинши қатнасыўшы Б.Разов былайынша пикир билдиреди:

« “Жыйған тергениңиз тойға буйырсын” деген жақсы гәп бар. Бир-еки күнлик маба деп ысырапкершиликке жол қойыў гүна саналады. Жеп ишиңлер ҳәм ысырап қылмаңлар. Әлбетте Аллаҳ ысырап қылыўшыларды жақсы көрмейди. Бирақ, керегинен артық жеў де ысырап қылыў дегени. Аллаҳ тала “Егер (нематына) шүкир қылсаңыз нематымды және де зыяда қылып беремен” мазмунындағы аятта бенделерин ҳәр бир исте шүкирлик қылып, ысырапқа жол қоймаўлыққа шақырмақта. Демек Аллаҳ тааланың нематларына шүкирлик етсек той-мерекелеримизде ысырапқа жол қоймасақ Аллаҳ тала халқымызға өз берекетин жаўдырады екен». Ҳақыйқатында да ҳәр кимниң жыйнағаны тек ғана тойларға буйырсын. Сонлықтан биримлеп жыйналған нәрселерди бир-еки күн ишинде жоқ етпей, келешекти де ойлаў керек екенлигин жәмийетшиликке уқтырады.

Журналист бул «Дөңгелек стол» әтирапындағы сәўбетлесиўге ҳәр қыйлы тараўда хызмет етип атырған инсанларды мирәт еткени жүдә орынлы. Бул жыйналғанлардың кең мазмунлы пикирлерин бир мақала ишине

жәмлестирген ҳалда жәмийетшиликке тәсирли етип усына алған. Газетаның кейинги санларында журналисттиң шөлкемлестирген бул сәўбетлесиўине сыртқы авторлардың пикирлер билдиргенин оқыймыз.

**«Тойлар ҳаққында ойлар»** рубрикасында еки автордың мақаласы сәўлелендирилген. ***«Таўар апарып, таўар алып қайтыў шәрт пе?», «Бәри өзимизге байланыслы»*** деген атамадағы мақалалар бир мазмунда жазылган. Мысалы:***«Бәри өзимизге байланыслы»*** деген атамадағы мақаланы: «Көп ўақытлар болған шығар-аў тойлардың өткерилиўи ҳаққында өзимниң пикир-усынысларым туўралы кең жәмийетшилик пенен пикирлесиў нийетинде жүрсем де турмыс машқалалары менен пикир ойларымды жәмийетшиликке жеткере алмай жүрдим. «Қарақалпақстан жаслары» газетасы редакциясы шөлкемлестирген ***«Орынлы-орынсыз шашылган пуллар» атамасындағы «Дөңгелек стол» әтирапындағы сәўбетлесиўде («Қарақалпақстан жаслары» газетасы 2013-жыл 11-сан 28-февраль)*** айтылған пикирлер маған қозғаў салып, барлық машқалаларымды ысырып қойып, қолыма ручка, қағаз алыўға мәжбүр етти»[9]-деп баслағанынан-ақ билиўимизге болады, газетада жәрия етилген мақала газета оқыўшысына түртки пайда ете алған.

«Сәўбетлесиўде жүдә жақсы пикир, усыныслар айтылған. Журналист А.Турекеева «Сонда тойдың не қызығы қалды»-деп сораў қойыўшылар да табылып қалмаспа екен деген орынлы сораўды ортаға дурыс таслаған. Бул тәнҳә мениң жеке пикирим. «Айтыўшы ақыллы болса, тыңлаўшы дана болсын»-деген».Әлбетте ақыллылық пенен басланған ҳәр бир истиң нәтийжеси жақсы болатуғыны сөзсиз. «Тойды дәбдебесиз өткериў, той ийесиниң өзине де байланыслы. Мәкан пуқаралар жыйыны баслығы, аўыл, көше бийлерин жаман атлы ете бергеннен ҳеш нәрсе шешилмейди»,деп орынлы пикир билдирген. Бундай мерекелерди атқарыўда оларды ықшам мазмунлы өткериў өз қолымызда. Дәбдебепаразлыққа берилмей-ақ тойды мазмунлы, қызықлы атқарыўға болады. «Айта берсең тойда орынсыз қәде-қәўметлер, дәстүрлер көп. Бәриниң себепшиси өзимиз, қуры айтылғаннан не

---

[9] Д.Айымбетова, П.Дәўлетмуратов «Қарақалпақстан жаслары» 2013-ж №17,4-апрел

пайда. «Шымшықтан қорыққан тары екпейди». Турмысымызға жат нәрселерди сапластырыў ушын ҳәр биримиз ат салысыўымыз, ҳәр бир нәрсени өз шаңарағымыздан баслағанымыз дурыс болатуғын шығар деген усыныс айтпақшыман»,-деп өз пикирлерин редакцияға хат арқалы жоллайды. Демек, буннан көриўимизге болады, жәмийетшиликтиң өзи де мерекелердеги дәстүрлер ҳәм қәделердиң көбейип баратырғанына наразы. Бундай жаңадан пайда дәстүрлер ҳәм қәделер жәмийетшилик арасында өз-өзинен-ақ өшип кетеди деп айтыўымызға болады. Бул жәмийетшиликтиң пикирлери пүткил аудитория қабыл етеди, ал унамсыз қубылысларды жақсы тәрепке өзгертиўге болатуғынын түсинип барады.

**«Таўар апарып, таўар алып қайтыў шәрт пе?»** деп аталған екинши автордың мақаласы төмендегише басланады:

«-Кешеги бийкештиң көрдиң бе, апарған таўарымыздың бәрин бермеди, алып қалды,-дейди сары сулыўдан келген апа аўзы-аўзына тиймей.

-Дурыс айтасаң шеше,-бизлерге де сөйтти, жалғыз баласының тойы ғо, не қылады екен бергенде,- деп гәпти гүжитип атыр, болар-болмас нәрселерди айтып».Бул күнделикли турмысымызда еситип жүрген темаларымыздың бири. Сондай-ақ, автор еки ҳаялдың өз ара сөйлесиўин алып қарайды. Демек, биз той берген үйге барыўдағы баслы мақсетимиз, алып барған нәрсени қайта жаңалап алып қайтыў ма? Деген мәселени ортаға таслайды. Тойға барғанда қутлы болсын айтып, ағайинниң қуўанышлы күнин бирге бөлисиў сыяқлы жақсы пазыйлетлеримизди биз кең жәмийетшиликке туўры жоллар менен түсиндириўимиз лазым. Жоқарыда келтирген ўақыядан соң автор: «Мен жолда ушыратқан апалардың гәплерин еситип, бир түрли болып кеттим. Себеби мениң қыялымда олардың гәпинен соң шығарылған жуўмақ-ҳәмме нәрсениң, өкпе-гийнениң келип шығыўына себепши болып атырған нәрсе тек ғана шүберек-шаршы деп ойлайман. Ҳақыйқатында да кейинги ўақытларда тойларымызда шүберек-шаршы деп өкпе-гийнелердиң көплеп ушырасып атырғанлығы ҳеш кимге сыр емес. Бундай өкпе-гинелер жас шаңарақлардың бузылып кетиўине де алып келмекте».Демек, әтирамызда

жүз берип атырған бундай ҳәдийселерге, жәмийетшиликтиң бийпарық емеслигин билемиз. Тойда бундай өкпе-гийнелерди келтирип шығарыўда әпиўайы ғана материал да себепши болып атырғанын айтады.

«Жас-жубайлардың тойында бундай кеўилсизликлерге не қәжет екен, ең кереклиси еки жастың бахты емеспе? Еки жастың бахты қалып, шүберек-шаршы деп даў болып тоқтатылған тойларды да көрдим. Тойға таўар апарган адам өзине жақсы таўар алып қайтыўды да ойлап барады.

Бундай ортадағы «апар-әкеллер» жақын дос яранлар, туўған-туўысканлар менен кеўил қалыспаларға арзыйма екен. Еки жастың тойына келген қонақлар да тойға кеўилли келип, кеўилли қайтармеди?». Тойлардағы айырым дәстүрлер үстинде кеўил-қалыспалардың себеплерин айтады. Инсанның кеўли ең нәзик нәрсе дейди, ол сынса қайта орнына келтириў қыйын. Сонлықтан жақын адамларымызды арзымас нәрселер үстинде кеўил қалыспалар менен өкпе – гийнени келтирип шығаратуғын бундай дәстүрлерди орынлаўға не қәжет.

«Усындай машқалаларды өз ишине қамтыған бундай ўақыялар кимниң болса да итибарын шетте қалдырмайды.

Солай екен, бул айтылған пикирлерди барлық теңлеслерим оқып, өзине тийисли жуўмақ шығарыўын қәлер едим». Жәмийетшиликтиң әтирaптағы қубылысларға сын пикирлери басылымларда жәрияланып барыўы, күнделикли турмысымыздағы урдиске айланыў алдында турған унамсыз ҳәрекетлерге тәсир күшин өткере алады.

**«Оқыдық, пикир айтамыз»** деп қойылған рубрикада газетаның алдыңгы санларында шөлкемлестирилген «Дөңгелек стол» әтирапындағы пикирлесиўлерден соңғы пикирди оқыймыз. Мақала атамасы **«Ысырапкершиликке жол қоймайық»** деп аталады. Бул сыртқы автордың пикири былайынша басланады: «Қарақалпақстан жаслары» газетасының 2013-жыл, 28-февралдағы №11-12-санында журналист Арыўхан Турекееваның шөлкемлестириўиндеги «Орынлы-орынсыз шашылған

пуллар…» атамасындағы «Дөңгелек стол» әтирапындағы тойлар мәселелсиндеги пикирлерди дыққат пенен оқып шықтым. Бул сәўбетке республикамыздың ҳәр бир тараўынан үлкен ҳүрметке, абырайға ийе инсанларды шақырып, ой-пикирлерин билдирген»[10]. Әлбетте газетада жәрияланған бул сәўбет ҳеш бир газета окыўшысының нәзеринен шетте қалмаўы сөзсиз. «“Той десе қуў бас жумалайды” дегениндей той бул қудайдың ғәзийнеси делинеди. Деген менен дәбдебеси көп. «Ат өлсе де қәде өлмейди» деген бизиң халқымыздың пилге аўыр, тилге жеңил үрп-әдетимиз көп». Бул келтирилген нақылларда тереӊ мазмун бар.Сондай-ақ, бизиң халқымыздың көп турли дәстурлери бар болғаны бул әлбетте бизиң мақтанышымыз. «Той ата-бабамыздан киятырған үрп-әдет болғаны менен ҳәзирги ўақытта буны дәбдебеге салып, бөрттирип жиберди. Бул бөрттириўдиң себеби неде?»-деп авторымыз сораў қойын жуўабын төмендегише келтиреди. «Себеби, қудайға мың қәтле шүкир айтыўымыз керек, ҳәмме нәрсе баршылықта. Аспанымыз ашық елимиз парахатшылық, қудайдың берген денсаўлығының арқасында ҳәр биримиз ҳәр тараўда жумыс ислеп, ҳәм де ҳүрметли напақада жасап атырған инсанлармыз. Быламықты май келтиргениндей тойды да тойдай ететуғын нәрсе бул пул. Ҳәр бир нәрсениң сораўы бар. Соның ушын той-мерекелерди ықшамлы, ысырапшылық етпей дәбдебесиз өткериўимиз керек болады». Автор келтиргениндей парахатшылықта, тыныш-татыўлықта ҳәм аўызбиршиликте жасап атырған халқымызға тойлар жарасады. Лекин сол өткерилетуғын тойларды ысырапкершиликлердиң алдын алыў баслы мақсет болыўы дәркар. Себеби бул нәрсениң алды алынбаса, ҳәўиж алып кетип, нәтийжеде тек ғана жеке өзимиз жәбир көремиз. Сонлықтан ҳәр бир дәстүримизди ықшамлықта атқарыўды үйрениўимиз лазым.

«Бул нәрселерди жақсы шөлкемлестириўде мәкан пуқаралар жыйынының ақсақал, көше бийлериниң роли жүдә күшли болады. Той-мерекелерде салт-дәстүрлерди бүгинги кунниң талабына сай, мазмунлы,

---

[10] Т.Байлепесова. «Қарақалпақстан жаслары» 2013-жыл, №18-19, 11-апрель.

мәдениятлы, ықшамлы ҳәдден зыят қәрежет сарып етпестен үрп-әдетлеримизди естен шығармаған ҳалда өткериўимиз тийис».Демек, ҳәр бир той-мерекелерди ықшам өткериўге бирлесип ис басласақ, нәтийже жоқары болады. Автор пикирин даўам еттирип: «Неке тойы ҳаққында ой пикиримди билдирмекшимен. Ҳәр бир ата-ана улын уяға, қызын қыяға қондырып, ели-халқын жыйнап той бериўди әрман етеди. Кейинги ўақытлары неке тойларын өткериўде Европа халықларына тән дәстүрлер ен жайып кетти. Бурынлары келинлерди айттырып алғанда жигиттиң ҳәм қыздың ата-аналары өз-ара сөйлесип, келисип, жигит пенен қыздың келисимин алып, жасларға ақ пәтиясын берип, тойларды мазмунлы, ысырапкершиликке жол қоймай өткерген. Бирақ ҳәзирги көпшилик жасларға буларды айтып берсең ерси көрип, исенбейди»-деп жазады. Сонлықтанда жас әўладқа миллий дәстүрлеримиздиң мәнис-мазмунын, әҳмийетин  жаслай қәлиплестире алыў лазым. Басылымлар арқалы усындай кең мазмунды өзинде жәмлей алған мақалалар менен танысып барса, келешекке қәдем таслап атырған жаслар, өмирде ҳәр бир нәрсениң қәдирине жетеди, сергек болыўға урынады.

**«Қарақалпақстан жаслары» газетасында журналист Арыўхан Турекееваның «Қызлар неге ерте турмыс қурып атыр?»**[11] деген атамадағы «Дөңгелек стол» әтирапындағы сәўбетлесиўи жәрияланған. Мақаланы «Шаңарақта қыз перзент дүньяға келсе  қуўанамыз. Қызлар тек шаңарақтың емес өмиримиздиң жалғаўы, гүли, сәни, бахты.Себеби, қызды анам, қарындасым, келешегим-деп ҳүрмет етиў әзел-әзелден қанымызға синген  қәсийет.Сонлықтан, қыз баланың тәрбиясын бергенде жүдә абайлап жантасыў  керек болады. Қыздың жолы жиңишке, егер сол жиңишке жол үзилсе тек шаңарағы емес, жәмийет қыйналады», -деп баслайды. Мақала авторы журналист А.Турекеева. Сондай-ақ жәмийетлик пикирлерди қәлиплестирип, оларды үйғынластыра алыўда журналистлердиң усындай мазмундағы мақалаларының орны гиреўли.  Журналист жәмийеттеги актуал темалардың бирин көтерип шығады. Онда бирнеше арнаўлы қәниге  менен

[11] А.Турекеева «Қарақалпақстан жаслары» 2012-ж №29, 5-июль

жасларымызды ушырастырған ҳалда «Дөңгелек стол» әтирапына шөлкемлестире алған. Онда жазады: «Бүгинги күни айырым қызлардың колледжлерде жүрип, ерте турмыс қурып атырғаны сыр емес. Еле турмысқа таяр болмаған қызлар шаңарақтың тартқысына шыдай алмай, соңғылығы ажырасып атыр. Быйыл «Беккем шаңарақ» жылы. Шаңарақ мәмлекеттиң бир бөлеги»,-деп атап өтеди. Бул мазмундағы сәўбетлесиўге ПХАЖ бөлими баслығы, Пуқаралық жыйыны мәсләҳәтшылеры менен колледжди питкерген оқыўшы қызлар арасында пикирлесиў болып өткерген». Биз мақаладағы қатнасыўшылардың бири Салтанат Пирназарова- Нөкис қалалық Пуқаралық ҳалатларды актлестирип жазыў (ПҲАЖ) бөлими баслығы ямаса қәнигениң пикирине тоқтап өткенди мақул деп таптық. Ол айтады: «- Өзбекстан Республикасы Шаңарақ кодексиниң 2-бөлими 3-бабында 13-статьядан 17-статьяға шекем некеден өтиў тәртиби ҳәм шәртлери көрсетилген. Неке ер балалар ушын 18, қызлар ушын 17 жас деп нызамда белгилиенген.

Усы жыл бүгинги күнге шекем Нөкис қаласында 1040 шаңарақ некеден өтти ҳәм сол дәуир ишинде 2994 нәресте дүньяға келип, туўылғанлығы ҳаққында гүўалық алды»-деп анық фактлерди келтиреди. Ал шөлкемлестирилген темаға жеке пикирлерин төмендегише билдиреди. «Некеден өтиў ушын медициналық көриктен өтиледи.. Медициналық көриктен өткеннен соң оған неке қағазы бериледи. Бүгинги гәп қызлардың ерте турмысқа шығыўы ҳаққында болып атыр екен, өз пикиримди билдирейин. Шаңарақта жақсы тәрбия алған қыз оқыйын, өнер үйренейин дейди. Өзин тутыўды, пәклигин сақлаўды билген қыз ерте турмыс қурыўы өзи ушын зыян. Мен қызлардың оқып болып, өнер үйренген соң турмыс қурыўын қәлеймен»-деп айтып өткен. Дурысында да шаңарақ қурыў, бул әпиўайы нәрсе емес екенлигин жасларға кишкенелигине уқтыра алыў лазым. Шаңарақ қурыў ушын жаслар ҳәр тәреплеме турмыстың қыйын соқпақларын алдыннан түсине алыўы керек. Ал қыз бала екинши бир үйге барған соң бир-биреўге ҳүрмет, өз орнында сөйлеў сыяқлы пазыйлетлерди өзине сиңдире алыў лазым. Автор жәнеде пикирлеринде келтирип өтеди: « Себеби, бул

ўақытта қыздың сана сезими өседи, ақыл тоқтатады. Қызлар 22 жаслардан кейин турмыс қурса да ҳәммесине үлгереди. Ерте турмыс қурып, соң келиспей ажырасып атырған жас шаңарақларға ақыл айтқан менен де өз билгенлеринен қалмайды. Көпшилик ақыл айтсақ тыңлағысы келмейди. Сол ушын қызлардың инсаплы, парасатлы, болыўларын тилеймен».

Әлбетте бундай сәўбетлесиўлер аркалы да жасларымыз өзлерине тийисли жуўмақлар алады. Журналисттиң бул «Дөңгелек стол» әтирапында шөлкемлестирген сәўбетлесиўден жазылған кең көлемли мақаласы жәмийетшиликти бийпарық қалдырмаған. Себеби газетаның кейинги санларында сыртқы автор тәрепинен жазылған мақаланы ушыратамыз.

Онда **«Пикир»** рубрикасы астында кең мазмунды өз ишине алатуғын бул темаға тийисли жеке пикирин жазады. Автор **«Нәзиклигимиз бенен ийбели де болыўымыз керек»**[12] мақаласы арқалы жеке пикирин жеткере алған. Автор өз пикирин былайынша баслайды: «Жақында газетаның 5-июль күнги санында журналист А.Турекееваның ***«Қызлар неге ерте турмыс қурып атыр?»*** *атамасындағы* ***«Дөңгелек стол» әтирапындағы сәўбети*** жәрияланған. Бул сәўбет усы жылдың май айында республикамыздағы белгили 6 шөлкемниң «Перзентлеримиз бахытлы болсын!» атамасындағы кең жәмийетшиликке жоллаған үндеўи әтирапында қурылған. Онда жаслардың ерте турмыс қурыўларының зыянлы тәреплери уқтырылып өтилген. «Дөңгелек стол» әтирапындағы сәўбетлесиў маған жүдә унады. Тек мен емес, пүткил кең жәмийетшилик жыллы-жүзлилик пенен күтип алды десем алжаспайман». Баспасөзден орын алған кең көлемли мақалалар аудиторияға пикир таслап, өзине қарата алыўы лазым. Ол мақалада баслы бағдар, жәмийетте жүз берип атырған ҳәдийсени жақсы жолға баслай алыў. Сонлықтан оны үгит нәсиятлаўда бирнеше анық фактлерди үйренип инсанлар менен усындай сәўбетлесиўлер арқалы олардың пикирин тыңлаўы керек. Демек, жәмийетлик пикирлерды усындай формада қәлиплестирип барыўда журналистиканың орны әҳмийетли деп көрсетиўимизге болады.

[12] М.Сулайманова «Қарақалпақстан жаслары» 2012-ж №30, 12-июль.

Жәнеде дәстүрлеримиз ҳаққында журналист А.Турекееваның мақаласын мысалларымыздың бири сыпатында алып қараймыз. ***«ТОЙ ТОЙДАЙ БОЛСЫН… деп айырым заманласларымыздың дәбдебепаразлыққа берилип, көп шығынға қалып, артықша ысырапкершиликке жол қойып атырғанлықлары ҳаққында»*** мақаласын: «Мәҳәлледе дуў-дуў гәп етип, гүрлетип той бериўди ҳәмме де қәлейди. Тойлардың саны көп, бул да халқымыздың турмысының жақсылығынан дерек береди»[13] -деп баслаған. Журналист ҳәзирги күнниң темаларының бирин бирқанша үйрениўлер нәтийжесинде жазады. «Қызығыўшылығым себеп болып өзим гүўасы болған айырым жерлердеги тойға кеткен қәрежетлерди бармақ бүгип, санап шықтым. Той бериўшилер жыллап, айлап тойға таярланады. Еки күнниң ишинде сонша көп пул сарыплайды, ҳәтте тойға түскенлери де жетпей қалады. Тойға кететуғын пуллардың дизимине тоқтап өтеди. Мысалы: 1. Той шертеги (Бир күнге 15 000, еки күнге 30000 мың сум). 2. Ансамбль (200000-800000 сум) әтирапы. 3.Бет ашар (100000 сум), усындай 21 атамаға тоқтап өтеди. Әлбетте, сонша қәрежет жумсаған соң тойдан пайда көриў ҳаққында ойлаў орынсыз». Жәмийетимизде тойлардың көп болыўы бул қуўанышлы жағдай, ал ол ҳаққында унамсыз пикирлердиң пайда болып атырғаны бизиң қуўанышларымызды шеклегендей болады. «Самал болмаса теректиң ушы қыймылдамайды» дегениндей бул жәмийетлик пикирлерде қурыдан-қуры айтылып атырған жоқ шығар. Ал той өтти, соң шаңарақтағы көп машқалалардың бири сыпатында айтады: « Енди келин шәртнама тийкарында оқып атырған болса бул да үй ийесинен қосымша дәрамат кетиреди. Мине, шашаылып той бердиңиз, енди сол перзентлериң мийримли, келиниң ҳадал болғай. Әйтеўир нәрсениң үстинде тойдан соң урысып кеткен айырым келинлерди көрип не дерсең?». Перзентиниң бахыт тойын бериў, ҳәр бир ата-ананың ең баслы ўазыйпасы, әрманы,-деп жәнеде жаслар сейилиндеги унамсыз ҳәдийселер, ысырапкершиликлердиң ақыбетлери ҳаққында айтып өтеди. Усы көз

---

[13] А.Турекеева «Қарақалпақстан жаслары» 2013-ж №9, 14-февраль.

қараслардың нәтийжесинде бүгинги күнде тойлар ҳәм лазымларда ысырапкершиликтиң алды алынғанының гүўасы болмақтамыз. Бунда ғалаба хабар қуралларының хизметкерлери жәмийетшиликтиң ишинде болып, унамсыз, минталитетимизге жат болған үрдислерди ҳәўиж алдырмай турып, унамлы тәрепке өзгертиўге тийкарғы күшлерин қаратыўлары лазым. Журналисттиң бул мақаласына газетаның кейинги санларында сыртқы автор пикир билдиреди. Демек, жәмийетшиликтен мақалаларға пикирлер алыўда ҳәр бир журналисттиң шеберлиги болып есапланады.

***«Пикир»*** рубрикасында журналисттиң жоқарыда келтирип өткен мақаласынан оқығаннан соңғы пикирлерин жазған. Мақала атамасын ***«Той-тойдай болсын»*** ды оқыдық деп аталады. Мақала «Елдиң аўзын тыймаға, елли ғары бөз керек ямаса әсте-әсте айтатуғын сөз керек»[14] деген халқымыз арасында айтылып жүрген гәп пенен баслайды. «Инсаннан шаңарақ, шаңарақтан мәҳәлле, мәҳәлледен уллы ўатан қуралады. Шаңарақ қурған соң уллы-қызлы боласаң, тәрбиялайсаң. Оқытасаң ҳәм бир кәсип ийеси болады. Жыллар өтеди ул-қыз ержетип камалға келеди. Қызларымыз қутлы жерин таўып, бахтын тапса, улларымыз ақыллы, оқымыслы адам болса, ата-анаға оннан зыят бахыт бар ма?!».Перзентлерин тәрбиялап, оқытып, билмегенин үйретип, соң перзентиниң жетискенлигин көрген ата-ана қуўанышқа бөленеди. «Жигит 25 те, қыз 20 да тәбияттың заңы-үйленеди, турмысқа шығады. Бири-бирине мүнәсип болып, соң медициналық көриктен өтип, турмыс қурыўы тийис. Ерли-зайыплылар ең әўели мәмлекетлик нызамлы некеден өтиўи, кейninен неке қағазға тийкарланып, ата-бабамыздан мийрас болып киятырған некеден өтип, бир-бирине опалы, ҳадал жупты болыўы керек. Олардан туўылған перзенттиң оң қулағына тәкбир түсирип, ат қойылыўы парыз ҳәм қарыз». Мәмлекет шанарақтан қуралады екен, сонлықтан шаңарақ қурыўшы ҳәр бир жас некеден өтип, алдында турған ҳәр соқпаларына таяр тура алыўы дәркар. Мақаланың даўамында автор өзиниң пикирлерин газетаның алдыңғы санларында жәрияланған ямаса «

[14] Б.Атабаев. «Қарақалпақстан жаслары» 2013-жыл, №14, 9-март.

“Қарақалпақстан жаслары” газетасының 14-февраль №9 2013-жыл санында журналист Арыўхан Турекееваның «Той-тойдай болсын» көлемли мақаласын оқыдық»-деп пикирин байланыстырған.

«Мақала ҳақыйқатында да турмыстан алынған. «Семизликти қой көтереди» деген, онша қаттыға кетиў, ысырапгершиликке жол қойыў барып турған гүна. Тойға жумсалған ғәрежетлерди маба ушын самалға ушырыў, төменлеў туратуғын, көп балалы ғәрип-қәсерлердиң ғәзебин келтириў емес пе?!». Демек, усындай турмысымызда ушырасып атырған бундай қубылысларды изленислер нәтийжесинде кең жәмийетшиликке усынылса, өзлери ислеп атырған унамсыз ҳәрекетлерден жуўмақлар шығарады.

Биз үйренген мақалалардың мазмуны тийкарынан жаслар олар арасында жуз берип атырған ҳәр қандай ҳәдийселердиң алдын алыўға қаратылған. Жоқарыда келтирилген «Дөңгелек стол» әтирапындағы сәўбетлесиўлер оқыўшыны қызықтырары сөзсиз. Сонлықтан бундай сәўбетлесиў қәнигелер менен жаслар арасында тез-тезден өткизилип барса, азда болса жәмийетшилик арасындағы машқалаларға бирлесип шешим тапқан болар едик.

# III Бап. Миллийликке тәрбиялаўда «Устаз жолы» газетасының роли

**«Билимлендириўди тәрбиядан, тәрбияны билимлендириўден ажыратып болмайды»**

**Ислам Каримов**

## 3.1. Миллий қәдириятлар ҳәм баспасөз

Бүгинги күнде жәмийетимизге соның ишинде жас әўладымызға елимиз тарийхы, өтмиши ҳәм миллий қәдириятлары менен тереңнен танысыўында ғалаба хабар қураллары да баслы бағдарларының бири есапланады.

*«Ҳәр қандай халық яки миллеттиң мәнаўиятын оның тарийхы, өзине тән үрп-әдет ҳәм дәстүрлери, турмыслық қәдириятларынан айырып көз алдымызға келтирип болмайды. Бунда руўхый мийрас, мәдений байлықлар, әййемги тарийхый естеликлер ең әҳмийетли факторлардан бири болып хызмет ететуғынлығы тәбийий»*[1], - деген еди Президентимиз.

Бизиң халқымыздың да өзгелер ҳәўес етип қарайтуғын миллий мийрасларымыз, үрп-әдет дәстүрлеримиз, тарийхый естеликлеримиз, ҳәм музей экспонатларымыз бар. Олар бизиң мақтанышымыз, бабаларымыздың әўладларына қалдырған руўхый байлығы есапланады. Келешекке дәслепки қәдемлерин атқан жас әўладларымызға бундай бийбаҳа байлықларымыздың қәдирин билиўди түсиндириў дәркар. Сол көзқарастан мәмлекетимиз келешеги болған жасларға ҳәр тәреплеме пикирлеў қәбилетин пайде етиўде тийкарғы дереклер бар екен, олар ҳеш қашан ҳеш кимнен кем болмайды.

Сондай-ақ, «Миллий ғәрезсизлик дәўиринде газеталар халқымыз тарийхы, миллий дәстүрлери, әсирлерден киятырған қәдириятлары,

---

[1] Ислам Каримов Жоқары мәнаўият-же□илмес күш.Т. «Мәнавият» 2008.29-бет

мәнаўияты, мақсет ҳәм келешегине тән болған(ҳамоҳанг) ҳәр қыйлы уранлар менен шығарылыўы дәўир талабы. Мәмлекетимиз газета ҳәм журналлары өз хизметлерин ана журтымыздың нышанлары- байрағы, герби, сондай-ақ, уллы бабамыз Амир Темур естеликлерин муқаддес белгилер сыпатында көрсетиў ҳәм улығлаўдан баслады.

Бул дәўирдиң баспасөзи тек ғана сыртқы форма, бәлким мазмун-мәниси менен де жаңаланыўлар процессине қәдем қойды. Нәтийжеде баспасөздиң миллий мазмун менен байып барыўына өз алдына итибар берилди ҳәм бул процессти хабар қураллары өз бетлеринде кең жарытыўды жолға қойыўға муўапық болды. Бул жөнелис ғәрезсизлик дәўири журналистикасының қарар табыўы, оның тийкарғы ҳәм үлкен жеңиси»[2].

Ғалаба хабар қуралларында тарийхымызда жасап өткен уллы бабаларымыз, олар ислеген мийнетлери кеңнен бүгинниң аудиториясына жеткерилиўи журналистлердиң жемисли мийнетлериниң бири. Бизиң тарийхымызға, миллийлигимизге тән инсан манаўиятын раўажландырыўда, пикирлер пайда етиўде ҳәр бир тарийхый материаллардың орны салмақлы. Баспасөзден орын алған бундай мазмундағы мақалалар ҳеш бир аудиторияны бийпарық қалдырмайды.

Ҳақыйқатында да ата-бабаларымыздан берли мийрас болып киятырған дәстүрлердиң көринислерин басылымларда оқыў арқалы халқымыздың тарийхын, миллийлигин ҳәр бир жас тереңнен түсинип барады. Сондай-ақ, бизиң өзимиз ең дәслеп дәстурлеримиздиң мәнис-мазмунын билип ҳәм бизден кейинги әўладларымызға сап ҳалында жеткерип бериўге ҳәрекет етиўимиз лазым. Бурыннан киятырған елимиздиң дәстүрлерин, келешек әўладларға жеткерип бериўге ҳәр биримиз тәрепдар болып, ол дәстүрлеримиздиң көринислерин, мазмунын байытыўда әлбетте жәмийетшиликтиң үлеси жоқары екени ҳәммемизге мәлим .

---

[2] Назира Абдуазизова Миллий журналистика тарихи II. «Шарқ» Нашриёт-матбаа акциядорлик компанияси бош таҳририяти.Т-2008.67-б.

Президентимиз «Ўатан ҳәм халық мәплерин қорғаў, жас әўладларымызды түрли тәсирлерден сақлаўда пикирге қарсы пикир, идеяға қарсы идея, жәҳәлетке қарсы мәғрипет пенен гүресиў бүгинги күнде ҳәр қашанғыдан да терең мазмун ҳәм әҳмийетти талап етпекте. Бул бойынша бир қатар ислер әмелге асырылғанын көрсеткен ҳалда, айтыў керек, еле жүда көп жумыслар ислеўимиз лазым. Биз адамлардың пикирин басқарыў емес, керисинше олардың дуньяқарасларын кенейтиў ҳәм жоқарылатыў тәрепдарымыз. Яғный, өзин кимниң әўлады екенин, қандай уллы мәнаўий мийрастың ийелери екенин жақсы аңлайтуғын ҳәм уллы бабаларымыздың мийрасына мүнәсип болып, өз ақыл-закаўаты ҳәм саламат турмыслық көзқарасларға сүйенип жасаўға умтылатуғын жасларды камалға келтириўде халқымыз, жәмийетшилигимиз Ғалаба хабар қуралларынан көп нәрсе күтиўге әлбетте ҳақылы есапланады»[3], деп айтқан еди.

Сондай-ақ, аудиторияны миллийликке тәрбиялаўда үлес қосып киятырған тараўлық газеталардың бири «Устаз жолы» газетасы есапланады. Газета билимлендириў тараўының жетискенликлери ҳәм тәрбиялық әҳмийети жоқары мақалалары менен өз оқыўшыларына ийе. «Ақылы кәмил илими зор, билимли ел болмайды қор» ураны астында шығатуғын газета жәмийетшиликке пикир оята алатуғындай рубрикалар шөлкемлестирген. Жәнеде, сыртқы авторлардың пикирлериде газета бетлеринен орын алған. Бул газетадағы хизметкерлер менен олар шөлкемлестирген рубрикаларда жәмийетлик пикирлердиң сәўлелендирилип барылыўы арқалы унамлы нәтийжелерге ерисип атырғанын айтыўға болады.

Билимлендириў тараўындағы жетискенликлер менен газета бетлериндеги мақалаларда танысып бармақтамыз. Соның менен бирге миллий қәдириятларды, инасныйлық пазыйлетлерди жас әўладтың санасына қәлиплестирип барыўында да газета жәмәәти нәтийжели ислерди әмелге асырып келмекте. Бул тараўлық газета бетлеринде де басқа газеталарымыздағы рубрикалар менен уқсаслық тәреплери бар. Әлбетте ҳәр

[3] И.А.Каримов. «Энг асосий мезон ҳаёт ҳақиқатини акс эттириш» Тошкент «Ўзбекистон» 2009. 11-б.

қандай басылымның бирлескен ҳалда жумысларды алып барыўы да кең жәмийетшилигимиздиң пикирлерин бир орынға топлай алыўға тәсири болады. Басылымда сәўлеленип атырған жәмийетлик пикирлерге избе-изликте тоқтап ҳәм оларға анализ жасаўға ҳәрекет еттик. Бул бөлимде анализлеген мақалаларымыздың мазмуны тойдағы дәстүрлер, сөйлеў мәденияты ҳаққында, исмлерге болған жәмийетшиликтиң мүнәсибетлерине тоқталамыз. Сондай-ақ, глобал тармақлардың бирине айланып үлгерген интернет пенен жаслар ортасындағы байланыслар хаққындағы да пикирлер өз сәўлелениўин тапқан. Оларда айтылатуғын пикирлер төмендегише:

Мысалы: **«Менде пикир бар»** рубрикасында **«Қуўыршақ сатаман…»** деген атамадағы мақаласы былайынша басланады: «Той қызығы ҳәўижге шыққанда, жаңа ғана сейилден келген жас ерли-зайыплылар машинасының дөгерегин ең кеми отыздай ҳаял қоршап алды. Келиншектиң жеңгеси «машина алдына байланған қушыршақты пулламақшы болған жеңгеси ҳәм сол қушыршақтың баҳасы үстиндеги жәнжелди айтып өтеди»[4]. Мақала атамасынан белгили болып турғанындай жаслар сейилине шыққанда машина алдына байланған қуўыршақтың саўдасы ҳаққында пикир билдиреди. Мақала даўамында: «Жақында ғана келин түсириў тойының биринде беташарды алып барыўшы жигит қарсы алдына аламанның ақша таслаўы ушын үш литрлик банка қойылганда:

-Мениң үстимнен өйтип күлетуғын болсаңыз, келиншектиң бетин өзлериниз ашып ала қойың,- деп тойдан кетип қалмақшы болғанын көрдим. Қәнекей, усындай абырайын ойлайтуғын азаматлар арамызда көбейе берсе, дедим ишимнен қуўанып»-деп ўақыяны келтирген. Автор келтирген бет ашардағы бул ҳалатты ямаса ақша салынатуғын ыдыслардың турғанын көплеп ушыратамыз. Сондай-ақ, бундай дәстүрлеримизге жат болған иллетлердиң кирип келиўине қарсылық еткен бир инсан мысалында жәмийетшиликти унамсыз иллетлерди болдырмаўға шақырып қалады. «Қәлеген халықтың халық екенин көрсететуғын тили, мәкан ҳәм биз сөз етип

---

[4] Қ.Рейпназаров. «Устаз жолы» 2012-ж **№4** 21-январь

отырған салт-дәстүрлериниң болыўы. Солай екен, усы халықтың перзентимен деп сезинген ҳәр бир адам кимлигимизге нуқсан келтиретуғын ҳәр қандай ҳәрекеттен өзин аўлақ тутпағы лазым».

Демек, жәмийетшилик бирлесип салт-дәстүрлеримизде бундай қубылысларды кемейтиўге ҳәрекет етсек, олар ўақытлар өтиўи менен өз-өзинен сөзсиз жоғалып кетеди. Жәмийетшиликтиң пикирлери ҳәр қыйлы болып, дәстүрлеримизде орынсыз қәделердиң пайда болыўы ҳәўиж алса, ата-бабадан мийрас болып киятырған миллий қәдириятларымыз жоқ болып кетиў қәўпи пайда болады. Сонлықтан басылымларымызда пикирлерди бирлестире алатуғын усындай мазмундағы мақалаларды аудиторияға тез-тезден усынып барыў мақсетке муўапық болады.

**«Пикир»** рубрикасында сөйлеў мәдениятымызға да кең жәмийетимиздиң тәсири жоқары екени ҳаққында жазады. **«Мәдениятлы сөйлеўди жәмийеттен үйренемиз»** атамасындағы сыртқы авторымыздың мақаласы былайынша басланады: «Президентимиз И.Каримов бул жылды «Беккем шаңарақ жылы» деп жәрияланыўы да бийкарға емес. Ҳәр бир шаңарақта аўызбиршилик, сыйласық болса, перзентлериниң де билимли, инталы болыўы сөзсиз. Демек, ҳәр бир инсан татыўлықтан, ҳүрмет –иззеттен руўхый күш алады. Шаңарақта ең биринши нәўбетте ата-ана мәдениятлы болыўы керек. Мәдениятлы кийиниў, дастурхан әтирапында мәдениятлы отырыў арқалы биз перзентимизге әдеп-икрамлықты үйретемиз»[5]. Автор мақаласы арқалы инсан баласы адамгершиликке тән болған пазыйлетлер татыўлық, бир-биреўге ҳүрметимиз арқалы руўхый күш топлайды деп билдиреди. Жәмийеттеги ҳәдийселер арқалы да бизиң жасларымыз тәрбияланып барады. Әдеп-икрамлылықты, кишипийил болыўды перзентлеримизге шаңарақта кишкенелигинен сиңдирип барылады. Әдеп-икрамлы болыў, миймандос, ҳүрмет-иззетли болыўымыз бенен екинши биреўден ажыралып турамыз. «Ерте таңда турып перзентимиз бизге «Ассалаўма әлейкум»,- деген бир аўыз сөзин айтқанында, үй ишине үлкен

[5] Ш.Ерниязова «Устаз жолы» 2012-ж №28, 21-июнь

бир берекет кирип келгендей болады.Мәселен, мен улыўма қызыма «Сиз»-деп сөйлең, жасы үлкенге сәлем берип өтиң,-деп буйрық бермеймен.Олар бизлердиң қасымызда жүргенде той-мерекелерге барғанда, үйге мийман келгенде сөйлеў мәдениятымызға қарап өзлери үйренген. Сондай-ақ, мектепте де муғаллимлерден көп жақсы пазыйлетлерди үйренеди».Демек, жәмийетимиздеги ҳәр бир ҳәрекетти көрген жас әўлад оларды ядында сақлап қалады. Перзентлеримиздиң тәрбиялы инсан болып камалға келтириўиндеги тийқарғы исеним күшлери шаңарақ, қоршаған орталық ҳәм әлбетте оқыў орынларыны есапланады. Солай екен, ҳәр қандай ҳәрекетимиз бенен жас әўладларымызға өрнек болыўға әдетленейик.

**«Мүнәсибет»** рубрикасында жаслар менен бирге олардың пикир усынысларын билиўге қызықсынып өткерилген сораў-жуўап нәтийжеси ҳаққында мақала жазылған. **«Миллий қәдириятлар ҳәм тойлар»** мақаласын: Педагогикалық әдебиятларда көрсетилиўи бойынша «Адамзат жәмийетиниң белгили бир раўажланыў дәўиринде этникалық топарлар, урыўлар ҳәм қәўимлердиң биригиўи негизинде халықлар, оның жасларды турмысқа таярлаўдағы әмелий тәжирийбеси-халық педагогикасы пайда болды». Жәмийеттиң буннан кейинги раўажланыў басқышында, халықлар негизинде миллетлер келип шықты»[6] -деп баслаған автор. Бул мақалада бүгинги күнде дәстүрлеримиз ҳаққында студент жаслар арасында аноним сораў өткериў арқалы, олардың пикирлерин үйренген. Усы мазмунды мақалада сәўлелендирген.

«Түсиндирме сөзликте көрсетилиўи бойынша «Миллет миллий қәдириятлардың ийеси, ал миллий қәдириятлар болса миллеттиң тарийхы, турмыс қәлпи, келешеги, оны қурайтуғын әўладлар, социаллық қатламлар, миллий сана, тил, руўхыйлық ҳәм мәдений пенен байланыслы ҳалда жүзеге шығады… Миллий қәдириятлар-миллет ушын зәрүр ҳәм оғада үлкен әҳмийетке ийе болған өзине тән өзгешеликлер болып есапланады»-деп орынлы атап көрсеткен.

[6] А.Пазылов «Қарақалпақстан жаслары» 2012-ж №27, 31-май

«Усы ўақытқа шекем миллетлерде жасларды улыўма инсаныйлық ҳәм миллий қәдириятлар руўхында тәрбиялаўға байланыслы өзгеше тәжирийбелер топланған ҳәм ол миллий тәрбия деп аталып келинген.

Миллий қәдириятларымыздың көринислери адамлардың жүрис-турыслары, үрп-әдетлери, биреў-биреўлери менен болған қатнаслары, жаслар менен алып барылатуғын тәлим-тәрбия жумыслары, тойлар, мерекелер ҳәм басқа да ҳәрекет формаларында өз сәўлелениўин табады. Деген менен ҳәзирги ўақытларда өткерилип атырған тойларда миллий қәдириятларымыз көринислери сақлана ма? Жасларымызды тойларда пайдаланатуғын қандай қәдириятлар өзине тартады?- деген көплеген сораўлар кимди болса да қызықтырады». Әлдетте тойды өткериўде тек жасы үлкенлер емес, ал жасларда қатнасады. Сол арқалы қәдириятлардың түрлери, оларды орынлап барыўдағы тийкарғы мақсетлерди үйренип, тәжирийбе топлап барады.

«Ата-бабаларымыз ўәсият еткениндей «Той қудайдың ғәзийнеси». Соның ушын да жасы үлкен-ғаррыларымыз өзлериниң пәтия-тилеклеринде «Тойға жеткерсин» деп тилек тилейди. Ең қызықлысы «Той десе-қуў бас жумалайды. Тойлар өзлериниң мазмун-мәнисине қарап перзентли болғандағы, сүннет, баласын үйлендириў, қыз узатыў, жай, мүше тойлары ҳәм басқалар болып бөлинеди». Ҳақыйқаттанда той болған жерге халық жыйналады, олар бирлескен ҳалда тойды өткереди. Сонлықтан да «Той десе-қуў бас жумалайды», деген гәп бар халқымыз арасында. Тойларда биз жақын инсанларымызды көремиз, ал қуўанышларымызды биргеликте бөлисемиз. «Тойларда миллий қәдириятларды пайдаланыў оғада үлкен тәрбиялық әҳмийетке ийе. Себеби, той хабарын еситкен Адам мүмкиншилиги болғаншелли тойға келиўге ҳәрекет жасайды. Тойда адамлар биреў-биреўлери менен ушырасады. Тамашалар көреди. Басқалардың кийиниўин, жүрис-турысын, түр-түсин көреди, сөзлерин еситеди, сөйлесип маўқын басады, пикирлеседи. Жаңалықларды еситеди. Сонлықтан да, той-тамаша бериў орны да болып есапланады».

Ал халқымыздың ең ағла пазыйлетлеринен бири бир-биреўге жәрдем бериў, қолымыздан келген исимиз бенен екинши бир инсанның кеўлин алыў.Тойдағы және бир ўазыйпалардың бири: «Миллий қәдириятларымыздан тағы бири тойда хызмет етиў. Бул оғада әдиўли ўазыйпа болып саналады. Оның тәрбиялық тәсири де оғада уллы.

Сонлықтан да халқымыз өсип киятырған жас әўладты әдеп-икрамлыққа тәрбиялаў исинде тойға хызмет еттириў усылларынан да пайдаланады. Аўыл яки болмаса қаладағы мешит қәўимде жасаўшы жас жигитлер тойда хизмет етиў ушын шақыртылады»,-деп жазады мақалада. Солай екен, жас әўладларымыз кишкенелигинен бир-биреўге жәрдем бериў менен усындай мерекелерге хизмет ислеў арқалы да тәрбияланып барады.

Ал, кейинги **«Атымызға ылайық…»** мақаласында исмлерге байланыслы мәселе сөз етиледи. Мақала былайынша басланады: ««Устаз жолы» газетасының 2011-жыл 17-декабрдеги санында «Тангем Қарақалпақстанға жетип келди» атамасындағы мақаланы оқыдым. Мақала оқыўшылардың дыққатын бирден тартады. Илимдеги, билимдеги, мәденияттағы ҳәр қыйлы жаңалықты жақсы қабылласақта, бул дүньяның көрки адам баласына ат қойыўдағы артықша жаңалыкка қосылмаймыз»[7]. Демек биз мақала басламасынан билемиз, ҳәзирде нәрестелерге исм қойыў мәселесине жеке пикирлерин билдиреди. «Саўда-сатық пенен шуғылланған келиншеклер сататуғын затына ат тапқыш. Мәселен «суўда жулдыз», бул көйлеклик таўардың аты. «Тангем» бул шай демлейтуғын шайнектиң аты». Сондай-ақ мақалада салыстырмалы түрде айтады. Биз күнделикли турмысымызда пайдаланатуғын буйымларымызға шырайлы ат таўып қоямыз. Ал бул дүньяның көрки саналған инсанға исм таңлаўда минталитетке жат болған исмлерди өзлестиремиз дейди. «Қарақалпақларда да ертеде миллетимизге ылайық емес, сырттан келген ерси ат (ата-аналар, заманагөй ат деп түсинеди) көбейип кеткенин билемиз.(Олардан Карл, Клим, Пушкин, Едуард, Элбурс). Баланың туўылғаны ҳаққындағы гүўалығына

---

[7] С.Төремуратов «Устаз жолы» 2012-ж №4 21-январь

жазылғанда сулыў, шырайлы, көриниўи мүмкин. Бирақ, атын айтып шақырғанда қулаққа жағымсыз тәсир жасайды». Автор миллетимизге тән емес исмлерди перзентлеримизге қойылып атырганы ҳаққында сөз етеди. Ол бизге исмин айтқанымызда қолайсызлықлар болады деп пикирлерин жәмийетшиликке усынады. Автор мақала даўамында телевидениедеги көрсетиўден мысал келтиреди. Онда: «2012-жылы, 4-январьда Қарақалпақстан телеканалы арқалы көпшилик сүйип көретуғын, «Дәсме-дәс» көрсетиўи берилди. Айымхан Наўрызбаева деген талантлы қыз сораўға түскен қосықларды оғада жақсы айтты. Жағымлы саз шертти. «Алпамыс» дәстанынан «Ат болыпты Миян көлдиң тайлары, қойын сатып қозы қылар байлары» деген қосықты атақлы бақсылардан қалыспай айтқанда оғада ырза болдық.Бул жерде мен не айтпақшыман? Мениңше бул қызға ат қойғанда ата-анасы хошҳаўаз Айымхан Шамуратованың атын белгили мақсет пенен таңлапты,- деп ишимизден қуўандық»,- деп пикирлерин сәўлелендирген. Бизлер басылымларымызда исмлерге байланыслы бир қатар мақалалар менен таныстық. Дерлик олардың авторлары бир-бирине таныс емес, ал мақалала мазмуны бир-бирине жақын екенин оқып шығыў барысында билемиз. Жаңа туўылған нәрестеге исмлер таңлаўда телевидениеден берилип атырған телесериаллардың қаҳарманлары исмлери бизиң жәмийетимизге кирип келген баспасөзде жәмийетлик пикирлеринде оқып билип атырмыз. Демек жәмийет әтирапымыздағы унамсыз ҳәдийселер, қубылыслардан бийпәрўа емес, ал керисинше олардың алдын алыўда баспасөзге усыныслар, пикирлер билдирип келмекте.

Жоқарыда тоқтап өткенимиздей, **«Пикир»** деп аталған бул рубрикада да жәмийетлик пикирлердиң бири сәўлелендирилген. **«Интернет ҳәм жаслар»** деген атамадағы көлемли мақалада интернет тармағынан ким қалай пайдаланып атырғанлығы ҳаққында анық фактлерге тоқтап өтеди. Онда: «Бала пәк кеўилли болғаны ушын да ол ҳәр қандай өзине қызықлы болған, алдын билмеген, көрмеген нәрселерин де тез қабыллап алыўына гүман жоқ. Әсиресе, бул орында олардың қызығыўшылығы жылдан-жылға артып

бармақта, өз нәўбетинде бул қызығыўшылық ҳәдден тыс ҳәўижлене бара балаларға кери тәсирин де тийгизиўи итимал»[8], -деп жазады. Әлбетте ҳәр нәрсеге қызығыўшаң, кеўили таза балаларды, шаңарақта ата-ана ҳәр бир ўақтына итибарлы қарап, оған кери тәсир ететуғын нәрселерден сақлай алыў лазым.

«Бүгинги күнде мине усы техникалық вируслардың кең ен жайып, адамлар санасын зәҳәрлеўи жөниндеги мәселе дүнья жүзилик, глобал машқалаға айланып үлгерди. Соның менен бирге, оның алдын алыў бойынша да глобал қәўипсизлик жаратыўға бәрше мәмлекетлер беккем бел байлады. Усы мақсетте пүткил дүнья «Интернет қәўипсизлиги» күни белгиленип, бул күнде жәҳәнниң көплеген еллеринде интернеттен келетуғын түрли қәўиплер ҳәм олардан адамларды узақластырыў машқаласы көрип шығылады». Автор мақаласы арқалы кең аудитория дыққатын өзине қарата алған интернет тармағының қәўипли ҳәм жетискенлик тәреплерин айтып өтеди. Әлбетте ҳәзирде интернет тармағынан пайдаланбайтуғын адамды этирапымыздан табалмаймыз. Себеби ҳәммемизде оған болган мүтәжлик бар. Ал усы тармақ арқалы техникалық вируслар инсан санасына кери тәсирлерин тийгизип атырғаны сыр емес екенлигин айтады. Ондай зәҳәрлениўлердиң алдын алыў бул дүнья көлеминде глобал болған машқалалардың бирине айланған. «АҚШ та өткерилген изертлеўлерге қарағанда 7 ҳәм 18 жас аралығындағы балалардың 80% и ҳәр күни вирусы болған файлды электрон почтасына, компьютерине қабыл етер екен. Және де балалар ҳуқықын қорғаўшы халықаралық фонд- ЮНИСЕФ тәрепинен шөлкемлестирилген сораўнамалар нәтийжесинде мәлим болыўынша интернеттен пайдаланған 90% балалар зыянлы болған мағлыўматларға дус келиўи, 60% болса усы түрдеги кери хабарларды өз қәлеўи менен излегени анықланды».Бул келтирилген фактлер шешими изертлеўлер нәтийжесинде анықланғанын билемиз. Жас әўладлардың бул техникалық қуралларды Еркин басқара алыўы әлбетте кимди болса да қуўандырады. Лекин, күнделикли турмысында

[8] А.Жақсымуратова. «Устаз эолы» 2012-ж №43, 18-октябр

керекли болған мағлыўматларды алыў, оннан тийисли жуўмақлар шығарыўды үйретиў керек. Бул тармақтан вируслы файллар ушын емес, ал олардан пайдаланыўға шек қойыўында иммунитети жоқары жасларды тәрбиялаў лазым. «Дурыс халыкаралық тармақ – Интернеттиң пайдалы тәреплери де бар, яғный оннан өзимиз ушын керекли мағлыўматлады тез таўып алыўымыз, излегенимизди ҳәп заматта таяр ҳалда көриўимиз мүмкин»,-деген пикир менен жуўмақлайды автор өз мақаласын. Ҳәр бир нәрсениң унамлы ҳәм унамсыз тәрепи болады, бунда инсан өзин басқара алыўы керек болады. Сонда ғана ҳәр қандай шәраятта да өз жолымызды табыўға умтыламыз. Бул глобал тармақ арқалы жасларға бир қатар имканиятлар жаратылған. Сонлықтан интернеттен өзимизге тийисли болған сайтлардан керекли мағлыўматты таўып, оқып үйрене алсақта жеткиликли болады.

Солай екен, биз өзгелер миллийлигин өзлестирип емес, ал халкымыздың миллий қәдириятларына өзгелерди ҳәўес етип қарата алыўымыз лазым. Баспасөзде жарық көрип атырған мақалаларда тәрийпине сөзлер жетпейтуғын халқымыздың миллий қәдириятлары кеңнен орын алып барса жәмийетшилик оларды ядында сақлайды.

## 3.2. Жәмийетлик пикирлерди шөлкемлестириўде газета рубрикаларының хызмети

Ҳәр бир жас әўладты ўатанға садық, ўатанын сүйетуғын, мәнаўияты жоқары инсан етип тәрбиялаў арқалы, оларды жат иллетлерден, унамсыз информациялар торына түсиўден сақлап қаламыз.

«Ўатанпәрўарлық пүткил жәҳәндеги барлық халықлардың данышпан ҳәм алық перзентлерине тән болған туйғы. Француз шайыры Ж.Дедил-Ең мақул пазыйлет-Ўатанға ҳәм адамзатқа көрсетилген хизметдур»[1]. Сол орында ғалаба хабар қуралларының тийкарғы бағдарларының бири де

[1] Абдуқаҳҳор Иброҳимов, Хайриддин Султонов, Нарзулла Жураев. Ватан Туйғуси. ТОШКЕНТ-«ЎЗБЕКИСТОН»-1996. 147-бет.

аудитория менен тығыз байланыс орнатқан ҳалда туўры жол-жобалар берип, тийкарғы мақсети хизмет көрсетиў болып есапланады.

«Хабар технологиялары» деп аталған дәўирде ҳәр бир тараў, кәсип ийелериниң жеке ис режелерин раўажландырыўында имканиятлар жоқары. Ал, ғалаба хабар қуралларында хизмет етиўши журналистлердиң жумысларын жеңиллетиўде заманагөй технологиялар кирип келди. Сонлықтан олар заманагөй технологияларды терең өзлестирип, ҳәр қандай жаңалықты жеткериўде шеберликлерин иске сала алыўы лазым. Шеберликлериниң нәтийжесинде де газета менен оқыўшыны байланыстыра алыўыға жол ашылады. Оқыўшылардың қәлеўлерин үйренип, талғамына сай материалларды ықшам ҳалатында жайластыра алыў лазым. Сондай-ақ, редакция жәмәәти газета бетлеринде рубрика шөлкемлестириў арқалы да аудиториясын көбейте алыўы мүмкин.

Оларды «Устаз жолы» газетасында жәмийетлик пикирлерди бирлестириўде шөлкемлестирилген рубрикалар мысалында алып қараўымызға болады. Мысалы: «Пикир», «Менде пикир бар», «Пикир жастан шығады», «Мүнәсибет», «Қулақ-қағыс», «Келиң пикирлесейик», «Оқыдық пикир айтамыз» сыяқлы рубрикаларда жәмийетшиликтиң пикирлерин сәўлелендире алған. Сондай-ақ, бул рубрикалардағы мақалаларда бүгинги күндеги тойлар, ондағы ҳәр қыйлы қәделерге сын пикирлер билдирилген. Жәмийетимиздеги социаллық турмыстағы қубылыслар менен байланыслы болған пикирлерди де газета бетлериндеги мақалалар мысалынан билиўге болады. Мысалы: **«Оқыдық пикир айтамыз»** рубрикасында **«Менде репетиторман, бирақ...»** мақаласын алып қараўымызға болады. Автор пикирлерин былайынша: «Устаз жолы» газетасының 24-санында журналист Гүлжәҳән Тажетдийнованың авторлығында «Муғаллим ҳәм репетитор, оның айырмашылығы неде?» мақаласы менде үлкен тәсир қалдырды. Себеби, бул жерде ҳәзирги күнниң ең дыққатқа ылайық мәселелеринен бири сөз етилген»[2] баслаған. Мақалада жәмийетлик қубылыслар, жәмийетшиликтиң

[2] У.Атажанова «Устаз жолы» 2012-ж №28, 21-июнь

өзине түртки пайда етип атырғанын билиўге болады. Сонлықтан автор мақалаға жеке пикирин билдирип өткен. « Мен 23 жылдан берли мектепте муғаллиммен ҳәм бос ўақтымда репетиторлық пенен шуғылланаман. Ҳәм муғаллим, ҳәм репетитор сыпатында мақаланың айырым пикирлерин мақуллайман, айырым пикирлерине улыўма қосылмайман. Муғаллим яки репетитор қанша күшли болмасын, баланың қызығыўшылығы, қабыл етиў қәбилети күшли болмаса, хеш нәрсениң пайдасы болмайды. Репетиторға қатнаў жас таңламайды. Киши класстың оқыўшылары муғаллимлерине кеўли толмағанлықтан емес, пәнге қатты қызығыўшылықтан, бос ўақтын бийкарға өткермеўи ушын қосымша сабақларға қатнасады». Мақала менен танысыўда автордың оқытыўшы екенин билемиз. Себеби автор мақаласында персонаж сыпатында қатнаса алган. Онда журналисттиң алып шыққан темасында унамлы пикирлери менен сын пикирлерин де жазады. Репетиторға қатнайтуғын балада қызығыўшылық болыўы керек дейди. Демек ҳәр қандай пәнге кызығыўшылығы жоқары болған бала қосымша сабақ барысында пән бойынша керекли мағлыўматларды үйренип барады.

Сондай-ақ, автор «Мақалада пикир билдирген оқытыўшы Гүлжәҳән Артықованың «Репетиторға барғанда сабақ өтиў емес, талабы тест ядлаў»- деген пикирине қосылмайман. Барлық пәнлерде де ядлаў бола бермейди. Кейин бир жылғы тест екинши жылы тәкирарланып берилмейди. Ҳақыйқый репетиторлар балаға басланғыш класс тапсырмаларынан баслап институт, университет оқыў бағдарламаларын да өтиўи тийис. Себеби, тест сораўлары ишинде мектеп, лицей бағдарламаларында өтилмейтуғын бағдарламаларда қолланылады»-деп сын пикирлерин билдирген. Автор айтқанындай ҳақыйқый репетитор, оқыўшы сабақлардың барлығын өзлестириўге жуўапкершиликти мойнына алады.

Мақала жуўмағында жәмийетшиликке «Өзим муғаллим ҳәм репетитор болғанлықтан ҳәр екеўин де қараламақшы емеспен. Сен ким болыўыңа қарамастан, кәсибиңди сүйиўиң керек, наныңды ҳадаллап жеўиң керек, оқыўшылардың исенимине қыянет етпеўиң керек демекшимен» - деп өзиниң

пикирлерин түртки пайда ететуғындай етип, ортаға таслаған. Демек, мақалада жәмийетшиликтиң пикирлериниң бирин газета арқалы аудиторияға усынады. Ҳәр бир жоқары оқыў орнының студенти болыўды әрман етиўши оқыўшылар бул басқышты басынан өткереди. Окыўшыларды бул сынақтан өтиўине таярлаўшы бундай репетиторлардың санының артып баратырғанынан жәмийетшиликтиң хабары бар. Репетиторға барсын, таярлансын, бирақ оқыўшы өзине деген исеними жоқары болыўы керек.

**«Мүнәсибет»** рубрикасында товар алмасыўдағы тийкарғы қурал есапланған ақшадағы пайда болып атырған битиклерге байланыслы журналисттиң мүнәсибетин оқыймыз. **«Пулда битиклер бар»** деп аталған мақаласын: «Адамзаттың мүтәжин питкериўде ақшаның тутқан орны оғада әҳмийетли. Күнделикли турмысымызда саўда-сатық ислерин пул арқалы әмелге асырамыз. Қайсы бир психолог изертлеўлеринде «дүньяда ҳәммеге теңдей жағатуғын нәрсе бул-ақша» деген пикирди билдиреди»[3], усы пикирлери менен баслап жазады. Әлбетте керекли нәрселерди алыўда бизге пул керек болады. Ақшаны товарларға алмастырып, мүтәжликлер питкериледи. «Лекин… пул қәдирин тереӊ сезинемиз де, ал бирақ услап-тутыўға келгенде онша кеўил бере бермеймиз. Бир сапары жөнелисли маршрута әдеттегидей жол ҳақыға ақша жыйналып, шофёрға узатылды. Машина айдаўшысыда санап-санап, ишинен бир-еки жүзликти айырып алды.- мынаны дурыслап бериң,-деди артқа узатып» - деп әтирaптағы қубылыслардың бирин келтирген. Демек ақшаларды бундай ҳалатқа келтириўши бизиң өзимиз болсақта, онда екинши бир инсанды айыплаймыз. «Шынында да сол пуллар қолдан-қолға өтип, кимниң қалтасында, кимлердиңдур сумкасында жүрип бүкленип қалады. Жасыратуғыны жоқ, базылардың ақшаны парықсыз услап-тутыўының ақыбетинде усындай көринис жүзеге келеди. Айырым пайытларда ақшадағы мәниссиз жазыўға көзимиз түседи. Кимниңдур исми жазылса, кимлердиң телефон номери жазылады. Ал, базы пулларда базардан алынатуғын затлар дизими, «2кг.

---

[3] У.Атажанова «Устаз жолы» 2012-ж №28, 21-июнь

баклажан, 1кг. бурыш, нан, қатық » сыяқлы сөзлер қарастырылып жазылса, гейпара ақшаның шетинде есап-санақ жумысы жүргизилген». Қолдан-қолға өтип, айланыста жүретуғын тийкарғы қуралларымыздың бири ақшадан пайдаланыўда итибарлы болыўға шақырады. Ақшаларды бизлер жазыў жазып койыў ушын шығармағанын ҳәммемиз билемиз. Миллий валютамызға түсиниксиз жазыўларды жазыўға шек қойыў лазым. Автор мақала даўамында сораў қойып жазады: «Бул не деген мәдениятсызлық? Ақша- бул сениң қалтаңда қалып кететуғын жеке мүлкиң емес. Ол мудамы айланыста жүретуғын товар саналады. Соны биле тура қолыңа келип түскен ақшаға қыялыңа келген нәрселерди жаза бериў ең пәс қылық болса керек». Мәмлекетимиз тәрепинен қабыл етилген миллий валютамыз, бизиң тийкарғы қурал есапланады. Валютамызда усындай тусиниксиз битиклер жазыла берсе, бул ҳалаттан өзимиз жәбир көремиз. Демек, жәмийетлик әҳмийетке ийе бундай мазмундағы мақалаларды оқыў арқалы бул унамсыз ҳалатлардың кемейиўине алып келеди.

**«Келиң пикирлесейик»** рубрикасында авторларымыздың пикирлериниң мазмуны бир-бирине жакын келеди.**«Суў қуйыў қандай дәстүр?»** деген атамадағы авторларымыздың көлемли мақаласына тоқтап өтемиз. Бул мақалада мазмуны бир-бирине жақын, бирақ үш автордың пикирлери айтылған. Олардан Р.Исаков, М.Нызанов, Ж.Нызаматдиновалардың өз пикирлерин билдирген. Онда: «Жақын күнлерде пайтахтымыздағы гейбир оқыў орынлары жанынан өткен ҳәр бир инсан суў қуйыспақтың гүўасы болғанлардың дерлик бәршесиниң бул қандай дәстүр екенлигинен хабары бар шығар?!»[4]. Жаслар арасындағы бул дәстүрге жәмийетшиликтиң сын пикирлерин басылымда оқыған жаслар, тийисли жуўмақлар алады. «Жоқары оқыў орнына кирип, төрт жыл даўамында профессор-оқытыўшылардан, елимизге белгили илимпазлардан билим-тәрбия алып, журтымызға керекли кәсиптиң «басын» услап шығар алдында турған жасларымыз ең кейинги сынағы-диплом жумысын қорғап шығады.

[4] Р.Исаков, М.Нызанов, Ж.нызаматдинова «Устаз жолы» 2012-ж №28 21-июнь

Бул төрт жыллық мийнетиниң, алған тәлим-тәрбиясының жемиси. Ҳәр бир студент ушын ең қуўанышлы күни есапланған диплом қорғаў күни қорғап шыққан студентлерге әне усы суў қуйыў дәстүри исленеди. Сәл алдыңғы жыллары оларға таза суў қуйылса, ал, бүгинги күнге келип, патасланған ылай суў қуйылып атырғанының гүўасы болып атырмыз».-деп жазады мақала авторы.

Мақала авторларының пикирлерин «Суў ушын ең қуўанышлы күни есапланған диплом қорғаў күни қорғап шыққан студентлерге әне усы суў қуйыў дәстүри исленеди. Сәл алдыңғы жыллары оларға таза суў қуйылса, ал, бүгинги күнге келип, патасланған ылай суў қуйылып атырғанының гүўасы болып, суў қуйыў қандай дәстүр?» деген атама арқалы берилген. Пикирлер мазмуны бир-бирине жақын, жаслар арасындағы бул дәстүрге сын көзқарасларын билдирген. Бул хатларда биз авторларымыздың жаслар арасында жүз беретуғын ҳәдийсеге унамсыз пикирлерин оқыдық. Әлбетте бул ҳалат сырттан қараған инсанды ойландырады. Сонлықтан бул ҳәрекетлерди баспасөзге хат арқалы жазады.

**«Қулақ-қағыс»** рубрикасында автор жол ҳәрекетинде ушырасып атырған айырым унамсыз ҳәрекетлерге пикирин жазған. **«Ериншек болып баратырмыз ба? Ямаса…»** деген атамадағы мақаласында: «- Тоқтаң! Усы жерде тоқтатып кетиң! Ҳәр күни бул сөзге қулағы үйренип қалған айдаўшы дәрҳал тоқтады. Жолаўшы асығыслы сыртқа атылып, қапыны тарс еттирди. – Жап-жас жан, бир адым жерге көликти тоқтатып, бираз шыдаса бәримиз де түсемиз- ғой!-деди, маршутта отырған 50 жаслардағы апай

-Ҳәзир маршутлы автомобильлердиң көбейиўи, базы жолаўшылардың айдаўшыларды қәлеген жеринде тоқтатып, минип-түсиўине имканият жаратып атыр деп, екинши жолаўшы қосымша қылды»[5] -деп жазады. Автор өзи көрип гүўасы болған жөнелисли маршрутта жүз берген бул жағдайды айтады.

[5] Ч.Елмуратов. «Устаз жолы» 2012-ж №22, 9-май

«Бул келтиргенимиз жөнелисли маршрутлардың базар жанындағы автомашиналар турар жайына киреберисинде күнде болмаған менен күн-ара болып туратуғын ўақыялардың бири еди.

Пайтахтымызда халықтың узақ жолын жақын қылыўшы жөнелисли маршрутлар хызмети жүдә жақсы жолға қойылмақта. Таң азаннан бәршемиз усы хизмет жәрдеминде мәнзилимизге жетип аламыз. Сол қатары мен де ҳәр күни азанда әдеттегидей белгиленген маршутқа басқалар қатары отырып, базар жанындағы автомашиналар турар жайына жол аламан». Әлбетте ҳәр биримиз бул жөнелисли маршрутлардың хизметлеринен пайдаланамыз. Қандай мәнзилге жетиў ушында бул машиналар жолаўшылардың хизметинде күни-түни жүрип турады. Сондай-ақ кең жәмийетшилигимизде түрли қатлам ўәкиллери, түрли характерге ийе инсанлар бар. Олардың хизметлерин кеўлиндегидей етип орынлаўда машина басқарыўшысына да қыйыншылықлар туўдырады. Автор жазады: «Бул жерге кире бергенде күндеги жағдай, жоқарыда келтиргенимдей маршруттың ең ақырғы бәндиргиге 30-40 адым қалғанда аўызда тоқтаўы гүзетиледи. Яғный, маршрут айдаўшысы айырым жолаўшының өтиниши менен усы жерде түсиреди. Буннан ақырғы мәнзилде түсиўши басқа жолаўшылардың кеўли толмайды. Айдаўшы болса бийпарқ». Бул жерде машинаның тоқтаў мәнзилиниң ақырғы бәндиргисине келемен дегенше жолаўшылардың шыдамсызлығын айтады. Жолаўшыға айдаўшы тоқтаў қадаған етилген орынларда тоқтай алмайтуғынын айтып, қандай шәраятта да жолда кетип баратырып бийпарқ болмаўы керек. Себеби ол машина ишиндеги адамларды белгиленген мәнзилге аман-саў апарыўында жуўапкер есапланады. «Бәршемиге мәлим, маршрутлы жөнелисте жүрген автомильлердиң саны жүдә көп. Олар халқымыз талапларын толық қанаатландырады десек, асыра айтпаған болармыз. Деген менен, олардың да мәлим тоқтаў орны бар шығар. Бул мәселени тийисли шөлкемлер итибарға алып, турақлы қадағалап барса, жүдә жақсы болар еди. Бизиң бул сөз еткенимиз базылар ушын күнделикли әпиўайы нәрседей болып көриниўи мүмкин. Лекин, ҳақыйқатында да

жөнелисли маршрутларда бул ўақыя ҳәр күни тәкирарланып, жолаўшылардың наразылықлары гүзетилмекте»,- деп жазады мақаланың авторы. Әлбетте машинадағы бир жолаўшының илтимасы деп бирнеше машиналар зыян көриўи мүмкин. Алдыңғы жылларға салыстырғанымызда машиналардың саны артқаны ҳәммемизге мәлим. Дерлик булардың барлығы жолаўшыларды мәнзилине жеткериўде хызметлери шексиз. Ал усындай унамсыз қубылысларда тек ғана машина басқарыўшысын айыплап қоймастан, жолаўшылар да жол қағыйдаларына ҳәммемиз бирдей әмел ететуғынымызды түсиниў лазым.

**«Пикир»** рубрикасында **«Музыка бала өмиринде…»** мақаласы былай басланады: «Музыка инсан турмысын, түрли ўақыяларға қарым-қатнасын ҳәм ишки кеширмелерин нама ырғақлары арқалы сүўретлеп береди. Музыка балалар сезимине күшли тәсир ете алыўы менен бирге, оларды гөззаллық әлемине алып киреди»[6] .Ҳақыйқатында да биз музыкасыз турмысымызды көз алдымызға келтириў қыйын. Ол инсан шаршаған ўақтында, шаршағанды шығарып, кейпиятты көтереди, заўықландырады. Сондай-ақ, «Музыканың бала раўажланыўына унамлы тәсир ететуғынлығы илимпазлар тәрепинен әлле қашан дәлийлленген.

Ҳәзирги ўақытта балалар ушын арналған арнаўлы музыка мектеплери бар болып, көплеген талантлы жасларды тәрбиялап шығармақта. Әлбетте, ҳәр бир бала талантлы сазенде бола алмаўы мүмкин, бирақ музыкалық тәрбияны балаға ерте жастан, илажы болса ана қарнынан баслап-ақ баслағанымыз мақул». Балаларды ҳәзирде жас әўладларымызды ҳәр тәреплеме жетик етип тәрбиялаўда имканиятлар есиги ашық. Мақалада келтиргениндей музыка мектеплериниң ашылыўы да елимизде мәденияттың раўажланыўында тийкарғы басқыш сыпатында алып қараўымызга болады.

«Илимпазлардың изертлеўлерине қарағанда, бала туўылмай турып еситкен наманы туўылғаннан соң да айырып, таный алады екен.

---

[6] А.Омарова. «Устаз жолы» 2012-ж, №3, 14-январь.

Көпшилик ата-аналарды қызықтыратуғын сораў бул әлбетте, балаға музыкалық тәрбияны неше жастан баслап бергенимиз мақул деген сораў болып табылады»,- деп бул сораўға жуяапты төмендегише келтиреди.

«Бала ана қарнында дәўиринде-ақ болажақ ана көбирек тыныш, гармоникалық, классикалық намаларды, жанлы тәбият, куслардың сайраған, теңиздиң, булақтың сыңғырлысы хаўазын еситкени мақул. Бала туўылғаннан соң ең дәслепки музыкалық тәрбия ана ҳәййиўинен басланады. Бала ана ҳәййиўи арқалы ата-анасының меҳир-муҳаббатын сезинеди, соның менен бирге ҳәр тәреплеме раўажланады». Бала шаңарақтың қуўанышы оны туўылғаннан баслап кәмилликке тәрбиялаў ата-ананың ўазыйпасы. Ол туўылганнан оған жақсы тилеклер тилеп исм қояды, жақсы нийетлер менен ҳәййиў айтады. Сонда ғана ол перзент ата-анасының муҳаббатын кишкенелигинен сезинип, меҳрли перзент болып камалға келеди.

«Соны есте сақлаў керек, балаларға ҳеш қашан қулақ наушниклеринен пайдаланыўға болмайды, себеби, наушниклер бала еситиўине кери тәсир етип қоймастан оның нерв системасына да зыянын тийгизеди»-деп пикирин жазады автор. Бала көрген нәрсесине қызығыўшаң болатуғынын билемиз. Ал оларға пайдалы, зыянлы затларды түсиндирип айтыў лазым.

Демек бул мақала арқалы балалардың өмиринде де музыканың орны жоқары екенин және бир мәрте ядымызға саламыз. Жәмийетшилик бул адамлар топары болғанлығы ушын бир мазмундағы емес, ал бирнеше мазмундағы пикирлер болады. Сонлықтан олардың пикирлерин тыңлап, олардың пикирлеў қабилетин кеңейтип соның менен бирге пикирлерин бир жерге бирлестириўде журналистиканың орны жоқары.

**«Пикир»** рубрикасында **«Жаман иллеттен сақланып, кимлигимизди аңлайық»** мақаласы былай басланады: «Ўатанымыздың және де дүнья халықларының тарыйхый естеликлерине, үрип-әдет дәстүрлерине нәзер салсақ, жаслардың оқыў тәрбиясына руўхый ағартыўшылық қәсийетиниң сәўлеленгенлигин айкын сезиледи»[7] . Әлбетте мақала атамасында

[7] М.Сейтмереев. «Устаз жолы» 2012-ж, №6, 4-февраль

айтылғанындай, ҳәр бир жас әўлад жаман иллетлерден сақланып, кимлигимизди аңлап жетиўи лазым. Бул ушын олар тынымсыз изленислер алып барып,тәрбиялық характери жокары болған мақалалар менен танысып барыўы керек.

«Дүньяда қандайда бир арнаўлы диний оқыў орнын тамалаған мағлыўматы болмай турып, диний тәлиматтан жеке тәртипте жасырын түрде сабақ берип, диний экстремизм, сепаратизм ҳәм фундаментализм идеясы сиңдирилген, халық арасына қорқыныш келтирип шығарыўға қаратылған материалларды тарқатып, пуқаралар татыўлығын бузыў, жалахорлық пенен өсек тарқатып, жәмийетке қарсы қылмыс ислеп атырғанларда жоқ емес». Әлбетте, қандай да бир мәп негизинде сана-сезими таза болған жас әўладты өзлериниң ағымына тартатуғынларда бар. «Ҳәзирги ўақытта динди өз мәпине пайдаланыў даўам етип, гей биреўлер араб имласындағы жазыўларды оқыў, жазыў саўатлылығына ийе болмай, мазмунын терең түсинбей халықты, сондай-ақ жасларды ҳәр түрли ағымға, диний экстремист шөлкемлерге баслап атырғаны сыр емес». Бирақ жеке мәп негизине қурылған бундай идеялар, бизиң елимиздиң билимли жасларының санасына тез зыян жеткериўи қыйын. Себеби бизиң елимиздиң жасларының интеллектуаллық қабилети жоқары. Авторымыз айтады:

«Бирақта, бизлер ушын уллы ата-бабаларымыздың, Президентимиздиң руўхый азық бериўши, бахытқа жетеклеўши мийнетлери бүгинги күн ушын тарыйхий, мәдений естелик болып қалмастан, булардан хабардар болған жаслар ҳәр тәреплеме руўхый жетик, Ўатан ҳәм миллет мәпине хызмет етиўши кәмил инсан болып, бүгинги күнимиз қәдирин, мазмунын өзлигимизди тереңирек аңлап алыўымызға жәрдем береди». Әлбетте Президентимиз өзиниң ҳәр бир мийнетинде елимиздиң шешиўши күши болған жасларды қоллап-қуўатлаў, оларды бир мақсет жолында бирлестириўде, билим алыўында ҳәр тәреплеме шәраят жаратылғанлығы ҳаққында да айтып өтеди. Оларды руўхый жақтан жетик, жоқары мәнаўиятлы етип, жасларымызды тәрбияласақ елимиз келешеги буннан

былай да алға қарай раўажланып барады. Усы мазмунда жазылған мақала арқалы автордың жәмийетшиликке айтажақ пикирлерин билемиз.

**«Пикир»** рубрикасында **«Сөйлеў мәдениятын үйретсек…»** мақаласында: « Ата-бабаларымыздан қаншадан-қанша даналық сөзлер, нақыл-мақаллар мийрас болып қалған. Неге енди, күнделикти турмысымызда усылардан орынлы пайдаланып, бир-биримизден жақсы сөзлеримизди аямай, жыллы мүнәсибетте болып, балаларымызға өрнек болмаймыз. Әсиресе, өсип китырған жасларымызға жақсы-жақсы сөзлерди айтып, оларды әдепли, мәдениятлы сөйлеўге үйретейик»[8] -деп автор шырайлы сөйлеўдиң тәрепдары екенин айтады. Соның менен бирге автор әтираптағы жүз берген қубылысқа сын көзқарасын билдиреди ямаса былайынша баян етеди: «Жақында ғана бир ўақыяның гүўасы болдым. Қала ишиндеги жөнелис бойынша жүрген «Дамас» автомашинасына оқыўшы бала келип минди, шамасы 3-4-класс болса керек. Соң жолдан және бир апай да минди. Ол жанағы баланы ийтерип жиберип, «муштай болып саған отырмаганда не» деп сөйленди. Бул жерде жасыүлкен апаның орынсыз ҳәрекети бираз ренжитти. Оның орнына баладан жақсы сөзин аямағанда, әдепли, мәдениятлы сөйлеўди үйреткен болар еди». Ҳақыйқаттанда биз қайсы орында болмайық әтираптағы ҳәр бир инсан менен сөйлеў мәдениятында, ҳәрекетлеримизге итибарлы болыўымыз дәркар. Автор: «Себеби, басқаға қандай мүнәсибетте болсақ, ол да саған сондай мүнәсибетте болады. Өсип киятырған жас әўладқа жақсы, мағаналы, мәдениятлы сөйлеўди үйретсек, ўазыйпамызды орынлаған боламыз»-деп пикир билдиреди. Мақалада орынлы пикирлер айтылған. Ҳәр биримизге кишкенелигимизден жасы үлкенге ҳүрмет, ал жасы кишиге иззетте болыў сыяқлы адамгершиликке тән болған пазыйлетлерди санамызға қәлиплестирген. Сонлықтан жоқарыда келтирген мысалда жасы үлкенниң кишкене балаға болған мүнәсибети, орынсыз.

Жәмийетлик пикирлердиң баспасөзде шөлкемлестирилген рубрикаларда орын алып атырғаны газетаның жетискенлиги есапланады.

---

[8] М.Төлегенова «Устаз жолы» 2012-ж, №5, 28-январь.

Оқыўшыларға хызмет етип атырған ҳәр басылымның мақсети, ўазыйпасы болады. Биз бунда «Устаз жолы» газетасы жәмийетшиликти миллийликке, қәдириятларымызды тереңнен үйретиўге ҳәрекет етип атырғанын газетаны гүзетиўимизден-ақ билемиз. Демек, билимилендириў тараўының газетасы өзиниң мақсети,ўазыйпасы ҳәм тийкарғы бағдары менен жәмийетшилик арасында жоқары орында турады.

**Жуўмақлаў**

Питкериў қәнигелик жумысымызда жәмийетлик пикирдиң қәлиплесиўинде журналистиканың орнын үйренип, басылымлардағы мақалаларға анализ жасадық. Ғалаба хабар қураллары жәмийетшиликке хизмет етеди. Олардың ҳәр бир тараўының жәмийетшилик арасында тутатуғын орны айрықша. Тараўлардың уқсаслық тәрепи аудиторияны тийкарғы информациялар менен тәмийнлеп барыўшы тийкарғы дерек. Жәмийетшилик қай жерде, қандай ўақыя, ҳәдийсе болғанын ғалаба хабар қураллары арқалы анық мағлыўматқа ийе болады. Соның ишинде әтираптағы ҳәр қыйлы қубылысларға, ҳәдийселерге пикирлерин билдириўинде газета халық минбери саналады. Газетаның аудиториясы кең болыўы менен газета-оқыўшы-газета арасында тығыз байланыс орнатыў баслы мақсетлериниң бири. Сол тийкарда газета бетлеринде редакция жәмәәти тәрепинен шөлкемлестирилген рубрикалардың орны әҳмийетли. Бул рубрикаларда жәмийетшиликтиң пикири сәўлелениўи нәтийжесинде, пикирлер қәлиплесип барады. Газеталарда рубрикалар саны әдеўир, олардың ишинен биз жәмийетлик пикирлерди сәўлелендирген рубрикаларды таңладық ҳәм анализ жасадық. Олардың атамаларына тоқтап өтетуғын болсақ: «Пикир», «Оқыдық пикир айтамыз», «Менде пикир бар», «Пикир жастан шығады», «Мүнәсибет», «Қулақ-қағыс», «Тойлар ҳаққында ойлар», «Және де дәстүрлер ҳаққында», «Тойлар ҳаққында ойлар» рубрикалары.

Атап көрсеткен рубрикаларда жәмийетшиликтеги әҳмийетли мәселелер сәўлеленген. Дерлик, бул рубрикалар биз үйренген «Еркин Қарақалпақстан», «Қарақалпақстан жаслары», «Устаз жолы» газеталарында ушырасады.

Соның ишинде «Еркин Қарақалпақстан» газетасында, елимиздеги миллий дәстүрлер ҳаққындағы пикирлер, нәрестелерге исмлер таңлаўға болған мүнәсибетлер, инсаныйлық пазыйлетлер ҳаққындағы пикирлер орын алған.

Сондай-ақ, «Қарақалпақстан жаслары» газетасы жасларымыздың жәмийетлик-сиясый газетасы есапланады. Бул газетаны жас әўладлардың жеке ҳәм улыўмалық пикирлерин анық жеткере алыўында оларға таяныш болатуғын бағдарлардың бири сыпатында алып қараўымызға болады. Сол көзқарастан жаслардың пикирлерин тыңлап, оларға турмыслық ўақыяларды жеткериў менен тәрбиялық характери жоқары болған басылым. Газетадағы мақалаларда жәмийетлик пикирлер ҳәм жасларға арналған темаларда материалларды үйрениў нәтийжесинде оларды талықладық. Газетадан орын алған жаслардың пикирлерин билдириўинде рубрикалардың әҳмийети, жаслар газетасында исмлерге болған мүнәсибетлер, тойлардағы айырым дәстүрлерге шек қойыўда жәмийетшиликтиң орынлы ҳәм сын пикирлери, сондай-ақ, «Дөңгелек стол» әтирапында сәўбетлескен темалардың әҳмийетин үйренип бардық..

«Устаз жолы» газетасы - аудиторияны миллийликке тәрбиялаўда үлес қосып киятырған тараўлық газеталардың бири. Газета билимлендириў тараўының жетискенликлери ҳәм тәрбиялық әҳмийети жоқары мақалалары менен өз оқыўшыларына ийе. «Ақылы кәмил илими зор, билимли ел болмайды қор» ураны астында шығатуғын газета жәмийетшиликке пикир oята алатуғындай рубрикалар шөлкемлестирген. Жәнеде, сыртқы авторлардың пикирлериде газета бетлеринен орын алған. Бул газетадағы хизметкерлер менен олар шөлкемлестирген рубрикаларда жәмийетлик пикирлердиң сәўлелендирилип барылыўы арқалы унамлы нәтийжелерге ерисип атырғанын айтыўға болады.

Қарақалпақ баспасөзи жәмийетшиликке пикирлер пайда ететуғын қызықлы, мазмунлы, актуал темаларды алып шығып атырғаны бизге мәлим. Солардың ишинде: «Шаңарақ көтериў ҳәм оның беккемлиги халқым деген мәмлекет, елим деген халықтың уйғынлығында» атамасындағы

Ш.Уснатдиновтың публицистикалық мақаласы, «Тойлар қәдириятларымыз айнасы оларда унамсыз иллетлерге шек қояйық!» атамасындағы К.Реймовтың мақаласы, А.Турекееваның «Той тойдай болсын… деп айырым заманласларымыздың дәбдебепаразлыққа берилип, көп шыгынға қалып, артықша ысырапкершиликке жол қойып атырғанлықлары ҳаққында» ғы мақаласы, Н.Мәмбетырзаеваның «Өзимизге пайдалы тәрепин қабыл етсек…» мақаласы, Г.Тәжетдинованың «Пулда битиклер бар» мақаласы, Ш.Пахратдинованың «Қызыңның атын ким қойдың?» мақаласы, С.Төремуратовтың «Атымызға ылайық…» мақаласы, Р.Исаков, М.Нызанов, Ж.Нызаматдиновалардың бир темаға жазылған ҳәр қыйлы пикирлери ямаса «Суў қуйыў қандай дәстүр?» атамасындағы мақалаларды айтып өтиў орынлы.

Демек, жәмийетлик пикирлерди қәлиплестириўде журналистиканың орны әҳмийетли екенин көриўимизге болады. Онда минталитетимизге жат болған ҳәрекетлердиң кирип келиўи, унамсыз қубылыслардың ҳәўижге шығып кетиўиниң алдын алады. Жәмийетшиликке туўры жол-жоба ҳәм бағдарлар берип отырады.

Жуўмақлап айтқанда, Қарақалпақстан баспасөзинде жәмийетлик пикирди кәлиплестириўде қәлиплескен дәстүр бар.Бул турақлы рубрикаларда сәўлеленген.

Екиншиден, жәмийетлик пикирди усыныўда журналистлер бир қанша белсендилик көрсетпекте.

Үшиншиден, газеталардағы «Пикир». «Оқыўшы пикир айтады» рубрикалары арқалы газета оқыўшыларының пикири берилген.

Төртиншиден, «Еркин Қарақалпақстан» газетасында жәмийетлик пикирди жәмлеўши төмендеги рубрикалар бар: «Тойлар ҳаққында ойлар», «Және де дәстүрлер ҳаққында», «Жеке пикир». «Қәнийгениң пикири», «Кулақ қағыс», «Оқыўшы ой салады». «Телевидение ҳәм тамашагөй», «Сиз буган не дейсиз», «Тцрмыс толкынысларынан туўылған пикирлер». «Қарақалпақстан жаслары» газетасында жәмийетлик пикирлер ушын

төмендеги рубрикалар хызмет атқарады: «Мийрас», «2012-жыл-беккем шаңарақ жылы», «Пикир», «Пикир жастан шығады», «Мениң пикирим», «Мүнәсийбет», «Жәмийет ҳәм жаслар», «Келиң ойласайық», «Оқыдық пикир айтамыз». Ал «Устаз жолы» газетасында болса жамийетлик пикирлерди жәмлеўши рубрикалар «Пикир», «Менде пикир бар», «Мүнәсийбет», «Оқыдық пикир айтамыз», «Келиң пикирлесейик», «Қулақ-қағыс» болып табылады. Көринип турганындай жәмийетлик пикирди газеда жайғастырыўда «Еркин Қарақалпақстан» ҳәм «Карақалпақстан жаслары» газеталары дөретиўшитлик қатнас жасай алған.Демек. халықлық трибуна ушын кең имканиятлар есиги ашық..

Бесиншиден,жәмийетлик пикирди шөлкемлестириўде күнниң әҳмийетиндеги темаларды таба алыўы менен әҳмийетли. Сонлықтан, газета халықлық трибуна хызметин атқарып келмекте.

**Пайдаланылған әдебиятлар**


1. Ислам Каримов Ўзбекистон Республикаси Президенти
   Islam Karimov-President of the republic of Uzbekistan
   Ислам Каримов- Президент Республики Узбекистан
   Тошкент - Tashkent – Ташкент 2013
2. Karimov İ.A. O’zbekiston dunyo xaritasida oziga munosib joy oldi. // O’zbekiston mustaqillikka erishish ostonasida. / İ.A. Karimov. — T.: «O’zbekiston» NMİU, 2011.
3. Karimov İ.A.O’zbekiston mustaqillikka erishish ostonasida. — T.: «O’zbekiston» NMİU, 2011.
4. Karimov İ.A. O’zbekiston - kelajagi buyuk davlat. T.: «O’zbekiston». 1992. 62 bet
5. Каримов И.А. Өзбекистан XXI әсир босағасында: Қәўипсизликке қәўиплер, турақлылық шәртлери ҳәм раўажланыў кепилликлери Н. «Қарақалпақстан» 1998.
6. Каримов И. Жоқары мәнаўият-жеңилмес күш Т. «Ma’naviyat» 2008
7. Каримов И.А. «Энг асосий мезон ҳаёт ҳақиқатини акс эттириш» Тошкент «Ўзбекистон» 2009.
8. Каримов И.А. «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў консепсиясы», «Еркин Қарақалпақстан» 2010-жыл 16-ноябрь
9. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. Тошкент «Ўзбекистон» нашриёт матбаа ижодий уйи 2008.
10. Абдуқаҳҳор Иброҳимов, Хайриддин Султонов, Нарзулла Жураев. Ватан Туйғуси. Т-«ЎЗБЕКИСТОН»-1996.
11. Муминов Ф. Журналистика-ижтимоий институт сифатида. Т., 1998.
12. Назира Абдуазизова Миллий журналистик тарихи I. «Шарқ» Нашриёт-матбаа акциядорлик компанияси бош тахририяти Т-2008.
13. Назира Абдуазизова Миллий журналистик тарихи II. «Шарқ» Нашриёт-матбаа акциядорлик компанияси бош тахририяти Т-2008.

14. Репортёрлик фаолиятининг назарияси ва амалиёти (ўқув қулланма ).
15. Қосимова Н, Тошполатова Н, Шофоайзиева Н. Муратова Н. Босма оммавий ахборот воситалари таҳририятлари учун қулланма. Т.2008.
16. Уснатдинов Ш. Журналистикаға кирисиў Н «Қарақалпақстан» 2009.
17. Бекбаўлиев Д. Газета қалай шығады? Н «Билим» 2011.
18. Ғалаба хабар қуралларының раўажланыўының әҳмийетли мәселелери Н – 2013

**Қосымша әдебиятлар**

1. Турекеева А. «Еркин Қарақалпақстан» 2012-жыл 5-апрель №42
2. Өтамбетова Қ, Сапарниязова А. «Еркин Қарақалпақстан» 2012-жыл №65, 31-май
3. Жалғасов Т. «Еркин Қарақалпақстан» 2012-жыл 13-ноябрь №135
4. Ержанова И. «Еркин Қарақалпақстан» 2012-жыл 24-ноябрь №140
5. Нарбаева А. «Еркин Қарақалпақстан» 2012-жыл 5-апрель № 42
6. Султанов А. «Еркин Қарақалпақстан» 2012-жыл 6-октябрь №119
7. Шамуратова Г. «Еркин Қарақалпақстан» 2012-жыл 15-декабрь №150
8. Хабибуллаев П. «Еркин Қарақалпақстан» 2012-жыл 29-ноябрь №142
9. Арзиев Р. «Еркин Қарақалпақстан» 2012-жыл 12-июнь №7
10. Уснатдинов Ш. «Еркин Қарақалпақстан» 2012-жыл 25-август №101
11. Мәмбетырзаева Н. «Еркин Қарақалпақстан» 2012-жыл 6-октябрь №119
12. Реймов К. «Еркин Қарақалпақстан» 2012-жыл 23-март №37
13. Ханиязов З. «Еркин Қарақалпақстан» 2012-жыл 15-декабрь №151
14. Абдиниязова З. «Қарақалпақстан жаслары» 2011-жыл 10-февраль №7
15. Мәмберырзаева Н. «Қарақалпақстан жаслары» 2011-жыл 23-август №36-37
16. Турымбетова З. «Қарақалпақстан жаслары» 2011-жыл 27-январь №5-6
17. Халмуратов Б. «Қарақалпақстан жаслары» 2013-жыл 23-январь №5-6
18. Юлдашева Н. «Қарақалпақстан жаслары» 2012-жыл 9-февраль №6
19. Нуржанова Ҳ. «Қарақалпақстан жаслары» 2012-жыл 26-январь №4-5

20. Пахратдинова Ш. «Қарақалпақстан жаслары» 2012-жыл 8-март №10-11
21. Қошанова О. «Қарақалпақстан жаслары» 2012-жыл 3-май №19
22. Турекеева А. «Қарақалпақстан жаслары» 2013-жыл 28-февраль № 11-12
23. Айымбетова Д, Дәўлетмуратов П. «Қарақалпақстан жаслары» 2013-жыл 4-апрел №17
24. Байлепесова Т. «Қарақалпақстан жаслары» 2013-жыл 11-апрел № 18-19
25. Турекеева А. «Қарақалпақстан жаслары» 2012-жыл 5-июль № 29
26. Сулайманова М. «Қарақалпақстан жаслары» 2012-жыл 12-июль № 30
27. Турекеева А. «Қарақалпақстан жаслары» 2013-жыл 14-февраль № 9
28. Атабаев Б. «Қарақалпақстан жаслары» 2013-жыл 9-март № 14
29. Пазылов А. «Қарақалпақстан жаслары» 2012-жыл 31-май №27
30. Рейпназоров Қ. «Устаз жолы» 2012-жыл 21-январь № 4
31. Ерниязова Ш. «Устаз жолы» 2012-жыл 21-июнь № 28
32. Төремуратов С. «Устаз жолы» 2012-жыл 21-январь № 4
33. Жақсымуратова А. «Устаз жолы» 2012-жыл 18-октябр №43
34. Атажанова У. «Устаз жолы» 2012-жыл 21-июнь № 28
35. Тажетдинова Г. «Устаз жолы» 2012-жыл 21-январь № 4
36. Исаков Р, Нызанов М, Нызаматдинова Ж. «Устаз жолы» 2012-жыл 21-июнь № 28
37. Елмуратов Ч. «Устаз жолы» 2012-жыл 9-май № 22
38. Төлегенова М. «Устаз жолы» 2012-жыл 28-январь № 5
39. Сейтмереев М. «Устаз жолы» 2012-жыл 4-февраль № 6
40. Омарова А. «Устаз жолы» 2012-жыл 14-январь № 3